

INTAMBUKO KU YINDI DUSHIKIRE
IVUGURURA
MU VYA MPWEMU

*Kuba wuzuye
Mpwemu Yera*

HELMUT HAUBEIL

UMWAMI WACU UBWIWE YARATANZE
ITEGEKO :

NI MWUZURE MPWEMU
YERA UMUSI KU MUSI
KUNDI GUSHA

INTANGAMARARA

INTAMBUKO KU YINDI DUSHIKIRE IVUGURURA MU VYA MPWEMU

Kuba wuzuye Mpwemu Yera

*Ni iyihe mpamvu yatumye bukwi na bukwi nasubiye kwitaho
kandi nshimitse ivy'ubuzima burimwo Mpwemu Yera.*

Igenekerezo rya 14 Myandagaro 2011 mu gihe nari natembereye mu gihugu c'Ubuswise, natahuye mu buryo bwihuta ikintu c'ingira kamaro cane. Natahuye impamvu dutakaza igice kimwe c'urwaruka rwacu, nakubiswe n'inkuba. Niyumviriye kubana banje no ku buzukuru banje. Kuva ico gihe niyumviriye cane kuri ico kintu.

Sinkekeranya ko hariho impamvu imwe gusa yinyegeje inyuma y'ingorane nyinshi muziduhanze, zaba ingorane z'umuntu ku giti ciwe, zaba ingorane z'ishengero ry'intango, canke ingorane z'Ishengero ku rwego rw'isi. Ni ukubura Mpwemu Yera.

Namba vy'ukuri iyo ariyo mvo y'ingorane zacu dutegerezwa guhangana nazo mu buryo bwihutirwa. Mu gihe twashobora gukuraho inkomoko y'ingorane zacu canke nibura tukayigabanya mu buryo buboneka, nyinshi mu ngorane zacu zotorerwa umuti canke zikazimangana.

Abandi bantu bavugiki kuvyerekeye ubwo bukene?

- ✓ **Emil Brunner** (théologien de l'église réformée): Yanditse ko Mpwemu Yera « yamye ibihe vyose yirengagizwa n'abize ivyiyobokamana. »
- ✓ **D.Martin Lloyd-Jones**: “Namba munyemereye ko nshikiriza icyumviro canje mumwidgegemvyo, novuga ko muri kahise no muri kubu, nta kindi kintu cerekeye ukwizera kw'abakristo cirengagijwe nka Mpwemu Yera .Sinkekeranya ko iyo ariyo mpanvu y'intege nke ziranga ukwizera kw'abavugabutumwa.”
- ✓ **LeRoy E. Froom**: “Sinkekeranya ko ukubura Mpwemu Yera ariyo ngorane isumba izindi zose dufise.”

- ✓ **Dwight Nelson:** “Ishengero ryacu ryaratunganije imero, imigambi n’integuro z’igitangaza gushika n’aho baruha, ariko nitudahereza kwemanga ukunanirwa kwacu mu vya Mpwemu- ubukene bwa Mpwemu Yera- bwafashe benshi mu ba Pasitori bacu no mu bayobozi bacu, nituzokwigera turengana imigenzo twamamwo”
- ✓ **Garrie F.Williams:** “Mu buzima bwa misi yose bw’abadventiste benshi, no mu buzima bw’ishengero bafata igikorwa ca Mpwemu Yera minenerwe,nk’aho kidakenewe cane- Kandi rero – ubiravye niwe yari umushinge w’ubuzima rukristo burimwo umunezero, bwo kwipfuzwa kandi ngira kamaro.”
- ✓ **A.W.Tozer:** Hamwe Mpwemu Yera yokurwa mw’Ishengero uyu musu, ibice 95% vy’ivyo dukora vyobandanya kandi ntan’umwe yobona icahindutse. Ariko iyo Mpwemu Yera aza gukurwa mw’Ishengero ry’Intumwa, ibice 95% vy’ibikorwa vyabo vyar guhagarara kandi abantu bose bari guca babona ko hari icahindutse.”

IGICE CA 1

AKAGANUKE KARUTA UTUNDI KA YESU

N'iki Yesu yigisha ku vya Mpwemu Yera?

Mwoba muzi ubutumwa bukarishe cane bwa Yesu?

Ni ikihe gikorwa ca Mpwemu Yera?

Kuki dukeneye ubufasha kugira ngo duhindure kamere?

Gusubira ku « Rukundo rwa mbere »: Umwigeme umwe yaranditse ati: Ndi kumwe n'umugenzi twigiye hamwe ku ncuro ya gatatuigitabo imisi 40 yo kwiherera no gusenga kugira twitegurire ukugaruka kwa Yesu (Canditswe na Dennis Smith), tugifatanya n'agatabo Intambuko ku yindi dushikire IVUGURURA mu vya Mpwemu. Imbere y'uko dusoma izo nyandiko ubuzima bwacu mu vya Mpwemu n'amasengesho yacu ntiyari akiri nk'uko yari mu ntango. **Twahuzagizwa nokwongera kuronka « urwo rukundo rwa mbere ».**Kandi twararuronse! Turabishimira Imana n'umutima wacu wose. N'ivy'igikundiro kubona ingene Data w'urukundo yishura amasengesho yacu kandi akatwereka ingene Mpwemu wiwe akora ku neza yacu ndetse no ku neza y'abo bose bafata akanya ko gusengera. M.S.

Yesu arinjira: Uwundi muntu yaranditse kubijanye n'iyi nkuru: "... yanzaniye imihezagiro nari maze igihe kirekire ndindiriye. Jewe na mushiki wanjye dusengera hamwe, twari nk'abandi bene Data na bashiki bacu. Hari ico twari tubuze mu buzima bwacu muvya Mpwemu. Hanyuma twumvise **ko Yesu yinjiye mu buzima bwacu** kandi ko yatanguye kuduhindura. Abandanya kubikora kandi intambuko ku yindi adukwegera vyimazeyo kuriwe. **S.K**

Mbega abigishwa ba Yesu baribajije icashoboje Yesu kugira ubwaku buhambaye ku bandi? Yoba yabishoboye n' ubuzima bwiwe bw'amasengesho? Baramusavye bati: « Mwami twigishye gusenga » Kandi Yesu yarishuye igisabo cabo.

Inyigisho yiwe kw'isengesho dusanga muri Luka 11:1-13 ifise ibice bitatu:

Isengesho rya Data wa Twese, Umugani w'incuti yaje gusaba, hamwe rero n'indunduro yo gusaba ushimitse ngo uronke Mpwemu Yera.

Mu mugani (Umurongo 5-8), umuntu yakiriye umushitsi mw'ijoro rinini kandi ntaco yari afise co guha uwo mushitsi. Mur'ubwo bukene bwiwe arirukanga aja kuraba umubanyi wiwe. Aramubwira ati: « Nta kintu mfise » kandi amusaba umutsima. Yarashimitse gushika aho aronkeye umutsima. Ubu rero arafise umutsima- umutsima w'ubugingo- bwiwe bwite n'uwumushitsi. Arafise umutsima afungura kandi arashobora no gutanga.

Ikindi kandi, Yesu arerekana isano hagati y'uwo mugani (ingorane: Nta kintu mfise) n'igisabo kugira ngo turonke Mpwemu Yera, agira ati: « Ni co gituma Nanje ndababwira: "Musabe muzohabwa » (Luka 11:9) uwo murongo ukurikirwa n'umuhamagaro udasanze wa Yesu:

Umuhamagaro udasanze wa Yesu: Musabe kugira ngo muronke Mpwemu Yera.

Muri icyo gisomwa ca bibiliya kidasanzwe, Umwami Yesu araduhimiriza ngo dusenge dusaba Mpwemu Yera. Nta bindi bisomwa nzi aho Yesu adutegeka gukora ikintu ashimitse cane gose. Iyimirongo iri mubigize inyigisho ziwe kw'isengesho dusanga muri Luka 11:1-13. Naracye akarongo ku majambo amw'amwe kugira ngo ngaragaze uguhimiriza kwiwe.

« Nanje ndabawira: **Musabe** muzohabwa; **murondere** muzoronka; **muramutse**, muzokwugururirwa. Kuko **usaba** wese ahabwa, uwurondera aronka, uramutsa yugururirwa. Ni nde muri mwebwe w'umuvyeyi umwana wiwe yomusaba umutsima akamuha ibuye canke yomusaba ifi akamuha inzoka? Canke yomusaba irigi akamuha sikorupiyo? None mwebwe ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu Yera abamumusavye? »

Muri iki gisomwa kigufi, Yesu akoresha incuro zitandatu irivuga « Gusaba », hanyuma asubiriza « gusaba » incuro zibiri n'irivuga ry'igikorwa « kurondera » hanyuma kandi incuro zibiri arisubiriza « gukomanga » naryo nyene ryerekana igikorwa. None ntimubona ko atwereka ko dutegerezwa kugira icyo dukora kugira ngo turonke Mpwemu Yera? Mu kigiriki irivuga « *gusaba* » ryakoreshejwe ubwa nyuma ryanditse mu mero igumye. Ivyo bisigura ko tudategerezwa gusaba rimwe gusa ariko ibihe vyose. Aha Yesu ntiyerekana gusa ko gusaba ari ikintu cihutirwa ariko kandi arindiriyeye ko igisabo cama cagizwe ubudasiba. Biciye muri ubwo butumire bushimitse, biratahuritse ko ashaka kuvyura icipfuzo cacu co kuronka Mpwemu Yera.

Dusome mu gitabo *Imigani ya Yesu*: « *Imana ntivuga ngo: "Musabe incuro imwe gusa uzoronka. Iturarikira kuyishikiriza ibisabo vyacu ntiturambirwe. Ukwo gushimika mw'isengesho kuzotuma uwusaba agira inkomezi kandi vyongereze icipfuzo ciwe co kuronka icyo asaba.* » **Les Parables de Jesus p119**

Yesu atanga uturorero dutatu kugira ngo agaragaze ko no kubavyeyi ba hano kw'isi kandi b'abanyavyaha, bidashoboka ko bokwiyumvira guha ibibi abana babo nk'inyishu ku bisabo vyabo. Yesu ashaka kutwereka ingene ataho vyova ngo Data wo mw'ijuru yanke kuduha Mpwemu Yera mu gihe tumumusavye. Yesu ashaka ko twizera tudakekeranya ko tuzoronka Mpwemu Yera igihe cose tuzomusaba. Twishimikije iri sezerano nk'uko biri no kuyandi yose, dushobora gusaba Mpwemu Yera kubwo kwizera, tuziko ivyo twasavye tubironka. (1Yohana 5:14; turabe kandi n'igice ca gatanu)

Ubu butumire budasanzwe butwereka ko Yesu adakekeranya ko hari ico tubuze kandi c'ingenzi mugihe tutosaba ubudasiba ngo twuzuzwe Mpwemu Yera. Adutahuza neza uko bigenda kwose ko dukeneye Mpwemu Yera. Ashaka ko turonka ubudasiba imihezagiro yimbitse ya Mpwemu Yera.

Ico gisomwa cigisha kw'isengesho ikintu gihambaye cane. Mpwemu Yera ni impano y'Imana iruta izindi, impano ihetse izindi zose. N'akaganuke k'igicro katagereranywa, Yesu aha abigishwa biwe, ikimenyamenya kigaragara c'urukundo rwiwe. Niyumvira ko ntaworinda kwiruka inyuma y'abantu ngo abategeke kwakira akaganuke nk'ako. Imana igaha abo bose beguriye ubuzima bwabo Yesu, abo bose babayeho ubuzima bwo kumwihebera bakaguma muri we. (Yohana 15:4) Ukwitanga nk'ukwo kwiyerekana mu buryo bw'ishuri:

- Kurondera Imana (« uwufise inyota »- Yohana 7 :37)
- Kwizigira Imana (« unyizera »-Yohana7 :38)
- Kugamburukira Imana muri vyose kubwo kuyizera (« mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima, vyera bishimwa n'Imana, nikwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi »- Abaroma 12 :1)
- Gukurikira Imana muri vyose (« abayumvira »- Ivyakozwe 5 :32)
- Guheba inzira zawe ugakurikira inzira z'Imana no kuyatura (« Ni mwihane, umuntu wese muri mwebwe abatizwe mwizina rya Yesu Kristo. »- Ivyakozwe 2 : 38)
- Kutagira imigambi mibi (« Iyaba nari nshize umutima wanje kuvyo kugabitanya Umwami Mana ntaba yaranyumviye. »- Zaburi 66 :18)
- Gutahura no kwatura ubukene bwacu (« Nta kintu mfise »- Luka 11 :6)
- Gusaba ubudahumeka ngo turonke Mpwemu Yera. (Luka 11 : 9-13)

Iyo turavye ico Imana itwitezeko, mbega ntiduca tubona neza agaciro k'ako kaganuke? Iyo turavye ivyo dusabwa nk'uko vyadondagawe aho hejuru, kumbure duca tubona agahaze muri twebwewe. Ni co gituma nize akamenyero ko gusenga buri musu kugira ngo ndonke inyota ya Mpwemu Yera, nk'uko biri muri Yohana 7 :37 : « Namba hari ufise inyota naze kuri jewe anywe. »

Turashobora gusenga : « Mwami Yesu, ndemeye ntiziganije ibisabwa kugira ngo ndonke Mpwemu Yera. Ndagusavye ubu nyene, ndetse uyu musu, kugira ngo nkwise ibisabwa muri je. » Imana yacu nziza iradufasha no mukuturonsa ivyo bikenewe ngo turonke Mpwemu Yera.

Mpwemu Yera ni isoko y'ubuzima busagutse.

Kubwa Yesu ubwiwe, ni iyihe mpamvu yatumye aza kw'isi? Avuga ati: « *Jewe nazanywe no kugira ngo baronke ubuzima, kandi ngo babaronke busagutse.* »(Yohana 10:10)

Yesu ashaka ko tugira ubwo buzima bushasha uherye ubu nyene kandi ko inyuma yo kugaruka kwiwe, tuzobubemwo mu buryo burushiriza kuba bwiza, ibihe vyose kandi mu bwami bw'Imana.

Ikigeretseko atwereka ko Mpwemu Yera ari isoko y'ubwo buzima busagutse: « *Namba hari ufise inyota naze kuri jewe anywe! unyizera inzuzi z'amazi y'ubugingo zizotemba*

ziva mu nda yiwe nk'uko ivyanditwe bivuga. ivyo yabivuze kuri Mpwemu Yera. »(Yohana 7:37-39)

Mbega ako s'akarorero katavuguruzwa k'ubuzima busagutse; inzuzi z'amazi meza zitemba?

Yesu yoba yaraduhaye akarorero mu buzima bwiwe hano kw'isi?

Turazi ko Yesu yasamweinda biciye mu gikorwa ca Mpwemu Yera kuri Mariya (Matayo 1:18) Turazi ko Yesu yasenze amaze kubatizwa kandi ko «Mpwemu Yera yamumanukiyeko afise ishusho y'inuma» Luka 3:22. None vyari ngombwa kandi vy'ingirakamaro kuri we kuronka Mpwemu Yera ku musu ku musu ukundi gusha. Nsubiremwo ivyo E.G. White:

« Buri gitondo, Yesu yama avugana na se wo mw'ijuru. Buri musu, yaronka umubatizo mushasha wa Mpwemu Yera. » (**Signs of the Times, Nov. N°21 1895**)

Mu gitabo c'Ivyakozwe n'Intumwa, dusoma ibi bikurikira: "N'indemesho y'agaciro kanini ku mukozi w'Imana kumenya ko Kristo ubwiwe mu buzima bwiwe hano kw'isi yasaba Se wiwe umusu ku wundi Ubuntu yari akeneye." **EG White Conquerants pacifiques.p50**

Yesu Kristo yaraduhaye neza na neza akarorero. Turabaza tuti: Namba Yesu yarakeneye Mpwemu Yera buri musu mu buryo bushasha, mbega ntibirushiriza kuba ivyihutirwa kuri mwebwe nanje?

Intumwa Paulo yaratahuye neza cane ukwihanikiriza kwa Yesu Kristo. Yemeza ko abizera b'Ishengero rya Efeso bashizweko ikidodo ca Mpwemu Yera igihe bihana (Efeso 1:13). Mu Abanyefeso 3: 16, abahamagarira kugira inkomezi muri Mpwemu Yera. Mu gice ca 4:30 arabihanikiriza ngo: "Ntimubabaze Mpwemu Yera w'Imana". Nk'intumwa ibushitse, abwira abanyefeso. Abanyefeso 5:18 – kandi natwe niko atubwira ati: « **Mwuzure Mpwemu Yera** » canke « **ni mureke imisi yose mwuzure Mpwemu Yera kundi gusha.** » (**Editeur Werner Lange, Unser grösstes Bedürfnis, p42**).

Turabona ko nubwo twoba twakiriye Mpwemu Yera mu gihe co guhinduka kwacu, turakeneye kuvugururwa ku musu ku musu. Kugira ngo ubuzima bwa Mpwemu bw'umukristo butere buja imbere, n'itegeko kuri twebwe ngo twuzure Mpwemu Yera ku musu ku musu.

Mu « *Ndongozi yo kwiga Bibiliya* » yavugaga ku gitabo c'Abanyefeso 5:18, dusoma ngo: « *Umubatizo wa Mpwemu Yera usigura iki? mu vyakozwe n'intumwa 1:8, Yesu ubwiwe arabisigura akoresheje imvugo nsanisha. « Mwarabatijwe na Mpwemu Yera ».* (Ivyakozwe n'Intumwa 1:5) *Muzoronka ubushobozi « Mpwemu Yera ni yabazako.* » (Ivyakozwe 1:8). *Kubatizwa n'ukwibizwa wese mu kintu, muri rusangi mu mazi. Biraba umuntu uko ari wese. Umubatizo wa Mpwemu Yera usigura kuba musu y'ubushobozi bwa Mpwemu Yera mu buryo bwuzuye, kuba wuzuye Mpwemu Yera mu buryo bushitse.* » (Efeso 5:18). *Si ikintu uronka rimwe gusa ngo ube uhejeje », Ahubwo n'ikintu gisaba kwama wivugurura.* » (*Indongozi yo Kwiga Bibiliya 17/7/2014*)

Amajambo ya Yesu yo gusezera hamwe na Mpwemu Yera

Mu majambo yiwe ya nyuma, Yesu yashaka gusigurira umunezero n'ivyizigiro abigishwa biwe mu kubabwira ko Mpwemu Yera azoza mu kibanza ciwe. Yaberetse igikorwa ca Mpwemu Yera muri Yohana 16: 7-14

« *Ariko jewe ndababwira ukuri: ikizogira ico kibamarira n'uko jewe ngenda. Kuko ni ntagenda, umwitsa ntazoza kuri mwebwe, ariko ni nagenda nzomubarungikira.* »

Inyishu nshasha irimwo akarusho

Yesu yabwiye abigishwa biwe ikintu gitangaje cane: “*Ikizogira ico kibamarira n'uko jewe ngenda*” Ibi bishaka kuvuga ko hari inyishu nshasha- Kuba kumwe natwe biciye muri Mpwemu Yera – nivyo birushiriza kuba vyiza kuri twe gusumba kubana nawe tumubona amaso mu yandi. Muri ubwo buryo ntagira imbibe, ariko ashobora kubana n'umwe wese aho yoba ari hose.

Umwigisha w'umukenyenzi hamwe n'umunyeshure

Wiwe bagerageje ubushobozi bw'Imana

Haraheze nk'umwaka umwe agatabo “*Intambuko ku yindi dushikire IVUGURURA mu vya Mpwemu* » ca H. Haubeil gitanzwe mw'Ishengero nsanzwe nsengeramwo. Nagasomye mu mwanya muto cane. Ntaraheza no gusoma, hari vyinshi nari maze gutangura kwumva mu buryo ntari nigeze numva mu migenderanire yanje n'Imana muri kahise kandi ivyo vyantwaye ivyiyumviro kandi bintera umwete.

Mu majambo y'inyongera baherejeko nabonyemwo amajambo agira ati: « *Ubushakashatsi bwakozwe mu vy'inyigisho bwerekanye ko ari ngombwa gusoma canke kwumva hagati y'incuro zitandatu na cumi icigwa gikomeye imbere y'uko gutahura neza.* »

Ayo majambo atera umwete ntiyigeze amva mu vyiyumviro: « *Pfa kugerageza gusa. Ibizokurikira bizogutahuza* »

Nagize umwete ngerageza kubikora, ivyakurikiye ndiko ndasoma ku ncuro ya gatatu gusa nari namaze kwumva urukundo nkunda umukiza rwiyoungereye cane. Ivyo nivyo nari nahoze ndondera ubuzima bwanje bwose. Mu mezi abiri nagisomye incuro zitandatu kandi vyari ngombwa.

Ni nk'aho nashobora kwumva uko bizoba bimeze igihe Yesu azotwegera tugashobora kuraba mu maso yiwe atuje, atunganye kandi yuzuye urukundo. Kuva ico gihe sinigeze nipfuzza kuba nohomba uwo munezero.

Kuva nikanguye numva nshaka umwanya wo kwihererana n'Imana mugatondo ngo nshobore kwongera gushikirana n'Imana kandi ku murango narasenga mu gacerere kugira ngo Mpwemu Yera arongore ivyiyumviro vyanje mugihe mvugana n'abagenzi, mu gihe niga canke nigisha.

Mu gihe umwana yarondera kwitabwaho kandi akagira inyifato ivyerekana Imana yarampa inguvu n'ubwenge kugira ngo ngire ico nkora.

Kuva ico gihe imisi yanje y'ibikorwa yaranzwe n'ukubana n'Umuremyi wanje. Amfasha muri vyose mu buzima bwanje bwa misi yose. Buri gatondo ndasenga ndetse no kumurango kugira ngo nuzuzwe Mpwemu Yera. Ni nk'aho noba negereye ijuru cane kandi nkahonja ku bwiza bwaryo.

Igihe nariko ndasoma nagize icyumviro co gusabikanya n'abanyeshure banje ivyo nari namenye. Nigisha kw'ishure rikuru ry'Abadventiste (*Collège Adventiste*) rya Elia i Lustenau muri Autriche. Nasavye Imana ngo indonse imyanya ibereye kubw'ico gikorwa.

Inyuma y'igihe gito kimwe mu bikorwa vyiza bishobora gukoreka kubw'igikorwa ca Mpwemu Yera carakoretse mu mitima y'urwaruka.

Umunyamahane w'imyaka 13 hamwe na Mpwemu Yera.

Inkuru yatanguye umwaka umwe imbere y'uko ntangura gusoma ivyerekeye Mpwemu Yera. Haje umunyeshure mushasha kw'ishure ryacu kandi haheze imisi mike gusa akazinga kacu k'amahoro kari kahindutse ikibanza c'imivurungano. Uwo muhungu yarafise ico gihe imyaka cumi n'itatu kandi niwe yarusha abandi imyaka ni nawe yarusha abandi banyeshure inguvu. Vyinshi mu mwimbu mwiza w'ibikorwa vy'umwaka w'ishure vyasa naho vyononekaye mu kanya isase.

Tumuhe ijambo: « Igihe nashika mw'ishure ryanje rishasha, sinarinzi ivyari bindindiriye. Umusi ugira kabiri umuntu yarancokoje sinamwihanganira kandi uwo muntu twahavuye tugwana. N'ubwo namurusha inguvu cane natanguye kumukubita ndamutuka sinipfuzwa kwongera kumubona mu maso yanje.

Hashize igihe nahavuye ntahura ko nakoze amakosa kandi narasavye imbabazi nk'uko kari akamenyero kanje gushika ico gihe. Hanyuma nagiranye ikiyago n'umukenyenzi yar'ayoboye ishure. Mu mezi yakurikiye hari ikintu catanguye gukoreka muri jewe. Kubona nd'umwana w'umupasitori, biratangaje kwumva ko ariho nari ngitangura ibihe nk'ivyo. Natanguye kumarana umwanya munini na Yesu. »

Niyumvira ko uyo musore yarakeneye kwitabwaho bidasanzwe. Yaremera amakosa yiwe akicuza kandi yagerageza gushika ku bintu bishasha ariko akoresheje inguvu ziwe, ntiyashobora gutsinda ishavu ryiwe kumara igihe kirekire. Mu ntango, vyashika gake ngo amare umusi ata muntu bashwanye, ariko buhoro buhoro ibintu vyatanguye kugenda neza.

Ku mpera y'amezi atandatu, yabonye ko amasengesho yari yamwegereje Imana. Hagat'aho buri gatondo yarasenga asaba Imana ngo imwongereze inkomezi zimushoboza gutsinda agatima ko gushaka gukubitana mu ntumbero yo kwigwanirira. Ibihe vyo gushavura no kugwana vyateye bigabanuka. Ku mpera y'amezi cumi na kumwe yamazwe iwacu, yari yarushirije kumera neza. Nubwo vyari bimeze uko ntiyari bwashike kurugero rwo gutsinda burundu ishavu ryiwe. Amajambo mabi ndetse rimwe na rimwe n'ugukubitana. Vyari muri we- yagerageza kubitsinda akoresheje inguvu ziwe n'ivyiyumviro vyawe kand'ivyo haraho vyagenda neza ahandi bikagenda nabi. *Isengesho ryacu hari ico ryakoze ariko inyifato ntirabanziza cane, ntararonka ubushobozi bwa Mpwemu Yera.*

Bimaze iki kwemera ikosa kandi ukagerageza gutsinda ishavu hanyuma ukongera kukubitana? Igihe natahura ko ngeze aho ntashobora gutahura, naronse ka gatabo namaze kuvuga- cari igihe kibereye. Nahavuye ntahura ko hari ico twari duhajije. Ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ntan'ubwo twari twigeze tumusaba kudufasha!

Kubera ko jewe ubwanje nari nakozweko n'ubutumwa bw'Intambuko ku yindi ngo dushikire ivugurura mu vya Mpwemu, Nagize ishaka ryo kubaza uwo musore namba yarigeze asaba kuronka Mpwemu Yera. Yanyishuye ko atarigera abikora. Naciye ngerageza kumukundisha ka gatabo. Ariko sinakamuhaye. Nashaka ko akigoro ko kukaronka kova muri we ubwiwe. Bidatevye yarakansavye.

Ni mwumve amajambo we nyene ubwiwe yivugiye: « Mu kwezi kwa Munyonyo 2012, umwigisha wanje yampaye agatabo 'Intambuko ku yindi dushikire ivugurura mu vya Mpwemu'. Natanguye kugasoma n'umunezero mwinshi. Ubwambere sinarinzi vy'ukuri igikorwa ca Mpwemu Yera.

Mu musu umwe gusa yari mu guheza gusoma ibice bibiri vya mbere kandi igihe yari amaze guheza yarambajije incuro noba maze gusoma ako gatabo. We ubwiwe yari yaciye yongera gutangura ahereye ku ntango kuko yashaka gukurikiza neza na neza impanuro z'umwanditsi w'ako gatabo. Ni kuvuga gusoma hagati y'incuro zitandatu na cumi.

Kuva ico gihe hahindutse ibintu vyinshi cane.... Kuva muri Kigarama 2012, nta kugwana vyari bikirangwa muri wa musore- sinobigarukako. Abahungu bama bagwanyeye ku musu ku musu bahindutse abagenzi biwe bakomeye, noneho bamarana umwanya mu nini bari kumwe kandi mu mahoro.

Yarahindutse rwose. Yahindutse umuntu yisoneye, aciye bugufi, kandi na kamere yiwe y'ugusaragurika yasubiriwe n'amahoro. Imana irahindura; abagenzi biwe barabishingira intahe. Uwo musore yararetse Imana ikorera muri we iramuhindura. Ivyamwa vy'iryo hinduka biribonekeza- buri musu. Kubwo icubahiro c'Imana nagomba kwongera ko uyo musore yabatijwe muri Ruheshi 2013. Iyo ataba igikorwa ca Mpwemu Yera...

Imisi myinshi nagiye niyumvira ko nshobora gutahura abana ngo ndabasubize mu nzira nziza. Mu kwihangana, urukundo n'ibiyago vyinshi twarashika ku kwumvikana- ariko vyamara akanya isase. Vyabaye ngombwa ko Imana igira ico ikora maze inyigisha ko mpwemu Yera ariwe ashobora gukora ivyo twe tubona ko bidashoboka.

Namba umusu umwe uyo musore azoja mw'ijuru, nzomenya ko Imana ariyo yabikoze. Igihe nabona ko atakindi mfise nokora hanyuma nkatahura ko ntashoboye kumuyobora, Imana yaciye itangura kumuhingura. Nta kintu gitera intege nko kubona ku Mana atakidashoboka. C.P.

Isengesho: Data wo mw'ijuru, urakoze kubw'ubutumire bushimitse bwa Yesu aturarikira gusaba Mpwemu Yera. Ndicuza ku myanya napfashije ubusa kubwo kutagira Mpwemu Yera. Ndakeneye ubwo bufasha bw'ijuru kugira ngo nshobore kureka Yesu afate ikibanza kibereye mu buzima bwanje. Nta gice na kimwe c'ubuzima bwanje kidakeneye ubwo bufasha. Shimwa kuko Mpwemu Yera ashobora guhindura

kamere yanje kandi akaba ashaka kuntegurira kuzoba mu bwami bwawe. Ndakwiyeguriye uko ndi kwose n'ivyanje vyose. N'ushimirwe kuko unyemeye kandi ukampezagira. Mfasha nkurire mu kumenya Mpwemu Yera. Amen.

IGICE CA 2

NI IYIHE NKOMOKO Y'INGORANE ZACU.

Yoba ari iy'ivya Mpwemu?

Kwoba ari ukutagira Mpwemu Yera?

IMPAMVU YO KUTARONKA

Inyishu dusanga muri Bibiliya: “Ntimuhabwa kuko mudasaba...Murasaba ariko ntimuhabwa kuko musaba nabi kugira ngo muvyononere mu bibahimbara. (Nk'uko umubiri ugomba-Abaroma 8:5-7)”Yakobo 4:2, 3

Umwami wacu Yesu Kristo yaradutumiye, ashimitse kandi afise urukundo rwinshi, ngo dusenge dusaba Mpwemu Yera. (Luka11:9-13) Twabonyeko twategerezwa kubikora ubudasiba. Tuzobigarukako mu gice ca 3.

“Hari abantu benshi bavugako bizera amasezerano y'Umwami; bavuga Yesu na Mpwemu Yera, ariko nta ciza na kimwe babikuramwo. Ntibemera kwozwa no kuganzwa n'ibikoresho vy'ijuru.”E.G.White.Jesus Christ p676

Nk'ishegero, tumaze igihe dusengera ikanguro.Ibi n'ivy'igiciro kinini: *“Ico amashengero akeneye uyu musi n'ukwuzuzwa Mpwemu Yera.”(E.G.White. Manuscript Releases Vol 7 p.267)*

Kandi: *“Kuki tudafise inzara n'inyota ya Mpwemu Yera kandi ariwe aduha inkomezi?Kuki tutavuga, tudasenga canke ngo dusigure ivya Mpwemu Yera?”(E.G.White, Testimonies for the Church Vol8 p22)*

Ariko ntidutegerezwa gusengera IVUGURURA gusa ariko kandi- nk'uko Mark Finley abivuga-“dushire mu ngiro ivyo Bibiliya idusaba bijana n'IVUGURURA.”(*Marc Finley, Ranime-nous, p29*)

Mwonkundira nkabatumirira gukurikira inzira ibashikana kw'IVUGURURA ry'umuntu ku giti ciwe.Ibi bizobashikana ku buzima bw'inkomezi kandi bwuzuye umunezero.

Mu gutangura tuzokwihweza ingorane mu buryo bwimbitse naho ubundi twohakwa kutabona akamaro n'agaciro k'ihinduka. Hanyuma tuzokwiga inyishu y'Imana idusaba

kwakira umuhezagiro wagutse, mukurangiza tuzokwiyumvira kw'ishirwa mu ngiro rizodushoboza kuba muri ubwo buzima.

Kuba tudafise Mpwemu Yera ntibisigura ko ivyo twakoze vyose canke ivyo turiko turakora ataco bimaze. Harabayeho kandi n'ubu hariho integuro nziza cane zitunganijwe. Umwami yarahezagiye ukwitanga kwacu nk'abantu. Ariko Imana yonyene irazi gushika kuruhe rugero umwimbu n'imibereho vyari gutera biba vyiza mu gihe twobeshwaho na Mpwemu w'Imana.

Henry T. Blackaby yavuze ati: "Mu mezi atandatu, Imana yokora vyinshi cane biciye mu bantu bayiyeguriye gusumba ivyo twokora mu myaka mirongo itandatu tutarikumwe nayo." (*Henry T. Blackaby, Den Willen Gottes erkennen und tun, p31*)

Igikenewe n'ukubanza guhitamwo inzira nziza tuyobowe n'Imana gutyo duheze dukore ibikwiye. Uko niko bigenda iyo twuzuye Mpwemu Yera.

IMIRWI ITATU Y'ABANTU HAMWE N'IMIGENDERANIRE YABO N'IMANA

Kuvyerekeye imigenderanire y'abantu n'Imana, Bibiliya yerekana imirwi itatu y'abantu. Muri buri murwi dusangayo ubudasa buvuye ku ndero baronse, inyifato, imyaka, imico, amashure bize, n'ibindi... Ariko ku ntimatima usanga hari uburyo butatu gusa bushoboka bw'inyifato mu migenderanire n'Imana:

- Nta migenderanire ihari- Uko niko bibiliya yita abantu basanzwe.
- Imigenderanire y'ukuri, yuzuye- Bibiliya ivuga noneho umuntu arimwo Mpwemu.
- Imigenderanire idafashe, y'icitiriro- uko niko abaho umuntu Bibiliya yita umunyamubiri.

Muri Bibiliya, amajambo "Ibisanzwe", "Ivya Mpwemu" n' "Ivy'umubiri" ntasigura ibigaragezo, canke urubanza. Asigura gusa imigenderanire y'umuntu ku giti ciwe na Yesu Kristo.

Iyo mirwi itatu niyo ivugwa mu 1Korinto 2:14-16 na 1Korinto 3:1-3.

Umuntu asanzwe turi bumuvugeko bike cane. Bo bibereye mw'isi.

Gukubitiza akajisho ku mirwi ibiri dusanga mw'ishengero bizodufasha gutahura aho ingorane ihagaze vy'ukuri. Igihambaye muri ubu bushakashatsi, n'ukuraba ni mu wuhe murwi twebwe ubwacu turimwo. Kubw'iyu mpamvu icigwa cacu kizoba imfashanyo kugira ngo umwe wese yisuzume. Dushaka kwiyumvira ku buzima bwacu bwite atari ubuzima bw'abandi.

N'ibiki bisabwa kugira ngo ube uwo muri umwe wo muri iyo migwi itatu?

Mu nzira zose tubonako ari imigenderanire umuntu agirana na Mpwemu Yera ituma umuntu ashirwa mu murwi uyu canke uriya.

Umuntu asanzwe

“Ariko umuntu afise umubiri n’ubwenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w’Imana: kuk’ar’ubupfu kuri we; kandi ntashobora kubimenya kuko vyitegerezwa mu buryo bw’Impwemu.”1Korinto 2:14

Umuntu afise umubiri n’ubwenge gusa nta migenderanire agirana na Mpwemu Yera. Yibera mw’isi kandi ivy’Imana ntaco bimubwiye canke avyiyumvirako gake cane.

Abantu bayobowe na Mpwemu n’abayobowe na kamere bari mw’ishengero

Iyo murwi ibiri ivugwa cane mu 1Korinto 2 n’igice ca 3, Abaroma 8 n’Abagalatiya 5 n’igice ca 6. Dufate ko kuvyerekeye iyo migwi ibiri, icisungwa mu kubatandukanya ari imigenderanire yabo na mpwemu Yera.

N’uko bimeze kuko Imana yageze ko Mpwemu Yera ariwe muhuza wacu wenyene n’ijuru.(**Jesus Christ, p312** na Matayo 12:32) “Umutima utegerezwa kubanza kwiyugururira ubwaku bwa Mpwemu Yera, imbere y’uko ashobora kuronka imihezagiro y’Imana.*E.G. White, Leuchtende Spunren, p69(Hambourg, 1959)*

Abizera buzuye Mpwemu Yera

Ubu naho dusome 1 Korinto 2:15-16:

“Arik’umuntu w’Impwemu asesa vyose, kand’ubwiwe ntawumusesa. Ni nde yigeze kumenya ivyiyumviro vy’Uhoraho? **Ariko twebwe dufise ivyiyumviro vya Kristo.**”Inyandiko ya Bibiliya bise ijambo ry’Ubuzima:”Kandi uwufise Mpwemu Yera ashobora gusesa vyose, ariko we ntawushobora kumusesa. ibitabo vyeranda bivuga ngo: “Ni nde azi ivyiyumviro vy’imana? Ninde ashobora kuyigira inama?”Ariko twebwe dufise ivyiyumviro vya Kristo.”Mu nyandiko ya Bibiliya bise Martin: “Ariko umuntu arimwo Mpwemu yera, atahura ibintu vyose, ariko we ntawumusesa. Kuko ni nde yigeze kumenya ivyiyumviro vy’Imana kugira ngo ayigishe? Ariko twebwe dufise intumbero ya Kristo.”

Umuntu w’Impwemu ni umukristo w’ukuri. Yitwa uw’Impwemu kuko yuzuye Mpwemu Yera.N’aha nyene ico kwisunga mu gutandukanya abantu n’imigenderanire bafitaniye na Mpwemu Yera. Uwomuntu aba afise imigenderanire myiza na Mpwemu Yera kandi iyo migenderanire igatera ikura. Yesu ari ku ntimatima y’ubuzima bwiwe; kenshi tuvuga ko Yesu ari ku ngoma mu mutima wiwe. Umuntu w’Impwemu yariyeguriye Yesu wese kandi ivyo azovyerekana, nk’ingingo ngenderwako, ku musu ku musu, mukwiyegurira Yesu buri gitondo, ukw’ari kwose n’ivyo afise vyose.Mu butumwa bwashikirijwe ishengero

rya Lawodikiya ryavuzwe nk'”Uwubize” hanyuma mu mugani w'inkumi cumi yiswe “umunyabwenge”.Abaroma 8:1-17 n'Abagalatiya 5 haruwuvugako birushirije. Afise ubuzima busagutse. Yohana 10: 10 canke nk'uko Paulo abivuga neza, aba “yuzuye gushika ku kunengesera kw'Imana.” Efeso 3:19; Kolosayi 2:9

Abanyeshengero bayobowe na Kamere.

Ushobora kuba umaze igihe gito canke kinini mw'ishengero ariko ukaba uyoborwa na kamere. Ni wabona ko uyu musu ukiri umukristo uyoborwa na kamere, ntushavure ariko unezerwe, kuko hariho akaryo ko kubihindura ubwo nyene. Ndemeza yuko benshi mu bakristo bayoborwa na kamere batazi ko ariko biri kandi ko bashaka ahubwo ubuzima bwa Mpwemu bwimbitse. Benshi bari mu butamenya kubw'imvo zitabaturutseko. Twiyumvire: niba tubana na Yesu yimitswe mu mitima yacu kubw'igikorwa ca Mpwemu Yera, tuzoba mubuzima bwuzuye umunezero w'akabura rugero.Yesu yavuze muri Yohana 15:11:”kugira ngo umunezero wanyu wuzuzwe.”Nitwahinduka gutyo, tuzobaho, intambuko ku ntambuko, “Ubuzima busagutse” Yohana 10:10 kandi tuzogira icizere c'ukuri c'ubuzima butazoshira.

Isengesho: Data wa twese wo mw'ijuru, ndakwinginze, shoboza kwibaza iki kibazo. Ni bandi umukristo ayoborwa na kamere, ndagusavye: Mfashandabimenye ubu nyene.Mfasha kugira ngo nshobore kwemera ivyo ushaka vyose.Ndakwinginze: Nyobora unshikane kubuzima bwa Mpwemu bwuzuye, ubuzima busagutse wasezeranye no kubuzima buhoraho. Vugurura umutima wanje. Ndaguhimbaza kuko wishuye iri sengesho.Amen.

Mu 1AbiKorinto 3:1-4, intumwa Paulo abwira abanyeshengero bayoborwa na kamere ati:”Kubwanje bene Data, sinashoboye kubabwira nk'abimpwemu, ariko nababwiye nk'abaganzwa n'akameremere k'imibiri yabo nk'abana b'inzoya bo muri Kristo. Nabaramije amata sinabagaburiye ivyo kurya bigumye: kuko mutari bwabishobore. Kandi na none ntimurabishobora kuko mukiganzwa n'ivy'akameremere kanyu. Ko muri mwebwe hari ishari n'ugutongana, ntuganzwa navyo? Ntimugenda nk'abantu. Umuntu umwe ko avuga ati jeho nd'uwa Paulo, uwundi ati jeho nd'uwa Apolo, ntimur'abantu se? Ntimubona ko n'aha nyene imigenderanire na Mpwemu Yera ariyo yisungwa ng'umuntu aharurwe mu murwi uyu canke uriya? Muri iyomirongo mike intumwa Paulo avuga incuro zitatu zose ko abakristo b'I Korinto bayoborwa na kamere. Ivyo bishaka kuvuga ko abo bantu babeshejweho n'ubushobozi bw'umubiri, n'ukuvuga inguvu ubushobozi busanzwe vy'umuntu. Ivyo bisigura kandi ko batuzuye Mpwemu Yera canke batamufise kurugero rukwiye.

Hari abiyumvira ko iyo mirongo ivuga gusa abantu bakora ivyaha bikomeye, ariko abo bantu bagereranya agace gatoyi k'abo bari muri uwo murwi. Ndasubiramwo nshimitse ko mu murwi wose, hashobora kubamwo ubudasa bwinshi.

Intumwa Paulo yabwira abantu baganzwa na kameremere abita “bene se akunda”. Ibi vyerekana ko ari **abanyeshengero**. Paulo ntiyashobora kubavugisha “nk'uko avugisha abayoborwa na Mpwemu”Ivyo bisigura ko **batari buzuye Mpwemu Yera canke ko bari bamufise ku rugero ruto cane**. Yategerezwa kubabwira “nk'uwubwira abana b'inzoya muri Kristo”. Ntibari barakuze mu kwizera nk'uko bategerezwa kubikora. Ushobora kugira

ubumenyi bwinshi mu vya Bibiliya ariko utigeze ukura mu vya mpwemu. Ugukura muri Mpwemu bifatanye n'ukwiyegurira Yesu kwacu hamwe n'imigenderanire yamaho dufitaniye na Mpwemu Yera. Paulo yari arajwe ishingana cane n'ukubona ingorane y'abakristo baganzwa na kamere mw'ishengero ry'I korinto yatorewe umuti.

Mu buzima bwabo bwa Mpwemu, abizera bamwe baganzwa na kamere biyumva batanezerewe, bihevye, ntibigere banyurwa, bakumva ko bakwiye kwama bagira utwigoro na ntaryo.

Abandi nabo barimenyereye ubuzima babayemwo kandi bashimishwa n'uko bari. Kumbure baribwira bati: "Turi abanyavyaha nta na kimwe dushobora kubihindurako."

Abandi nabo kandi bafise ishaka ryinshi. Bishimira ko bavumbuye ukuri muri bibiliya. Mw'ishengero barakora rwose kandi bazezwa amabanga ahambaye kandi bagakorera Imana ibintu bihambaye.

Matayo 7:22-23: "Benshi bazombwira kuri wa musu bati: Mwami Mwami Ntitwavugishwa mw'izina ryawe, ntitwasenda abadayimoni mw'izina ryawe, ntitwakora ibitangaza vyinshi mw'izina ryawe? Niho nzobajinjibura nti: "Si nigeze mbamenya; mviraho mwabakora ibizira mwe"

None ingorane irihe? Yesu avuga ko atabazi. Ntibagiraniye imigenderanire y'ukuri na Kristo. Ahubwo mbere ntibigeze baha ubuzima bwabo Yesu. Ntibagumye muri we. Yesu ntiyabaye muri bo biciye muri Mpwemu Yera. Ntibagiraniye imigenderanire yimbitse na we. **"Harashobora kubaho imigenderanire isanzwe na Kristo ariko mutifatanije vy'ukuri mu kwizera."** Ni gute twomenya ko Yesu aba mu mutima wacu vy'ukuri? Nararonse amajambo ahambaye yavuzwe n'umuntu kuri ivyo. Imbere y'uko ndayavugaga nagomba kuvuga ko, Mpwemu Yera ari muri twe dushobora kubohorwa ivyo vyose bivugwa muri icyo gisomwa gikurikira: "Kuba urimwo impwemu itari iya Kristo, n'ukumwihakana twomwihakana, idini twoba turimwo iry'ariryo yose. Ushobora kumwihakana mu kuvuga abandi uko batari, amajambo y'ubupfu amajambo y'ibinyoma, canke mabi. Ushobora kumwihakana mu kwirengagiza inshingano, mu kwironderera ibihimbaro vy'isi. Ushobora kumwihakana mukwishushanya n'isi, mu kucisha bugufi, mu kudakurwa kw'ijambo, mu kwironderera ubugororotsi, mu gukekeranya, mu kuvyura imitongano, mu kuguma mu mwiza. Muri ivyo vyose uba werekana ko Kristo atari muri wewe." *E.G. White, Jesus Christ, p68*

Kubw'ubuntu bw'Imana izo nyifato zose zirashobora guhinduka mu kanya gato. Tuzobibona mu bice bizokurikira (vya 3 na 5)

Kuber'iki ari ingirakamaro kwegurira ubuzima bwacu Imana?

Ijambo ry'Imana rivuga riti: "Bene Data bashiki banje bakristo, Imana yuzuye ubwiza ku bwacu. Kubw'ivyo ndabasaba ibi: Mumwishikanire n'ubuzima bwanyu, nico kimazi kigenewe Imana kandi kiyihimbara. Ng'uko ukuyubaha kw'ukuri." (Abaroma 12:1) "Nuko bene Data ndabahanura kubw'imbabazi z'Imana ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera bihimbara Imana, niho kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi."

*“Imana ishaka kudukiza ngo idusubize umwidgeemvyo. Ariko kubera ko ivyo bisaba ko haba uguhinduka kwuzuye kwa kamere yacu, dutegerezwa kuyiyegurira burundu ataco twisigarije.”***E.G.White, Vers Jesus, p37**

Inarije yacu irakomeretswa, ikagira ishari, ikigumura, igashavura n’ibindi. Imana ishaka kuyidukurako. *“Imana iradutumira ngo tuyiyegurire. N’ahacu guhitamwo namba dushaka kubohorwa tukava mu buja bw’icaha kandi tukagira umugabane ku mwidgeemvyo w’cubahiro w’abana b’Imana.”***E.G.White Vers Jesus, p66**

Umwami yishura ku kwiheba kwacu kwambere biciye mu kuvuka ubwa kabiri. (Yohana3:1-21) Hanyuma dusabwa kubandanya muri ukwo kumwihebera. (Yohana15:1-17). Tuzovyibutsa mu gice ca 3.

Morris Venden yandika kubijanye no kwiheba wewe ubwawe agira ati: *“Ntushobora kwiheba buhoro buhoro. Ugutsindwa ntigushobora kuba igice. Ntibishoboka ko witanga igice, nk’uko ari ikidashoboka ku mukenyezi ko yibungenga igice. Uri uwitanze canke nturiwe. N’uko nta hagati na hagati hariho.”***Morris Venden, 95 thèses sur la justification par la foi p61**

Kuvyerekeye kwiheba kwa buri musu, Ellen White yandika ati: *“Abo bonyene nibo bazokwemerwa nk’abahungu n’abakobwa b’Imana, bazokwemera kuba abakozi bakorana na Kristo, bazovuga bati: Mwami ivyo mfise vyose n’ico ndi cose n’ivyawe.”***(E.G.White.Jesus Christ, p517)**

Urashoboka rero kuba umunyeshengero ariko udakijijwe. Mbega akaga! Umugani w’inkumi cumi hamwe n’ubutumwa bwarungikiwe ishengero Lawodikiya navyo nyene birabitwereka.**(Helmut Haubeil, In Jesus bleiben, Kapitel2)**

Kuki ari ikigoye cane guheba ubukristo buganzwa na kamere

Kubera ko ubuzima bw’umukristo aganzwa na kamerenabwo nyene bwuzuye “Idini” uwo mukristo harigihe atamenya ko harico ahajije kandi c’ingira kamaro: gushikirana n’Imana vyimbitse kandi bitanga agakiza. Namba Yesu adashobora kuyobora ubuzima, ahagarara imbere y’urugi maze akadodora. (Ivyahishuwe 3 :20) hanyuma avuga ati: Namba ivyo bidahindutse nzobadahwa.

Ikindi kintu kigira kabiri kiraserutse: Kubw’inyigisho zacu zishingiye gusa kuri bibiliya, dufise ivyizigiro bidakuka ariko kandi tukaguma twiteze kwakira umuco urushaho. Ntidukekeranya ko twizera ukuri, ivyo bituma twama tunezerewe. Dufise ubumenyi bwinshi. Tuvuga ibitunganye. Ariko n’iyo mvo nyene ituma bitugora gutahura no kwemera ko tuyoborwa na kamere. Namba ntabeshejweho na Mpwemu Yera, none vyoshoboka ko mbona itandukaniro riri hagati y’ubuzima buyoborwa na kamere n’ubuzima buyoborwa na Mpwemu?

Umupasitori umwe yanditse ati: “Mpejeje kwakira telephone ya mushiki wanjye umwe akurikirana integuro y’imisi 40 y’amasengesho. Avugako ivyo vyahinduye ubuzima bwiwe. Ubuzima bwiwe bwose yama yibaza ico yari abuze mu buzima bwiwe bwa Mpwemu. Ubu

arazi ko yari abuze Mpwemu Yera. Iyo uba warumvise igishingantahe ciwe! Avuga ko ari ubwa mbere mu buzima bwiwe ashikiranye n’Imana...N’abandi bantu barabonye nabo ko mu buzima bwiwe hari ivyahindutse.”*E-mail à H.Haubeil du 15fev.2012*

Turabona ko dushobora gutahura ko hari ico duhajije ariko tutazi ico duhajije ico ari co. Hariho benshi bumva ko bakeneye ibirushirije ariko batazi ivy’ari vyo kandi batazi n’ingene bobironka.

Ndanezerejwe no kuronka ijambo “Kandi na none” mu 1Korinto 3:1-3.” Kandi na none muracaganzwa n’ivy’akameremere.” Ivyo vyerekana ko bishoboka ko umuntu ayoborwa na kameremere ahinduka agasigara ayoborwa na Mpwemu.Nta n’umwe yagenewe kuguma ari uwuyoborwa na kameremere. Kubera ko ari mw’ishengero umuntu ayoborwa na kameremere arafise akaryo ko gutahura imibereho yiwe gutyo agahindura. Tuzobona mu bice bizokurikira ingene umuntu ashobora guhinduka akayoborwa na Mpwemu.

Ibindi “bimemyetso” vy’iyo mibereho n’ishari, intonganya.”*Muri mwebwe harimwo iviyumviro vy’ishari n’imitongano.*”Kubwa Paulo iyo nyifato yerekana ko abakristo bayoborwa na kamere batabeshwaho na Mpwemu w’Imana ariko “nk’abandi bose.” Bashobora gukora nk’abantu basanzwe batazi Imana ariko bambaye umwambaro w’idini. Ivyo bishatse kuvuga ko ukutumvikana mw’ishengero n’amatati vyama bizanwa n’abantu bayobowe na kamere? (Yuda 19) Mu gihe ca Yesu abafarisayo n’abasadukayo ntibama bavyuye ibihari hagati yabo? Mur’ico gihe hari hamaze kubaho ukutumvikana hagati y’abashaka amahinduka n’abumiye ku vya kera. Bamwe barazirikana akantu kose abandi nabo bariyugurura. Bamwe bose biyumvira ko aribo basigura bibiliya neza kandi ko aribo bafise inyifato nziza. Ariko Yesu atwereka ko bose bayoborwa na kameremere, bisigura ko batari buzuye Mpwemu Yera. Ivyo nyene birashobora gushika n’uyu musu. Abakristo batemera amahinduka nabo nyene barashobora kuyoborwa na kameremere.

Ikibabaje n’uko bashira abizera mu mirwi y’abatemera amahinduka”Conservateurs “canke abiyugurura /bemera amahinduka”liberal/progressiste” Muri bibiliya dusangamwo gusa abayoborwa na Mpwemu n’abayoborwa na kameremere, kandi rero duhamagarirwa gusuzuma neza ubuzima bwacu bwa Mpwemu. Twiyumvira ko ic’ijambo ry’Imana ritubwira mu buryo bugaragara neza mu bigalatiya 6:7-8:”*Ntimuzimire: Imana ntikorwa.Ico umuntu abiba cose ni co azokwimbura. Ubiba mu mubiri azokwimbura mu mubiri: ukubora, ariko ubiba muri Mpwemu azokwimbura Impwemu: Ubugingo budashira.*”

Umuntu ayoborwa na kameremere yipfuzaga gukurikira Yesu no kumunezereza ariko ntiyamweguriye ubuzima bwiwe bwose canke naho abaye yarabikoze yongera kumwihakana agasubira inyuma.(Abagalatiya 3:3; Ivyahishuwe 2:4-5). Mu bisanzwe aba ashaka mumwanya umwe gukurikira Imana n’inzira ziwe bwite n’ubwo usanga abikora atabizi. Ariko ntibishoboka.Impera n’imperuka niwe yifatira ingingo mu buzima bwiwe kandi zerekeye ubuzima bwiwe. Mur’ico gihe mbega Umwami yoshobora gutanga Mpwemu wiwe Yera?Yakobo 4:3 harishura ico kibazo:”*Murasaba ariko ntimuhabwa kuko musaba nabi.*” Nashitse ku ndunduro ko hano tubona ugusaba kwakozwe hisunzwe ivyo kameremere yipfuzaga. Ukwishurwa kw’ico gisabo mbega ntikwoshira hejuru inarije gusa?Gutyo rero uwo

munyeshengero abeshwaho n'inkomezi ziwe n'ubushobozi bwiwe gusa. Ivyahishuwe 3:16 hamuvuga nk'umuntu w'akazuyazi, Matayo 25 hamwita igipfu.

Kuki Yesu avugako k'umukristo ayoborwa na kameremere ari akazuyazi?

N'iyihe mvo ituma abakristo benshi batagira Mpwemu Yera? Mu kurondera inyishu, twiyumvire ku karorero ka Lawodikiya. Kuki Yesu avuga ko abantu bo mw'ishengero rya Lawodikiya ari akazuyazi? Aratanga we nyene ibimenyamenya: "Ehe mpagaze k'urugi..." Ivyahishuwe 3:20

Yesu ntari ku ntimatima y'ubuzima bw'abo bizera, ariko ari inyuma gusa, iruhande y'urugi. Kuki atinjije? Kuko batamutumiye. Nawe ntiyinjira ku nguvu kuko yubahiriza uguhitamwo kwacu.

Kuki hari abizera barekera Yesu k'urugi? Hari imvo nyinshi. Hari abagumana ivyiyumviro vy'ubumenyi bw'isi gusa nka Nikodemu. Ntibatahura na gato ico ari co ubukristo: Ukwiye gurira Imana kwacu mu buryo bwuzuye ibikurikirwa no kuvuka bushasha. Yohana 3:1-10. Hariho abandi babona ko kwihebera Imana bisaba "ikiguzi" kirenze urugero. Bategerezwa guheba kwizingira ku vyo batunze nk'uko wamusore w'umutunzi yabisabwe muri Matayo 19:16-24. Gukurikira Yesu Kristo bisaba ukwiyanika hamwe no kuba witeze guhidura ubuzima. Matayo 16:24-25 hamwe no kwihebera Imana utiziganije. Abaroma 12:1 urashobora kurekera Yesu hanze kubwo kwirengagiza ibintu, kuko tutaronka umwanya ngo twihererane nawe.

Ndabisubiyemwo: Imvo Yesu atanga mu vyahishuwe 3:20, n'iyi ikurikira: "Mpagaze k'urugi." Yesu rero ntabwo ari ku ntimatima y'ubwo buzima ariko bamushize hanze canke bamwigije kure. Twiyumvire: Nta muntu n'umwe ashobora gukorera abami babiri. Matayo 6:24. Ni jewe ubwanje ntegeka ubuzima bwanje canke ni Yesu abutegeka. Mumigenderanire yiwe na Yesu niho bavuga ko umukristo ayoborwa na kameremere ari akazuyazi. Mu bindi bice birashoboka k'uyo muntu atari akazuyazi.

Akarorero: Umuntu arashobora gukora, agashira inguvu ziwe nyinshi mu bikorwa vyawe kandi bikagenda neza ariko akirengagiza umugore wiwe. Mu gikorwa ciwe afise ubutwari ariko mu migenderanire y'abubatse n'akazuyazi. Ni muri ubwo buryo nyene, ushobora kuba umunyeshengero yitanze, umukuru w'ishengero, umupasitori canke umuyobozi wa Inyuma w'umukozi ariko ntiwiteho imigenderanire yawe na Kristo. Usanga twitaho cane ibikorwa n'imigambi ariko ntiwiteho gushikirana n'Imana. N'ubwo bwoko bw'akazuyazi Yesu ariko aravugaga. Akarorero gateye ubwoba cane n'igihe usanga dufatiriwe cane n'ibikorwa vy'Imana (Ishengero; ibikorwa vy'ubutumwa) bigatuma twirengagiza Imana nyen'ivy'ubwo bikorwa.

UMUGANI W'INKUMI CUMI:

Twongere twihweze uwo mugani. Umugani w'inkumi cumi utwigisha iki kubijanye n'abanyeshengero bayoborwa na kameremere canke bayoborwa na Mpwemu?

- Abo bigeme bose bari bafise amatara

- Bose bari bagiye gusanganira umukwe
- Bose bari bafise icizigiro co kurindira umukwe
- Bose barasinziye
- Bose barumvise ijwi
- Kandi bose barikanguye
- Bose batunganije amatara yabo
- Amatara yose yaratse
- Icakabiri cabo kiboneka ko amatara yabo azimye

Ariko amatara yaka akoresha amavuta. Uko yaka niko amavuta ahera. Mu kanya gato, batanu muri ba bigeme babonye ko: **Amatara yabo azimye**. Amatara y'abakobwa b'ibijuru yatse umwanya muto gusa atwerekako ko batari bafise Mpwemu Yera ku rugero rukwiye. Bari bafise duke gusa ntiyari ihagije. Ntibari bafise amavuta akwiye. **Iryo niryo ryari itandukaniro gusa.**

Igihe babigemebatanu bagaruka bavuye kugura amavuta bagasaba kwugururirwa, ngo binjire Yesu yavuze ati: "Sindabazi." Barondeye amavuta bacerewe, barondeye Mpwemu Yera bacerewe. Urugi rwagumye rwugaye ntibugururiwe.

Yesu atwigisha neza biciye muri ico kigereranyo ko imigenderanire yacu nawe ibaho biciye kuri Mpwemu Yera. Yesu ntamenya umuntu abaho ubuzima butarimwo Mpwemu Yera. Dusome mu baroma 8:8-9 : "*Kand'abaganzwa n'akameremere k'umubiri ntibashobora guhimbara Imana...Arik'iyi umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ari uwiwe.*"

Nuko rero biciye muri Mpwemu yera gusa niho honyene dushobora kugirana imigenderanire y'ukuri na Yesu Kristo. Dusoma mu 1Yohana 3:24: "*Kuri ivyo turazi ko aguma muri twebwe: biciye muri Mpwemu yaduhaye.*" Kuba ntakekeranya ko nuzuye Mpwemu Yera bituma ntakekeranya ko ndi muri Kisto nawe akaba muri jewe.

Wa mushiki wacu yakurikiranye integuro y'imisi 40 y'amasengesho yarabayeho neza na neza muri ubwo buzima. Mpwemu Yera amaze kuza mu buzima bwiwe, yabayeho mu migenderanire n'Imana mu buryo butandukanye n'uko vyahora ku buryo n'abandi bantu babonye ko hari ivyahindutse mu buzima bwiwe. Inyuma yo gusoma aka gatabo, mushiki wacu wo mu maj'epfo y'Ubudagi yaranditse ati: "*Igitabo 'Imisi 40': kwiherera no gusenga kugira ngo twitegurire ukugaruka kwa Yesu*" canditswe na Dennis Smith hamwe n'aka gatabo kanyu vyanzaniye imigisha idaharurika nari maze igihe kirekire ndondera. Nk'abandi benshi, uwundi mushiki wacu wo mu mw'ishengero ryacu na jewe nyene twarumva ko hari ico duhajije mu buzima bwacu bwa Mpwemu. Ubu noneho, twarabonye ko Yesu yinjije mu buzima bwacu kandi ko yatunguye kuduhindura. Arabandanya kubikora mu kudukwega cane atwiyegereza hafi yiwe." **E-mail à H. Haubeil du 31mars 2013**

Ng'iki igishingantahe ca mwene Data: "Agatabo kanyu karankozeko cane... Igice kivuga ivy'inkumi cumi na cane cane **Abaroma 8:9b** vyaranyigishije mu

buryo bwimbitse. Ubwo nyene, sinari ncizera ko noba ngifise Mpwemu Yera akorera muri je, kuko mu buryo bubabaje mbona nta vyamwa vya Mpwemu Yera biboneka mu buzima bwanje. Uyu musu kw'Isabato inyuma y'umuhingamo nahejeje gusoma aka gatabo, maze numva nishwe n'agahinda. Hanyuma nasomye isengesho ryo ku rupapuro rwa 43 nca numva mfise icipfuzo kidasanzwe c'uko Mpwemu Yera yoza kuri je, agahindura umutima wanjye kandi Imana Data akandema nk'uko agomba.... Murakoze kubwo agatabo kanyu no kubw'amajambo yankozeko mu buryo bukomeye. »A.P.

Ikintu giteye ubwoba kuruta ibindi, n'uko abakristo baganzwa na kameremere batazaronka ubuzima budahera namba badahindutse. Abaroma 8:9b: « **Namba umuntu adafise Impwemu ya Kristo, s'uwa Kristo.** »

Tuzirikane: Itandukaniro rikomeye riri hagati y'abanyeshengero bayoborwa na Mpwemu n'abayoborwa na kameremere ryerekeye Mpwemu Yera. Umukristo w'Impwemu yuzuye Mpwemu Yera. Umukristo aganzwa na kameremere ntiyuzuye mpwemu Yera canke ayifise ku rugero rudashitse.

Ni wabona ko uri umukristo aganzwa na kameremere, ntimucike intege. Imana irakwereka umuti: "Mpwemu Yera." Namba hariho amashengero ashira akatuzo kuri Mpwemu Yera mu buryo bw'indenza rugero, hariho ayandi amwirengagiza. Imana idufashe kumenya inzira iringaniye, inzira ya Bibiliya.

ISHENGERO RYO HAMBERE N'ISHENGERO RY'IMPERUKA

Iyo tugereraniye ishengero rya kera n'Ishengero ryacu ry'uyu musu, tubona neza ko amashengero yo hambere yari agizwe ahanini n'abakristo b'Impwemu. Mu Vyakozwe n'Intumwa, Bibiliya itwerekako arico catuma batera imbere rwose kandi mu buryo bwihuta. Nta bundi butunzi budasanzwe bari bafise. Ariko bari bafise Mpwemu Yera. Twabwese dufise ubutunzi bw'inshi ariko nta Mpwemu Yera dufise.

A.W. Tozer avugaga ati: « *Mu gihe Mpwemu Yera yokurwa mw'ishengero ry'uyu musu, 95% z'ivyo dukora vyobandanya kandi ntihagire n'umwe abona ko hari icahindutse. Ariko iyo Mpwemu Yera aza gukurwa mw'ishengero ry'intumwa 95% z'ibikorwa vyabo vyari guhagarara kandi abantu bose bari guca babibona.* » **Dr Joseph Kidder de l'Univer. Andrews, Anleitung zum geistlichen Leben; PPP fiche 2**

Twoba twarize kwiyambura Mpwemu Yera? Mbega Ishengero ryacu ryoba rigizwe ahanini n'abakristo bayoborwa na kameremere?

Mbega n'iyi mvo ituma turi abanyanteye nke kandi tukama dutsindwa? Kuba ahantu henshi amashengero yacu akura bigoranye, vyoba biva ku kuba abantu bafashe ingingo yo kuganzwa na kameremere? Mbega yoba ariyo mvo y'ingorane zikomeye zitera ziyongera? Dutanguye gutahurako ingorane yacu nyamukuru ari ukubura Mpwemu Yera. Mu bitwega ivyo turashobora kubihindura bidatevye dufashijwe n'Imana. Tuzobibona mu gice ca Gatatu.

Tuzirikane: Kuganzwa na kamere bishaka kuvuga ko tubeshajweho n'inguvu zacu za kimuntu, tutagira Mpwemu Yera, canke tukaba tumufise ku rugero ruto cane rudashitse.

INGORANE NYAMUKURU Y'UBUZIMA BUGANZWA NA KAMEREMERE.

Ntushobora kubaho nk'uko bibiliya ibitegeka (gukunda abansi bawe, guheba icaha n'ibindi...) udafashijwe n'inkomezi za Mpwemu Yera, atari kubw'ubushobozi bw'umuntu. Ingorane nyamukuru y'ubuzima buganzwa na kameremere n'uko bushingiye gusa ku nkomezi za kimuntu. Ntidushobora gukora ivy'Iman'igomba dukoresheje inkomezi zacu gusa. Dusome imirongo imwe yo muri Bibiliya:

Yesaya 64: 6: *«Kand'ukugororoka kwacu kwose kumeze nk'impuzu yanduye »*

Yeremiya 13: 23: *« Mbeg'umunyetiyopiya yoshobora guhindura urukoba rw'umubiri wiwe, canke ingwe yokwihindura amabara yayo? Namwe mwoshobora gukora ivyiza mwebwe abamogoreye gukora ibibi? »*

Ezekiyeri 36:26-27: *« Nzobaha umutima musha kandi nzoshira muri mwebwe Impwemu nsha; nzokura umutima ukomantaye nk'ibuye mu mubiri yanyu mbahe umutima woroshe nk'inyama. Kandi nzobashiramwo Mpwemu yanje (Mpwemu Yera) ndabagendeshereze mu vyagezwe vyanje, namwe muzokwitondera amabwirizwa yanje muyashitse. »*

Abaroma 8: 7: *« Kuko kwitwararika ivy'umubiri gutera kwanka Imana, kuko kutumvira ivyagezwe n'Imana kandi kudashobora kuvyumvira. »*

Ijambo rikomeye rya Ellen White:

« Uyo wese agira utwigoro ngo ashikire agakiza akoresheje ibikorwa vyawe bwite mu kwitondera ivyageza, agerageza ikidashoboka. Umuntu ntashobora gukizwa hatabaye kwumvira, ariko mur'ico gihe ibikorwa vyawe s'ivyoye nyene yigeneye. Kristo ategerezwa gushira muri we ubushake, n'ubushobozi bwo gukora mu buryo buhimbara Imana. » *E.G White, Review and Herald, 11juillet1890*

Niyumvira kw'ayo majambo yerekana neza ko tudafise Mpwemu Yera tudashobora gushira mu ngiro ubugombe bw'Imana. Twebwe dutegerezwa gufata ingingo yo guhitamwo ubugombe bw'Imana kandi Imana yo izoduha inguvu zo gushira mu ngiro ubugombe bwayo. Ukwo gutahura kw'ukugororoka kubwo kwizera kurahambaye cane kandi kurabohora.

NIBIKI VYOSHICA MU GIHE TWOGERAGEZA GUKORA IKINTU KIRENGEYE INKOMEZI ZACU?

N'ibiki bishobora gushika mu gihe twobona kenshi ibi: « Sindabishobora. Nongeye kunanirwa. » ? Niyumvira ko dushobora kugwa mumwiheburo, ndetse tugatakaza ivyizigiro.

Kuri jewe bisa nk'aho iyo ngorane iribonekeza cane mu runganwe rukiri ruto. Bakuru babo bo baramenyerejwe insiguro y'inshingano hamwe n'ukwubaha mu miryango, kw'ishure, no kukazi. Umwiheburo ubahungabanya gato ugereraniye n'abakiri bato. Ariko ingorane tuyisanga mu mice yose y'imyaka. Gusa abakiri bato nibo ikorako cane. Gukoresha inguvu zawe ubwawe mu buzima bwa Mpwemu niyo ngorane nyamukuru y'umukristo wese ayobowe na kameremere, yabitahura atabitahura.

Ni gute tugerageza gutorera umuti iyo ngorane. Umwe asaba ashimitse ubufasha bw'Imana kandi agafata ingingo yo kwongereza inguvu. Uwundi nawe yibwira kumbure ko bidakwiye kuba umufarisayo. Atangura kubona ibintu muburyo bwagutse kandi akumva ko yidegemvya. Uwagatatu nawe aheba ukwizera hanyuma agaheza akumva ko amerewe neza. Ariko ingorane igumaho: Izo « nyishu » si zo nyishu nyazo kandi bitebe bitebuke zishikana ku gahombo. Inzira nziza n'iyi ikurikira: guha agaciro ivyagezwe vy'imana kuko yabiduhaye kubwo urukundo ku neza yacu. Kubw'ivyo turakeneye inkomezi z'Imana. Inyishu nziza n'ukuba mu nkomezi za Mpwemu Yera zizokuzza umunezero, intumbero, inkomezi, ivyamwa hamwe n'intsinzi. ” *H. Haubeil, In Jesus bleiben, Kap. 4: Gehorsam durch Jesus*

INGORANE Y'UMUSHINGE

Niyumvira ko twatahuye ko ingorane ishingiyeye ku kuyoborwa na kameremere. Mbega turatahura neza na neza igituma Yesu adashaka kugira abigishwa b'akazuyazi? Ntibafise muri bo ubuzima busagutse, ubwo Yesu ashaka kubaronsa. Gutyo batanga akarorero kabi, kenshi mbere mu myanya myinshi, batanabizi. Ingorane rero irahambaye cane gusumba uko tuvuyumvira. « Abakristo bafise imitima ibiri ni babi cane gusumba abatizera; kuko amajambo yabo y'ubuhendanyi hamwe n'ivyicarwo barimwo kandi batitanze bijana benshi kure y'inzira nziza. » *EGW Letter 44, 1903, citation dans Adventiste Bible Commentary, Vol.7, 963 sur Apc. 3:15s*

Nibihe bintu bishobora gushikana ku nyifato ya kameremere?

1. Ubumenyi buke: Nti twize bihagije inyigisho ku vyerekeye ico ari co ubuzima muri Mpwemu Yera canke ntitwaronse urupfunguruzo ngo dushobore kubishira mu ngiro.
2. Kutagira ukwizera: usabwa kubanza kwihebera Yesu Kristo imbere y'uko ushobora kuronka Mpwemu ku rugero rushitse. Namba tutabikoze kumbure ni kubera ubutamenya canke kubwo gutinya ko Yesu yotuyobora atujana aho tudashaka kuja. Ntitwizigira cane urukundo n'ubwenge bw'Imana.
3. Ugutahura nabi: twiyumvira ko twuzuye Mpwemu Yera kandi ntawe dusfise canke tumufise ku rugero ruto cane. Ibi bisa n'aho ariyo mvo yibonekeza cane.
4. Ibikorwa birenze urugero: Kubera ko dufatiriwe cane n'ibikorwa twiyumvira ko nta mwanya dufise wo gushikirana na Yesu. Canke tugafata umwanya ariko ntitwinjire ngo dushike ku ntimatima y'ugushikirana n'Imana.

5. Ivyaha binyegeje: nk'akarorero kwanka kwuzura – ivyo bikora nka kurya kw'umuyagankuba ucitse. Ntituba tugifatanye n'ubushobozi bw'Imana.
6. Gukora usunitswe n'ivyiyumviro vyawe: Ijambo ry'Imana rivuga riti: *”Umugororotsi azobeshwaho no kwizera”* Mbega mfata ingingo zanje nisunze icizigiro mfise ku Mana canke nizigira iviyumviro vyanje? Ijambo ry'uwitwa Roger Morneau ryarankozeko cane. Yavuze ati: *”Abadayimoni basunikira abantu kwumva iviyumviro vyabo gusumba kwumvira ijambo rya Kristo n'abahanuzi biwe yatumye. Nta buryo bwizigiwe bwari buhari kugira ngo abadayimoni bigarurire imitima y'abantu, ng'abo bantu ntibabice n'ikanda.”* **Roger Morneau, Au cœur du surnaturel, p. 40**

Kuki no bandanya nsaba kwuzuzwa Mpwemu Yera n'aho noba nuzuye Mpwemu?

Mpwemu Yera twaramuhawe kugira ngo agume muri twe. Muri ico gihe nyene twategerezwa gusenga ku musu ku musu kugira ngo tumuronke. Ni gute twotorera umuti ukwo kuvuguruzanya kuri nk'ukwibonekeza ngaho?

Mu ruhande rumwe Yesu avuga muri Yohana 14: 17 ati: *”Azogumana namwe kandi azoba muri mwebwe.”* Ivyakozwen'Intumwa 2:38 *arasigura*; *”Ni mwihane kandi umuntu wese abatizwe mwizina rya Yesu Kristo, kugira ngo muharirwe ivyaha vyanyu, kandi muronke ingabire ya Mpwemu Yera.”*

Ku rundi ruhande naho:

Yesu avuga mu nyigisho yerekeye isengesho (Luka 11:9-13): *”Musabe muzohabwa;... Mbega data wo Mw'ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu yera abamumusavye!”*

7. *”Imana yacu yatanze iryo tegeko ryongera rikaba isezerano rishizwe mu ngiro: Mwuzure Mpwemu Yera (Efeso 5:18)”*. E.G. White, *Heureux ceux qui*, p. 25
Twisunze ibisomwa vy'ikigiriki, ivyo bishaka kuvuga: *”Mureke imisi yose mwame mwuzuye kundi gusha Mpwemu Yera.”* Johannes Mager, *Auf den Spuren des Geistes*, p. 100s (Lüneburg, 1999)

Ngiyi inyishu:

E.G.White avuga ati: *”Nubwo biri uko, Mpwemu Yera imisi yose ntiyigera avuguruzanya n'ijambo ry'Imana. Ibiba mu buzima busanzwe biba no mu buzima bwa Mpwemu. Ubuzima busanzwe buzigamwa isaha kw'isaha n'ubushobozi bw'Imana; ariko kandi Imana ntidukingira ikoresheje igitangaza ariko ikoresha imigisha itandukanye ishira imbere yacu. Uko niko bimera no kubuzima bwa Mpwemu; bubungabungwa mu guoresha ibintu Imana yaduhaye. Iyo umwigishwa wa Kristo yipfuzaga gushika kurugero “rw'umuntu ashitse, afise igikuriko gikwiye*

muri Kristo” ategerezwa gufungura umukate w’ubuzima kandi agashoka kw’isoko y’agakiza. Akwiye kuba maso agasenga, agakora kandi akirinda, mu bintu vyose, akisunga ico Imana ivuga mw’ijambo ryayo.”E.G. White, Conquéranants pacifiques, p. 252

Igihe twavuka twaronse ubuzima. Kugira ngo ubwo buzima bumererwe neza dutegerezwa gufungura, kunywa, kugendagenda n’ibindi. N’ubuzima bwa Mpwemu n’uko bimera. Igihe twavuka ubwa kabiri (kubatzwa mumazi na Mpwemu), twaronse Mpwemu Yera n’ukuvuga ubuzima bwa Mpwemu.kugira ngo tubungabunge ubwo buzima bwa Mpwemu, turakeneye kwakira ibikoresho vya Mpwemu Imana yategekaniye: Mpwemu Yera, Ijambo ry’Imana, isengesho, igishingantahe n’ibindi.

Muri Yohana 15:4, Yesu yavuze ati:” Mugume muri je, nanje ngume muri mwebwe.”Ellen White yavuze kuri uwo murongo ati: «Kuguma muri Kristo n’ukuronka ubudasiba Mpwemu wiwe n’ukubaho ugamburukira mu buryo bwuzuye igikorwa ciwe. »E.G. White, Jésus-Christ, p. 680

Ubwo rero n’ivy’igiciro kinini gusenga buri musi kandi twizeye kugira ngo turonke Mpwemu Yera. Kandi buri gitondo twiragize Umwami n’ivyacu vyose n’ico turi co.

JWE NDI HE?

Mbega igihambaye gusumba ibindi muri uyu mwanya s’ukwemanga umurwi usanze urimwo? Mbega ndi he?

Igihe mama yari afise imyaka mirongo ibiri, umuntu yaramubajije ikibanza Imana yari ifise mu buzima bwiwe. Yishuye ko atitaho ivyo kwizera. Yaciye amubwira ati: None hamwe woca upfa muri iri joro nyene? Iki kibazo caramukozeko, ariko cari ico kumukiza: camutumye afata ingingo yo kwiyegegurira Yesu n’ishengero ryiwe.Kumbure iki kibazo cobafasha namwe:

Dufateko muhava mupfa uyu musi....!(Ingwara y’umutima ?Impanuka?)

Mufise ivyiziye ko mwozobana na Yesu Kristo mu bugingo budashira?

Ntimugume mu gukekeranya.

UBUZIMA BW’UMUNEZERO

Narahangayitse igihe natahura uburemere bw’ingorane yo kutagira Mpwemu Yera. Nariyumviriyeye kandi ndasenga kugira ngo menye namba muvy’ukuri ntegerezwa kwongerako aka gace gakurikira.Nubahutse kubikora kuko, kuri umwe wese muri twebwe, ukunezerwa muri ubu buzima, ubugingo buhoraho hamwe n’ubwaku bwacu- cane cane n’abo twubakanye, mumuryango, mw’ishengero ndetse n’aho dukorera- n’ingorane ikomeye.Sinzi namba bibaraba. Ariko nashaka kugira ico ndabafashije, bishobotse kuko nanje nararonse ubufasha.

Ni vyiza cane ko umuntu ayoborwa na kameremere abimenya! Atari ivyo ntashobora guhinduka adafashijwe n’Imana.Mu rukundo rwayo Imana ishaka kutwuzuzza Mpwemu Yera iciye mu migenderanire yimbitse yacu na Kristo. Muri ubwo buryo tuba twirinze kwonona

ubuzima bwacu kandi tukaronka imigisha myinshi cane. Ikinezereye kandi nuko dushobora guhindura imiberho yacu mu buryo bunyarutse dufashijwe n’Imana.(Tuzobigarukako mu buryo bwagutse mu gice ca3 n’ica 5)

Muri Bibiliya bakoresha amajambo menshi mu kuvuga ngorane y’abakristo bayoborwa na kameremere. Uva ku murwi umwe uja kuwundi canke uva ku muntu umwe uja kuwundi, ibintu bishobora guhindagurika ariko mu vy’ukuri ingorane iguma ari imwe:

- **“Kuganzwa n’umubiri”**-Abaroma 8:9”*Ariko mweho ntimuganzwa n’akameremere k’umubiri ariko muganzwa n’Impwemu. Bisanzwe Mpwemu w’Imana aba muri mwebwe. Ariko iyo umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ari uwiwe.*”Raba kandi Abaroma 8:1-17; 1Korinto3:1-4; Abagalatiya 5:16-21
- **“Ibijuju”**: umugani w’inkumi cumi (Matayo25:1-13): **“Uko ishengero ryerekanywe mu mugani w’abakobwa b’ibijuju rimeze, birafise ico bihurirako n’ivya Lawodikiya.”***E.G. White, Letter 44, 1903, citation dans Adventist Bible Commentary, Vol.7, 963 sur Ap 3:15s*
- **“Akazuyazi”**:- Ikete kw’Ishengero rya Lawododikiya (Ivyahishuwe3 :14-21): **“Iyaba wari ukonje canke ukabira.”**(Ivyahishuwe 3 :15) Mbega ntibitangaje? Yesu ashima abakonja gusumba ababa akazuyazi. Kuber’iyihe mvo?”Abakristo b’imitima ibiri? [ni twebwe namba tutagamburukira Yesu mu buryo bwuzuye] ni babi gusumba abatizera; kuko amajambo yabo y’ubuhendanyi hamwe n’amabanga bajejwe kandi batitanze bishikana benshi kure y’inzira nziza. Abatizera bo barerekana ibara ryabo.Umukristo w’akazuyazi ahenda izo mpande zibiri. S’uw’isi mu buryo bweruye nta n’ubwo ari umukristo mwiza.Satani aramwikorako akamukoresha ibikorwa ata wundi muntu yobishobora.
- **“Ntiyavutse ubwa kabiri”**canke ntiyabigumyemwo- Yohana 3:1-21: **“Muri ino misi, ukuvuka ubwa kabiri ni ikintu c’imboneka rimwe. Niyo nkomoko y’ingorane nyinshi dusanga mumashengero. Benshi kandi benshi cane mubiyita abakristo ntibejejwe. Barabatijwe ariko mukubatizwa kwabo bahambwe ari bazima. Inarije yabo ntiyapfuye, ni co gituma batazukiye ubuzima bushasha.”***E.G. White, MS 148, citation dans Adventist Bible Commentary, Vol.6, 107*
- **“Kwiyoberanya”**: **“Bafise ishusho yo kwubaha Imana ariko bahakana ubushobozi bwayo- Mpwemu Yera.”**2Timoteyo3:5 **“Bafise ishusho y’ubugororotsi ariko barihakanye ubushobozi bwabwo. Dusome ico Arthu G. Daniells yabivuzeko: “Ariko ubukristo bw’umugenzo gusa burahendana kandi burica.N’ibuye rinyegejwe kandi ritaboneka imyaka yose ishengero ryagiye ritsitarako rigahakwa kugwa no kujanjagurika. Paulo aratugabisha ko ukwiyita abagororotsi (2Timoteyo3 :5) ariko bitarimwo ubushobozi bw’Imana(MpwemuYera) bizoba umwe mu mitego yo mu misi y’iherezo, kandi akaduhimiriza ngo duhindukire tuve muvy’ubuhendanyi bizimiza”** **A.G.Daniells, Jésus-Christ notre justice, p. 39**

Dusome kandi aya majambo akomeye dusanga mu bitabo vyacu:

- ✓ **Abantu bake:**”*Mu ndoto zanje nabonye umurinzi yashizwe ku muryango w’inyubakwa ihambaye, yabaza abo bose begera urugi ati: “Mwararonse Mpwemu Yera?” Yari afise mu minwe irenga ryo gupima, n’abantu bake gusa bemerewe kwinjira.”(EGWhite Messages chois 1 p 128)*
- ✓ **Mu Bantu mirongo ibiri nta n’umwe yiteguye:** « *Iri n’ijambo nashikirije ku mugaragaro imbere y’Ishengero. Ku bantu mirongo ibiri banditswe mu gitabo c’Isengero nta n’umwe yiteguye guheza urugendo rwiwe rwa hano kw’isi kandi ninde hamwe, ivyo vyoba bishitse, atokwisanga mu ruhande rw’abantu bimenyereye gukora ivyaha, ni kuvuga batagira Imana kandi batagira ivyizigiro muri iy’isi.”E.G. White, Service chrétien, p. 14s*
- ✓ **Kuki bishwe n’itiro:**”*Kuki abasoda ba Kristo ataco banezwe bigeze aho kandi basinziriye? Ni kubera ko ugushikirana n’Imana kwabo kudafashe; Kubera ko batagira Mpwemu Yera ku buryo buteye ubwoba.”*
- ✓ **Akaga gateye ubwoba:**” *Sinovuga vyinshi ku kuntu ubuzima ari ubw’akanya gato kandi buteye amakenga. Ariko hari akaga gateye ubwoba- akaga atari benshi bagatahura- ako nako ni guteba kwishura umuhamagaro ukomeye wa Mpwemu Yera. Mu vy’ukuri ukwo kurindira n’ingingo yo kubaho mu caha” Ellen G White, Le Meilleur Chemin, p30*
Ni ikihe caha c’ishingiro? “*Nuko batanyizera.*”Ikimenyetso c’uko twizera vy’ukuri Yesu Kristo kandi ko dufise ivyizigiro muri we n’uko tumwihebera tutiziganije. Aha n’ukuvuga kumugamburukira muri vyose, tukaba twiteguriye kumukurikira aho aja hose.

Nongeye gusubiramwo kandi nshimitse: narubahutse kwongerako iyo mirongo ihambaye cane, kandi kuko ni kubw’umunezero wacu hamwe n’ubuzima buhoraho, ariko kandi kubwo ubwaku bwacu na cane cane mu buzima bw’abubakanye, mu miryango yacu ndetse no mw’ishengero.

Ibibazo vyinshi

Ikibazo kidasanze, n’ico kumenya namba mwuzuye canke mutuzuye Mpwemu Yera. Ni ryari tuba twuzuye Mpwemu Yera? N’ibiki bisabwa? N’akahe karusho k’ubuzima burimwo Mpwemu Yera? N’ibiki bishika iyo umuntu yiyumviriye ko yuzuye Mpwemu Yera ariko yibesha?

Murakoze kuntera umwete

Dushimire Umwami Imana kuko mu mashengero yacu uyu musi havugwa kenshi cane ko dukeneye IVUGURURA. Niyumvira ko Imana yacu nkuru kandi nziza ifise ibituma bihambaye vyo kuduhimiriza ubu nyene biciye muri Mpwemu wayo, ngo turondere iryo vugururwa. Kumbure hoba ari kubwo imvo zikurikira?

- Ishaka kumara ubukene bwacu ng'adukure muri Lawodikiya.
- Ishaka kudutegurira ukugaruka kwa Yesu kwegereje n'ibihe bidasanzwe bizokubanziriza.
- Biciye mubitondera ivyagezwe vy'Imana bakagira n'ibishingira intahe Yesu (Ivyahishuwe 12:17) hamwe no kwizera kwa Yesu (Ivyahishuwe 14:12), ishaka kutuyobora kw'IVUGURURA rihambaye rya nyuma. (Ivyahishuwe 18:1-2)

Kandi dushimire Imana ko umwizera wese aganzwa na kameremere ashobora guhinduka vuba cane Umukristo aganzwa na Mpwemu kandi ko umuntu wese aba muri Mpwemu Yera, ashobora gushika kukunengesera. Mu kurangiza iki gice munyemerere mvuge ikindi kintu cashitse.

Intumbero nshasha hamwe n'amahoro y'imbere

” Mushiki wanjye umwe yampaye agatabo *Intambuko ku yindi dushikire IVUGURURA mu vya Mpwemu*. Ivyo nasanzemwo vyaramenye umutima. Hari haheze igihe kirekire ndondera ibisa navyo, noneho nari mpereje kubironka. Naciye ntangura gushira urutonde mu buzima bwanje bwa Mpwemu kandi nabonye ko hari ikintu ntegerezwa gukora: Niyeguriye burundu Yesu Kristo. Kuva ico gihe Umwami yagiye arankangura buri gatondo hakiri kare agaheza akangabira akanya mu gacerere turi kumwe. Hanyuma nize ku musi ku musi igisomwa co mu gitabo *imisi 40*,. Nabonye ko imigenderanire yanje na Yesu yiyongera bidasanzwe. Yatera iba iyimbitse kandi ambera pfampfe. Mpwemu Yera yariko arankoreramwo inyuma yo kwiga Imisi 40, narize igitabo imisi 40 inimeru ya kabiri. Hagati aho nize ivyo bitabo bibiri n'ubwitonzi incuro zine. Ubu sinshobora kwirengagiza gusaba ku musi ku musi ngo Imana ibane nanje. Ingaruka zabaye igitangaza kuko intumbero yanje nshasha hamwe n'umunezero w'imbere ntibishobora kunyegera. Mur'ico gihe cose natewe iteka ryo guca muri vyinshi. Narondeye n'imyanya yo kubwira abandi ivyantera kunezerwa. Iyo migenderanire yimbitse na Yesu ihindura ibintu vyinshi ubusa ivyaduhangayikisha ataco bimaze birazimangana. Ndipfuzako ko n'abandi bizera benshi bobaho muri ubwo buzima.

IGICE CA 3

HARIHO INYISHU KU NGORANE ZACU.

Ni gute dushobora gukura kuburyo duhinduka

Abakristo banezerewe kandi bakomeye?

Ni gute Mpwemu Yera akorera mu buzima bwacu?

Yesu Kristo yavuze mu mugani w'uruzabibu ati: "Mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe." Yohana 15:4 None ivyo bisigura iki?"Kuguma muri Kristo ni ukwakira Mpwemu wiwe ubudasiba, n'ukubaho kandi ugamburuka mu buryo bwuzuye mu gikorwa ciwe." **E.G. White; *Jésus Christ*, p. 680**

Iyo nyishu ifise impande zibiri ku ngorane nyamukuru yacu ni nayo nzira ishikana ku buzima rukristo bw'umunezero. Hanyuma Kristo yongerakoati: "*Ivyo ndabibabwiye kugira ngo umunezero wanjye ube muri mwebwe kandi n'umunezero wanyu wuzuzwe*".(Yohana15:11)

Ni twatera izo ntambuko zibiri (kwakira ubudahengeshanya Mpwemu wiwe kandi tukagamburuka tutiziganya) Kristo aba muri twebwe kandi iyo niyo nzira ishikana ku munezero wuzuye. Abakolosayi 1:27 havuga ivy'ubutunzi bw'icubahiro: Kristo muri mwe. Mbega ntivyibonekeza ko Yesu yashize umugani w'uruzabibu hagati y'isezerano rya Mpwemu Yera muri Yohana 14 hamwe n'igikorwa ca Mpwemu Yera muri Yohana 16?

Igihambaye n'ukwiyegurira Imana buri musu, hamwe n'ico turi cose n'ivyo dutunze vyose hanyuma tugasaba buri musu kwuzuzwa Mpwemu Yera kundi gusha.

Kuki ari ngombwa ko tugamburukira Yesu buri musu ?

Yesu avuga muri Luka 9: 23:" *Namba hari ugomba kunkurikira ni yiyanke yikorere umusaraba wiwe ankurikire.*"

Yesu avuga ko dukwiye kumukurikira buri musu. Kwiyanka bisigura: kureka Yesu akaba ariwe aganza ubuzima bwawe bwose. Kwikorera umusaraba ntibisigura kwamana ingorane buri musu, ariko bisigura kwiyanka buri musu kandi ukagamburukira Yesu unezerewe kandi utagoberewe- nka Paulo yavuze ati: "***Buri musu ndapfa.***"Mu gihe ca Yesu iyo umuntu yikorera umusaraba vyasigura ko yaciriwe urubanza rwo gupfa kandi ko yaba ariko aratumbera mu kibanza co kwicirwamwo. N'ukugamburukira Kristo rero ku musu ku musu. Ariko kandi ivyo bica bisaba kwemera n'ingorane ivyo vyohava biteza.

Dusubiremwo iki ciyumviro gihambaye cane: Igihe twavuka twatanguye ubuzima bwacu bw'umubiri. Kugira ngo tugumane ubuzima, inkomezi amagara, turafungura neza buri musu. Igihe twavuka ubwa kabiri, twatanguye ubuzima bwacu bwa Mpwemu. Kugira ngo tubungabunge ubwo buzima, tugume dukomeye dufise amagara meza mu vya Mpwemu, n'ico kimwe: Dutegerezwa kubwitaho ku musu ku musu. Namba tutitaho imibiri yacu co kimwe n'ubuzima bwacu bwa Mpwemu, duhinduka abanyanteye nke kandi tukarwara canke tugapfa. Ntidushobora gufungura rimwe ngo tubeho canke ngo tuziganye Mpwemu Yera rimwe rizima.

Mu gitabo « *Ivyakozwe n'Intumwa* », dusangamwo amajambo y'agaciro :« *Ubuzima bw'ivyaremwe bubungabungwa isaha ku yindi n'ububasha bw'Imana,ariko Imana ntirinda gukora igitangaza kiboneka kugira ngo iturinde ariko ikoresha imihzagiro y'uburyo*

butandukanye yashize imbere yacu. Niko biri no kubuzima bwa Mpwemu; bubungabungwa mu gukoresha uburyo Imana yaduhaye. »E.G.White, **Conquerants Pacifiques p252**

Iri ryungane naryo ryarankoze ku mutima:« **Dutegerezwa gukurikira Kristo ku musi ku musi. Imana ntitanga uyu musi ugutabara kw'ejo.** »E.G. White, *Jésus-Christ*, p. 303

Ellen White avuga ati:

« *Gukurikira Kristo bisaba guhinduka n'umutima wawe wose kandi ukama uvugurura iryo hinduka ku musi ku musi.* »Francis D. Nichol (Editeur), **Adventist Bible Commentary, vol.1, p. 1113 (Hagerstown, 1976)**

« *Nubwo ukwitanga kwacu kwoba kwabaye ukwuzuye igihe twahinduka, ivyo ntaco bimaze namba tutakuvugurura buri musi.* »E.G. White, Review and Herald du 6 janvier 1885 (egwritings.org) « *mwishikanire Imana kuva mu gatondo. Ico abe arico kintu ca mbere muherako. Isengesho ryanyu ritegerezwa kuba iri ngo: 'O Mana nyakira nk'inyegu yawe wiharije. Integuro zanje zose ndazishize ku birenge vyawe. Nkoresha uyu musi mu gikorwa cawe. Guma muri jewe kugira ngo ivyo nkora vyose ndabikorere muri wewe.' Uko niko bikwiye kugenda ku musi ku musi. Buri gitondo, mwishikanire Imana kubw'uwo musi. Mumushikirize integuro zanyu zose mwiteguye kuzishira mu ngiro canke kuzihagarika bivanye n'ico ari bubawire. Uko niko umusi ku musi, mukwihebera mu maboko y'Imana, ubuzima bwanyu buzogenda buhingurwa ngo buse n'ubwa Kristo.* »E.G. White, **Vers Jésus, p.108**

Morris Venden avuga ati: « *Namba mutari bwamenye ko mu kwiye guhinduka buri musi, bishobora kuba iterambere risaba ingingo zidasanzwe mu buzima bwanyu.* »**Morris Venden, 95 thèses sur la justification par la foi, p.84**

Ellen White arabishimangira ati:

« *Ni mwaba mwiteze ko Umwami abahindura ku musi ku musi... gutyo imyidogo yose izohera, ibirusha bizokworoshwa, kandi ingorane zose ziremereye zadutesha umutwe zizotorerwa umuti.* »E.G. White, **Jésus et le bonheur p. 108**

Kuguma muri Yesu biciye mukwivugurura ku musi ku musi ukwitanga kwacu birahambaye cane nko kuza kuriwe incuro yambere.

Hari ahandi Morris Venden yanditse agira ati:« *Ugushikirana n'Imana ku musi ku musi bishikana ku kwiyanka ibihe vyose, imyanya yose tukumva ko tubeshajweho n'ubushobozi bw'Imana.* »**Morris Venden, 95 thèses sur la justification par la foi, p.214**

Ntidukekeranya: Mu gihe duhisemwo guhebera Yesu ubuzima bwacu buri musi, dukora nk'uko agomba kuko yavuze ati :« Ni muze kuri jewe... »(Matayo 11 :28) kandi « Uwoza kuri jewe sinomuhinda na gatoya. »(Yohana 6 :37)

Umwami yiteguriye kudukorera ibintu bihambaye. Gute ? Ntituzokwegukana intsinzi ngo n'uko turi benshi ariko kubwo kugamburukira Yesu mu buryo bwuzuye. Dutegerezwa kuja imbere mu nkomezi ziwe kandi tukizigira Imana ikomeye ya Isirayeri. « *Si kubw'inkomezi, si kubw'ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanje.* »(Zekariya 4 :6)

John Wesley avuga ubwaku buhambaye Imana ishobora kugira ku bantu biciye muri twebwe mu gihe twomwiyegurira burundu: « Biciye mu muntu umwe gusa yitanze 100% Imana ishobora gukora ibirengeye ivyo yokora biciye mu gisirikare citanze 99% »**Joseph Kidder, Anleitung zum geistlichen Leben, PPP Folie 14 (Andrews University)**

Ellen White yandika ati : « *Abo bonyene bazokwemera kuba abakozi bakorana na Kristo, bazovuga bati : Mwami, ivyo mfise vyose n'ico ndico ni ivyawe, nibo bonyene bazokwemerwa nk'abahungu n'abakobwa b'Imana.* »E.G. White, *Jésus-Christ*, p.517

« *Abo bose biyegurira Imana, umutima, umubiri, n'Impwemu bazokwama baronka ingero nshasha y'inkomezi z'umubiri n'iz'ubwenge....Mpwemu Yera asuka inguvu ziwe zihambaye cane mu mitima yabo no mu vyiyumviro vyabo. Ubuntu bw'Imana burakura kandi bukagwiza ubwenge bwabo kandi uguhingurwa kwose kw'ubumana gushirwa mu gikorwa. intumbero imwe rudende ifise niyo gukiza imitima. Kubwo ubufasha bwa Kristo, baratunganijwe, bahabwa ubushobozi, nubwo umuntu asanzwe ari umunyantegeke, zo gukora ibikorwa vy'Ishobora vyose.* »E.G.White, *Jesus Christ*, p830

Kuki dusenga buri musi ngo twuzuzwe Mpwemu Yera ?

Isengesho risaba kwuzuzwa Mpwemu Yera n'igisabo gishikirizwa Yesu ngo agume muri twe. Biciye muri Mpwemu Yera niho aba muri twe. Kuki none dutegerezwa gusenga iryo sengesho buri musi ?

Yesu yadusigiye akarorero. Ellen White yandika ati :« *N'indemesho y'agaciro ku mukozi w'Imana kumenya ko Kristo ubwiwe mu buzima yabaye hano kw'isi yasaba se, umusi ku musi, ubuntu yari akeneye. Twisunze akarorero kiwe, turashobora kwizera ko ivyo dusavye dushimitse kandi twihanganye, tukabisaba Imana dufise ukwizera- kwa kwizera gushikana ku kubeshwaho mu buryo bwuzuye n'Imana hamwe no kwitangira igikorwa cayo utiziganije-bizodufasha gushikiriza abantu ugutabarwa kuva kuri Mpwemu Yera mu ntamabara zabo bagwanya icaha.* **Conquerants pacifiques p50**

Namba Yesu yariyumvamwo bikomeye ko akeneye ubwo buntu ku musi ku musi, mbega tweho ntitwategerezwa kwiyumva nk'uko Yesu yiyumva?

Mu ca 2Korinto 4:16 tuhabona iryungane rihamabaye cane: «... *umuntu wacu w'imbere yama ahinduka musha uko bukeye.* »

Ni gute ukwo guhinduka ku musi ku musi kwikora? Twisunze Efeso 3:16, 17 na 19 gukoreka kubwa Mpwemu Yera:« *kugira ngo abahe nk'uko itunga ryiwe ry'ubwiza ,kuremeshwa n'ubushobozi imbere mu mutima mubihawe na Mpwemu Yera. Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera; kugira ngo mugize imizi ishinze mu rukundo n'amabuye y'itanguriro arwubatswemwo...ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw'Imana kwose.* »Dushobora gukuramwo ko:

- Muri rusangi, birakenewe gusenga ku musi ku musi kugira ngo duhindurwe basha na Mpwemu Yera. Uko niko Kristo aba muri twe.
- Kristo aduha ubushobozi nk'uko itunga ryiwe ry'ubwiza riri, kubw'umuntu w'imbere. Ubushobozi bw'Imana n'inkomezi ndengakamere.
- Mur'ico gihe nyene, imitima yacu yuzura urukundo rw'Imana.
- Kandi iyo n'inzira ishikana ku “kunengesera kwose kw'Imana.”raba Yohana 10:10;Abakolosayi2:10

Mu banyefeso 5:18, dusangamwo ikindi gisomwa c’agaciro:”Mwuzure Mpwemu Yera.”Ngiyi mpanuro irusha izindi kuba nziza. Imana yacu ico itwitezeko nuko twogira ishaka ryo kubeshwaho na Mpwemu Yera.

Mwene Data Johannes Mager, umuhunga mu rurimi rw’ikigiriki, aratomora ati: “Mwame mwuzura Mpwemu Yera kandi imisi yose.” *W. Lange (éditeur), Unser grösstes Bedürfnis, p. 42 (Lüneburg, 2011)*

Mu ndongozi yo kwiga Bibiliya yo kuwa 17/7/2014, dusomamwo ibi bikurikira: “Umubatizo wa Mpwemu, dusomamwo ibi bikurikira: “Umubatizo wa Mpwemu Yera n’ukuba mu buryo bwuzuye musu y’ubushobozi bwa Mpwemu Yera, “twuzuye Mpwemu Yera mu rugero rushitse”.Efeso5:18. Si ikintu gikoreka rimwe gusa ngo kube gikwiye ahubwo n’ikintu gitegerezwa kwama kivugururwa.”(*Guide d’étude de la Bible de l’Eglise Adventiste Sun Septième Jour, 17.7.2014*)

Nk’uko irivuga ry’ikigiriki rivyerekanwa.Ibi intumwa Paulo yavyandikiye abanyefeso mu gice ca 5, no mu gice ca 1:13 yari yanditse agira ati:”Muri we mwashikanywe ku kwizera kandi mwateweko ikidodo ca Mpwemu Yera cari carasezeranywe....”

Abanyefeso rero bari bararonse Mpwemu Yera.Ariko bari “*bakeneye’ inkomezi n’ububasha bitangwa na Mpwemu wiwe*” “*Mwuzure Mpwemu Yera*”. Canke “*Mureke imisi yose mwuzuzwe Mpwemu yera kandi imisi yose muvugururwe*”

Ng’ibi bimwe mu vyo Ellen White yavuze: “*Igihe cose birakenewe kugumya imigenderanire n’Imana kugira ngo dutere imbere.Nubwo twoba twaramaze kuronka Mpwemu wayo, dusabe ngo yongerezwe mu gusenga no kwizera.*” cité dans *W. Lange, Unser grösstes Bedürfnis, p 50*

Nabonye kandi iri jambo ritangaje:”*Dukwiriye kuronka umusi ku musu umubatizo w’urukundo, uwo intumwa zaronse bikabashikana kugira icyumviro kimwe.*” *E.G. White, Messages choisis 1, p.439*

Abaroma5:5 herekana ko urukundo rw’Imana rwasutswe mu mitima yacu biciye muri Mpwemu Yera.Soma n’Abanyefeso 3:17.

Umubatizo wa buri musu wa Mpwemu Yera (Kwuzura Mpwemu Yera) atuma haba muri uwo mwanya nyene umubatizo w’urukundo (kwuzura urukundo rw’Imana Agape).Vyongeye, inkomezi z’icaha zizoheregetzwa. (Abagalatiya 5 :16 ; Abaroma 8 :2).

AKAMARO KO KWIHERERANA N’IMANA

Twihweje akamaro ko kwishikanira Yesu ku musu ku musu no gusaba buri musu kwuzuzwa Mpwemu Yera, n’ikihe kibanza twoha ukwiharerana n’Imana?

Nabonye ibisomwa vyerekana ko umuntu w’imbere ategerezwa guhindurwa musha ku musu ku musu. Bishira akatuzo ku mwanya wo kwiharerana n’Imana kandi buri musu.

Umushinge w’ibikorwa vyo mw’ihema wari ishikanwa ryo mugatondo n’iryo ku mugoroba, havuye ishikanwa ryo kw’Isabato.(Guharura 28 :4 na 10)

None insiguro y’ayo mashikanwa yarutirwa yari iyahe?

"Ikimazi cagereranya impano yuzuye umunyavyaha yaha Imana... Amasaha y'amashikanwa yo mugatondo no ku mugoroba yari amasaha meranda... yari imyanya idasanzwe y'amasengesho." Fritz Rienecker, *Lexikon zur Bibel*, p1017 (Wuppertal, 1964)

“Kandi amasaha yagenywe yo gutangirwa ko ikimazi co mugatondo n’ico ku mugoroba yafatwa nk’amasaha meranda kandi yahereje kwubahirizwa n’ihanga ryose rya Isirayeli nk’amasaha yo gusenga y’umuryango... Abakristo bategerezwa kuhigira akarorero k’isengesho ryo mu muryango mu gatondo no ku mugoroba”. *Mu gihe habaye gusubiramwo ibisabisho gusa ata Mpwemu y’ugusenga ivyo ntibinezera Imana, ariko kandi Imana irabana umunzero abo bose bakunda guca bugufi mu gatondo no ku mugoroba kugira ngo bayisabe ikigongwe c’ivyaha vyabo bongere bayisabe imigisha bakeneye.*” E.G. White, *Patriarches et prophètes*, p.326

Mbega turatahura ko ukwihererana n’Imana mu gatondo no ku mugoroba, co kimwe n’Isabato n’umushinge w’ubuzima bwacu bwa Mpwemu? Twoba tubona akamaro ko kwiye gurira Yesu mu buryo bwuzuye buri musu kandi tukamutumira ngo aze abe muri twe bwe biciye muri Mpwemu Yera?

Kugira Imana nyambere buri musu imbere y’ibintu vyose niyo ngingo ngenderwako ya Mpwemu ihambaye gusumba izindi. Mu nyigisho yo ku musuzi, Yesu yavuze ati: ***“Mubanze mwitwararike ivy’ubwami bw’Imana n’ivy’ukugororoka kwayo niho ibindi vyose muzovyongerwa.”*** (Matayo 6:33)

Ubwami bw’Imana n’ukuronka Kristo, ubu nyene mu mutima wawe, ivyo bituma dutegerezwa kumwishikanira ku misi ku musu kandi tukumva dukeneye gusaba Mpwemu Yera mu kwiherera kwacu. Umusu tuzoba turi imbere y’Imana, ikibazo gihambaye kizoba ari iki ngo: Mbega twaragiranye imigenderanire yimbitse ku giti cacu na Kristo akiza kandi twoba twagumye muri we? (Yohana 15:1-17) Mbega ntitwipfuzwa kunezerwa birushirije mu kwizera?

Umuntu aronka imyanya mike cane yo kubana na Yesu atekereje canke yihererana nawe mu buryo bwo kwikurayo gusa, uyo akomezwa incuro imwe mu ndwi, igihe c’amakoraniro yo kw’Isabato. Ni nk’aho yoba aya rimwe gusa mu kiringo c’indwi. Ivyo hari uwobitahura? Hari igitangaza ko umukristo nk’uwo ategekwa na kameremere k’umubiri? Namba agumye uko, ntanubwo ashobora kuzokizwa. Tubaye tuyoborwa na kameremere ukwihererana na Yesu dushobora kutubonekera nk’inshingano. Ariko ni twaba tuyobowe na Mpwemu tuzorushiriza kubona ko ari ikintu dukeneye cane. Haraheze imyaka nsomye igitabo *“Nari inkazi y’ikibi”* canditswe na Jim Vaus. Yavugamwo ingene yahindutse. Yaratuye ivyaha vyawe ata buryarya- ubusuma, ububeshi nibindi. Imana yarahinduye ibintu mu buzima bwiwe. Ibi vyaranezereje. Naribwiye nti: Jewe merewe neza muri vyose ariko nta gihe na kimwe nigeze nkora nk’uko uyo yakoze. Nahereje gusenga nti: “Data wo mw’ijuru, nanje ngomba kwatura ivyaha vyanje vyose, ivyo nibuka vyose hamwe n’ivyo uza kunyereka. Kandi kugihe nahora mvyukira nzovyuka isaha imwe imbere kugira ngo nsenge nongere nsome Bibiliya. Hanyuma nzoraba ko wiyerekana mu buzima bwanje nanje.”

Imana ishimiye. Imana yarakoze ico gikorwa. Kuva ico gihe ukwihererana n’Imana mu gitondo hamwe n’isabato nivyo mushinge w’ubuzima bwanje hamwe n’Imana.

Ni twahindukirira ku Mana buri musu, tukemera kwuzuzwa Mpwemu Yera, ubuzima bwacu buzohinduka. Vyose bica mu mwanya wacu wo kwihererana n'Imana.

GUSENGA MU MPWEMU NO MUKURI

Ikintu c'ingenzi n'ugusenga Imana. Ubutumwa bwa nyuma Imana yahaye abantu n'ubwo guhitamwo gusenga Umuremyi canke igikoko. (**Ivyahishuwe 14 :6-12**).

Isabato n'ikimenyetso kiboneka co gusenga umuremyi.

Yohana 4 :23-24 hatwereka inyifato y'umutima Imana ishaka ko tugira: “Ariko isaha irashitse- n'ubu nyene- abasenga b'ukuri basenga Data mu Mpwemu no mu kuri; kuko abo nibo Data arondera. Imana n'Impwemu kandi abayisenga bakwiye kuyisenga mu Mpwemu no mu kuri.”

Gusenga mu Mpwemu bisigura vy'ukuri gusenga bivuye ku mutima, ariko kandi ni gusenga wuzuye Mpwemu Yera. Gusenga mu kuri bisigura kugamburukira Yesu Kristo mu buryo bwuzuye we kuri. “Jewe ndi ukuri” Yohana 14:6 Kubwa Yesu muri twe, tubayeho nk'uko ijambo ry'Imana rivuga kandi twisunga amategeko yayo kuko avuga ati: “*Ijambo ryawe niryo kuri.*” **Yohana 17:17 no muri Zaburi 119:142**, handitswe ngo: “Itegeko ryawe niryo ukuri” Namba tutabayeho dusenga uyu musu, mbega ntuzohakwa gutsindwa mu gihe ibintu bizoba bikomeye? Ku bakisto baganzwa na kamere izoba ingorane ikomeye. Ndizera ntakekeranya ko twese dushaka gukura kubw'ubuntu bw'Imana kandi tugatera tuja imbere mu kumenya ijambo ry'Imana yacu.

UMUBATIZO HAMWE NA MPWEMU YERA

Hariho abiyumvira ko buzuye Mpwemu Yera kubera ko babatijwe, kandi ko ivyo bihagije. D.L. Moody yavuze kuri ivyo ati:” *Hariho benshi biyumvira ko inyuma yo kwuzuzwa Mpwemu Yera rimwe, baronse Mpwemu Yera bakeneye mu buzima bwose. Oh ncuti zanje, turi ibivomesho bitobotse; dukeneye kuguma kw'isoko kugira ngo twuzuzwe.*” **D.L. Moody, They found the secret, p. 85-86**

Joseph H. Waggoner yanditse ati:” Ibihe vyose umubatizo ufashwe nk'ikimenyamenya c'impano ya Mpwemu Yera, umunyavyaha yihanye aba yibereye mu mutekano wa kameremere. Afata umubatizo wabo wonyene nk'ikimenyetso c'ubuntu bw'Imana aho kwishimikiza Mpwemu Yera ari mu mitima yabo...” **Joseph. H Waggoner ; The Spirit of God, p. 35s**

Umubatizo ufise akamaro kawo kandi uhura n'ubugombe bw'Imana, ariko ntidushobora gufata ikintu cashitse muri kahise nk'aho coba ari ikimenyamenya c'uko twuzuye Mpwemu Yera uyu musu.

Abantu bamwe baronka Mpwemu Yera imbere y'uko babatizwa. (Akarorero: *Koluneriyo n'umuryango wiwe, Paulo*). Abandi nabo baronse Mpwemu Yera inyuma y'umubatizo gusa. (Ak: Abasamariya canke abagabo cumi na babiri b'I Efeso). Ariko ntaco biriko turonka Mpwemu Yera, imbere yo kubatizwa, tuyironka mu gihe tubatizwa canke

inyuma y'ukubatzwa: Icingenzi n'uko umusi umwe twaronse Mpwemu Yera kandi na n'ubu tukaba tukimufise mu mitima yacu. Igihambaye cane s'ukuba twarigeze kuronka Mpwemu muri kahise ahubwo n'ukuba dufise Mpwemu yera ubu.

Kuva tuvuka turakenera gufungura, kunywa, kugendagenda, gusinzira n'ibindi... buri musi kugira ngo dushobore kubaho; bitar'uko twoba tumaze igihe kirekire twarapfuye. Ubuzima bwa Mpwemu nabwo nyene bugizwe n'ayo mategeko nyene. Kubwa Mpwemu Yera, twaravutse ubwa kabiri, mu kwishikanira Yesu tutiziganije kugira ngo ubwo buzima bugume muri twe. Kandi buzoguma muri twe nitwakoresha uburyo Imana yaduhaye ngo dukoreshe muri iyo ntumbero. Ubwo buryo ni Mpwemu Yera, Isengesho, Ijambo ry'Imana.

Niyemeje kwongera kuvuga amajambo ya E.G. White igihe yandika ati: *"ubuzimma busanzwe bubungabungwa isaha kw'isaha n'ububasha bw'Imana, ariko nta bitangaza biboneka Imana ikora kugira ngo idukingire, ahubwo bica mu migisha itandukanye Imana yadushize imbere. Niko bimeze no ku buzima bwa Mpwemu; bubungabungwa n'ugukoresha uburyo Imana yaduhaye."* E.G. White, *Conquérants Pacifiques*, p. 252

Ibi bisigura ko igihe twavuka ubwa kabiri, twahawe Mpwemu Yera ngo agume muri twe. Ariko kugira ngo ivyo biranguke, birakenewe ko ku musi ku musi dukoresha imihazagiro Imana yaduhaye. Mbega n'ibiki twokwitega mu gihe tutobikora?

Mpwemu Yera niwo muhezagiro uruta iyindi yose twahawe. Hiyongera ko isengesho, umushikirano wimbitse n'Imana biciye mw'ijambo ryayo, kuja mu makoraniro, gukorera abandi mw'izina rya Yesu n'ibindi...

Niyumvira ko twemeranya ko twese dukeneye gufata neza ubuzima bwacu bwa Mpwemu imisi yose. Namba tutabikora tuzoshikwako n'ingaruka mbi, tutigeze twipfuzwa ko zodushikira. Ntidushobora gufungura rimwe gusa ngo bizodutunge ubuzima bwose kandi ntidushobora kuronka Mpwemu Yera rimwe gusa ngo azoheze adufashe ubuzima bwacu bwose.

"Imana ntitanga uyu musi ugutabarwa kw'ejo." (E.G. White, *Jésus-Christ*, p. 303) Birakenewe ko twishikanira Kristo ku musi ku musi kandi tugatumira Mpwemu yera mu buzima bwacu ku musi ku musi. Nka kurya kw'impende zibiri z'ifaranga, ivyo bintu bibiri navyo bifise intumbero imwe: kugiranira imigenderanire yimbitse, kwegerana cane na Kristo. Kubwo kwitanga kwanje ndamwiyegurira jewe wese, kandi biciye mw'isengesho ryanje nsaba Mpwemu Yera ndamutumira mu mutima wanje. 1Yohana 3: 24 (hamwe na Yohana 14:17, 23) hatwereka ko Yesu aba muri twe biciye muri Mpwemu Yera: *"...kuri ivyo turazi ko aba muri twe: kubwa Mpwemu Yera yaduhaye."*

IGIKORWA CA MPWEMU YERA

Mu gihe Mpwemu Yera ari muri jewe, ankoreramwo ivyo Kristo yakoze. Abaroma 8:2 havuga hati : *"Kuk'ikingera ca Mpwemu w'ubugingo bwo muri Kristo Yesu cancunguye ngo singanzwe n'icangera c'icaha n'urupfu."* Dushobora gutahura *"itegeko ry'Impwemu"* nk'uburyo Mpwemu Yera akorera mu mitima yishikaniye Imana. Mpwemu Yera wenyene niwe ashobora gusubiza ubuzima ivyo Kristo yakoze muri jewe. E.G. White arabisigura neza: *"Yategerezwa gutangwa nk'uburyo bwo kwigaragaza, bubaye budahari ikimazi ca Kristo cobaye kitikwije.... Mpwemu Yera niwe adushoboza kuronka imigisha y'igikorwa cakoze n'Umucunguzi w'isi. Mpwemu Yera niwe atunganya umutima, kubwa Mpwemu Yera*

umwizera ahinduka uwusangiye akaranga n'Imana... Ubushobozi bw'Imana bwiteze gusabwa no gutangwa."E.G. White, *Jésus-Christ*, p.675

Thomas A Davis avuga uko ibintu bigenda muri aya majambo:" *ivyo bisigura ko n'ukwuzura kw'igikorwa ca Kristo kuva kuri Mpwemu Yera. Ivyo Yesu yakoze vyose hano kw'isi- igitsemane, ku musaraba canke igihe yazuka hamwe rero n'igikorwa c'umuherezi mukuru ariko ararangura mw'ijuru, vyose ntaco vyoshikako bitarongowe na Mpwemu Yera.Igikorwa ca Kristo coruta gato gusa ic'amadini ahambaye ya hano kw'isi canke igikorwa c'umurongozi w'idini. Kubera ko Kristo nubwo ari Imana ntashobora gukiza abantu akoresheje gusa akarorero kiwe hamwe n'inyigisho ziwe. Kugira ngo habeho ihinduka, birakenewe ko mpwemu Yera akorera muribo. Ico gikorwa gikorwa na Mpwemu Yerayarungitswe kugira ngo ikorere mu mitima y'abantu ivyo Yesu yaciriye inzira.*"Thomas A.Davis, *How to be a victorious Christian*, Review and Herald / Als Christ siegreich leben, p. 43 (HW-Verlag)

Mbega iyo s'impamvu ihagije yo kugira ngo twitwararike kuronka Mpwemu Yera?
" Igihe Mpwemu Yera yiganziye umutima, ubuzima burahinduka. Bashira ku ruhanda ivyiyumviro vy'icaha, bakiyambura ibikorwa bibi; urukundo, ukwicisha bugufi, hamwe n'amahoro bisubirira uburake, ishari n'imitongano. Umunezero usubirira umubabaro, kandi mu maso hakerekana umuco w'ijuru"E.G. White, *Jésus-Christ*, p. 154

Hariho kandi izindi nyungu nyinshi cane mu buzima burimwo Mpwemu Yera ariko kandi hari ingaruka mbi nyinshi n'ukugeramirwa mu kubaho utagira Mpwemu Yera.

MBEGA NOBA NUZUYE MPWEMU YERA

Twibaze ibibazo bikurikira:

- Mbega ndashobora kubona ibikorwa vya Mpwemu Yera mu buzima bwanje?(**Yohana15:16**)
- Mbega noba ntanguye kwumva ijwi rya Mpwemu Yera kandi nkaritahura? Arashobora kunyobora mu gufata ingingo zerekeye ubuzima bwanje? (Abaroma 8:14)
- Gukunda abandi vyaravuguruwe muri jewe? Mbega Mpwemu Yera aratuma numvira ikigongwe n'impuhwe abantu nsanzwe ntabonako nohitamwo kubagira abagenzi banje?(Abagalatiya 5:22; Yakobo 2:8-9)
- Mbega mbye mu buzima aho Mpwemu Yera amfasha mu migenderanire yanje n'abandi, nk'akarorero mu kumfasha kuronka amajambo meza kugira ngo ndemeshe umuntu ababaye canke afise ingorane?
- Mbega arampa inguvu zo kuba icabona ca Yesu no kuzana abandi Kuri we?
- Mbega mbye mu buzima aho umuhoza yama ansanga mu masengesho yanje kandi akamfasha gushikiriza ivyiyumviro vyanje vy'ibwina mu mutima?*Catherine Marshall, Der Helfer, p. 24 (Erzhausen, 2002)*

Iyo twihweje ivyo bibazo, turabona ko dukeneye gukurira muri Mpwemu Yera, ngo tumumenye neza kandi tumukunde kuruta uko vyahora.

UGUSUBIZA HAMWE K'UMWANA NA SE

Mwene data umwe yanditse agira ati: “Jewe na Data twariyujuje. Tumaze kwiga “Intambuko kuyindi ngo dushikire IVUGURURA rya Mpwemu!” hamwe “N’imisi 40 yo kwiherera no gusenga...N°1 na 2” nagize amahirwe yo kuba mu bihe vyiza vyo kwuzuzwa Mpwemu Yera. Icanzereje cane rero n’ukubona ko Mpwemu Yera ashobora kandi ashaka gukorera mu mice yose y’ubuzima bwanje.

Imyaka yose nari maze imigenderanire yanje na Data yama itifashe neza. Kuva nkiri umwana n’igihe nari umuyabaga, naripfuye kandi ndasenga ngo imigenderanire yanje na Data ibe myiza. Ariko aho kugira ngo bigende neza vyatera vyononekara. Haraheze kandi imyaka nk’itandatu canke indwi. Imana yarazibiye ikinogo nari mfise mu mutima wanjye. Mu gihe nariko ndiga nongera nsenga nsaba Mpwemu Yera, jewe n’umugore wanjye Imana yaducishije mu bintu vyinshi cane vyiza. Twarasengeye imiryango yacu mu buryo budasanzwe turasengera Data. Muri icyo gihe naronse inkomezi nshasha zo gukunda Data. Narashoboye kumubabarira kuri ivyo vyose vyari vyagenze nabi mu migenderanire yacu mu gihe nari nkiri muto. Ubu rero jewe na Data twahindutse abagenzi. Nawe nyene yaratanguye kuba umuntu ayoborwa na Mpwemu kandi yaratanguye kubwira abandi ivy’Imana. Uyu musu imyaka ibiri irahaze imigenderanire yacu igenda neza cane. Ndashimira Imana cane kubw’ico kintu cakoretse. Ubwambere nama niyumva ataco nshoboye kandi kenshi nkumva ko nigunze ndi jenyene. Ariko kuva aho ntanguriye gusenga imisi yose nsaba Mpwemu Yera, mfise ubuzima bwiza cane kandi imigenderanire yanje n’Imana yaravuguruwe iba myiza cane. (Umwanditsi w’iki gitabo arazi izina ry’uwo mwene Data)

Isengesho: Mwami Yesu, ndagushimira kuko biciye muri Mpwemu Yera ushaka (ugomba) kuguma muri je. Urakoze kuko imigenderanire yacu y’ukwizigira n’urukundo itera ikura kubwo kukwiye gurira ku musu ku musu. Mwami, mfasha kugira ngo menye neza Mpwemu Yera hamwe n’igikorwa ciwe. Nshaka kumenya ivyo agomba kunkorera, ivyo agomba gukorera ababanyi banje, hamwe n’ishengero ryanje hamwe kandi n’ingene dushobora kumenya tudakekeranya, ko inyuma y’isengesho ryacu rya buri musu, ko twaronse Mpwemu Yera. Ndagushimiye bivuye ku mutima. Amenii.

E.G.White yanditse ati: “Yesu...yahawe Mpwemu Yera mu buryo bwuzuye. Ni muri ubwo buryo nyene icyo Mpwemu izosukwa ku mwigishwa wese azokwegurira Umwigisha wiwe umutima wiwe wose atiziganije kugira ngo awubemwo. Imana yacu yatanze iri tegeko rigaruka kandi rikaba n’isezerano ry’ugushirwa mu ngiro itari: ‘Mwuzure Mpwemu’ (Abanyefeso 5:18) umunezero wa Data n’uko ukunengesera kwose kwuba muri twe bwe kandi ko twonengeserezwa muri we. (Abakolosayi 2:10)” E.G. White, *Heureux ceux qui*, p.20

IBINDI TWOVUGA KU BANYEFESO 5:18 –“MWUZURE MPWEMU”

Uravye mu gisomwa c’igifaransa abanyefeso 5:18, tubona ko umuhamagaro washikirijwe mu buryo bw’itegeko. Turabona kandi ko iryo ryungane ryashizwe mu bwinshi, ko ribwirwa abantu bose. Kandi dutahura ko ari inshingano yacu kurondera

ukunengesera kwa mpwemu Yera. Ariko igisomwa co mu kigiriki kirerekana ibindi birushirije.

Johannes Mager arasigura ati: “Mu makete yo mw’Isezerano risha, hari igisomwa kimwe gusa kivuga kidaciye ku ruhande icyumviro co kwemera tukuzuzwa Mpwemu Yera: “Mwuzure Mpwemu” (Abanyefeso 5:18).

Mu Vyakozwe n’Intumwa, dusangayo icyumviro co kwuzura Mpwemu nk’impano kugira ngo dushobore gukorana inkomezi mu bihe bidasanze. Paulo avuga (nk’itegeko ritanze rivuye ku Mana – turabibona mu mpera z’igice) ukunengesera nk’itegeko riraba abizera bese hatanzwe ibihe barimwo. Iryo tegeko rigufi ariko kandi rihambaye rifise ibice bine vyihariye:

1. Irvuga “kwuzura” (plerein) rihandikirije mu muvugire wa Rubwiriza. Aha Paulo ntari arabamenyeshya ivyo bakwiye gukora canke ngo abahe impanuro. Ntabahitishamwo ngo bemere canke bahakane. Nk’intumwa ibifitiye ubushobozi atanga itegeko imisi yose riraba ubugombe bw’umuntu. Kugira ngo umuntu yuzure Mpwemu Yera ubwambere na mbere biva kuri we ubwiye. Abakristo bashizwe imbere icagezwe co kurondera ukunengesera kwa Mpwemu Yera.
2. Irvuga rihandikirijwe mu bwinshi. Itegeko rero ntiriraba abantu bamwe gusa bo mw’ishengero, abo bafise amabanga adasanze. Si iteka ryatewe abantu bamwe batoranijwe kugira ngo baronke Mpwemu Yera. Umuhamagaro ushikirizwa abanyeshengero bese aho bari hose kandi imisi yose. Nta n’umwe akumiriye. Kubwa Paulo n’iciza ko abantu bese buzura Mpwemu Yera.
3. Irvuga ryahandikirijwe mu mero Mugirwa. Ntidusoma ngo:” Ni mwiuzuze Mpwemu!” ariko ngo: “Mwuzure Mpwemu(Mu Kidage: mwuzuzwe...). Nta muntu n’umwe ashobora kwiyuzuzwa ubwiye Mpwemu. N’igikorwa ca mpwemu Yera mu buryo bwihariye. Ivyo n’ububasha bwawe. Ariko kandi umuntu nawe hari vyo asabwa kuba akwije kugira ngo Mpwemu ashobore kumwuzuzwa. Umuntu aramutse atabigomba Mpwemu ntashobora kumukoreramwo.
4. Mu kigiriki umwanya wakoreshejwe ni Kubu yo mu muvugire wa Rubwiriza yerekana igikorwa kiguma cisubiriza, bitandukanye na Rubwiriza bise ngo « aoriste »yo yerekana igikorwa gikoreka mu mwanya ugenywe kigaca kirangira. Kwuzuzwa Mpwemu Yera rero s’igikorwa gikoreka rimwe gusa ngo bibe biheze ariko n’ikintu kibandanya, cisubiriza. Umukristo ntasa n’ikivomesho buzuzwa rimwe maze kikaguma cuzuye, ahubwo ategerezwa kwama « yongererwamwo ». iri ryungane turashobora kurivuga mubundi buryo : « Ni mureke imisi yose mwame mwuzuzwa Mpwemu kundi gusha. »

Kuba wuzuye Mpwemu Yera twahawe mu kubatizwa (kuva igihe twaronka umubatizo w’amazi n’uwa Mpwemu wakurikiye ukwitanga kwuzuye)n’akaganuke **dushobora gutakaza turamutse tutakabungabunze**. Iyo tugatakaje turashobora kwongera kukaronka kundi gusha. Dutegerezwa kuronka Mpwemu Yera imisi yose kundi gusha kugira ngo yuzuzwe imise yose y’ubuzima bwacu kandi kugira ngo ubuzima bwacu bwa Mpwemu ntibutakaze inkomezi. Kwuzura Mpwemu ntibisigura kwama imisi yose tugira ivyo turonka bivuye kuri we, ariko we aguma aronka ibivuye kuri twewe imisi yose. Nico gituma Paulo atanga itegeko ku bizera bese ngo bame buzuzwa Mpwemu kundi gusha. Kuri we, ni vyo bibereye

umukristo wese. Umubatizo umwe gusa, ariko “ gushiramwo Mpwemu” kenshi. Johannes Mager *Auf den Spuren des Geistes*, p. 100s.

Imana yacu yatanze iri tegeko:

« *Ni mureke imisi yose mwame mwuzuzwa Mpwemu kundi gusha.* » E.G. White, *Mount of Blessing*, p. 20 (egwritings.org)

Igice ca 4 **UBUZIMA BWACU BUZOHINDUKA** **MU BIKI NI TWABUBANAMWO** **NA MPWEMU YERA?**

N’utuhe turusho dukura mu kubana na Mpwemu Yera?
Dutakaza iki mu gihe tudasenze dusaba Mpwemu Yera?

Kuganzwa na kameremere canke na Mpwemu

Twaratanguye kuvuga ingaruka mbi zo kuba umukristo aganzwa na kameremere:

- ✓ Umukristo aganzwa na kameremere ntakijijwe. Abaroma 8:6-8; Ivyahishuwe 3:16
- ✓ Urukundo Agape rw’Imana ntiruri muriwe. Abaroma 5:5; Abagalatiya 5:22
- ✓ Afise urukundo rwa kimuntu gusa.
- ✓ Inkomezi z’icaha muri we ntizasambuwe. Abagalatiya 5:16
- ✓ Ntiyashikamishijwe “mu nkomezi nk’uko itunga ry’ubwiza riri. Ubwiza bw’Imana” Efeso 3:16-17
- ✓ Yesu ntaba muri we. 1Yohana 3:24
- ✓ Nta nkomezi zikwiye zo gushingira intahe Yesu afise. Ivyakozwe 1:8
- ✓ Agenda mu buryo bw’abantu 1Korinto 3:3 bituma yama mu mishamirano n’abandi ndetse no kutumvikana.
- ✓ Biramugora kwemera no kwumvira impanuro
- ✓ Ubuzima bwiwe bw’amasengesho bushobora gutituka.

Kugira ngo ababarire kandi ngo ntavyutse inzigo, akoresha ubushobozi bw’abantu.

Umukristo aganzwa na Kamere akora mu ruhande rumwe nk’umuntu asanzwe. Paulo avuga ko “yigenza nk’umuntu gusa” 1Korinto 3:3. Ariko rero ibikorwa vyawe bisa mu ruhande rumwe n’ibikorwa vy’abantu barimwo Mpwemu Yera, nubwo abikorwa abikorshejwe n’inkomezi ziwe n’ubushobozi bwiwe bwite.

Umukristo agengwa na Mpwemu Yera aba mu kunengesera kw’Imana:

“...Ngw’abahe nk’uko itunga ry’ubwiza bwiwe riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe: Kristo abe mu mitima yanyu kubw’ukwizera; kugira ngo mugize imizi ishinzwe mu rukundo, n’amabuye y’itanguriro arwubatswemwo, mugire inkomezi zibashobora gutahurira hamwe n’abera bose uburerbure bw’ubwaguke n’ubw’amajepfo ubw’ari bwo, mumenye urukundo rwa Kristo ruruta uko rwomenywa ngo

mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw'Imana kwose. Nuk'ishobora gukora ibirengeye ivyo dusaba n'ivyo twiyumvira vyose, nk'uko ubushobozi bwayo budukoreramwo buri, icubahiro kibe icayo mw'ishengero no muri Kristo Yesu, kugeza ku buzukuruza bose b'ibihe bitazoshira! Amen!" Abanyefeso 3:16-21

Ingaruka z'ubuzima bw'umukristo aganzwa na kameremere.

Ndicuza ku mabi yashitse mu buzima bwanje hamwe n'ubwaku nagize nk'umupasitori, mu gihe cose nabayeho ntagira canke nsa nk'uwutagira Mpwemu Yera. Muri icyo nzira co kimwe no muzindi zose, ntushobora kuyobora abandi gushika kure aho wewe ubwawe udashika. Ikindi kandi, nabonyeko ububegito bw'abantu bwiganwa cane mu muryango ndetse no mu kibano.

A. Abana hamwe n'urwaruka

Uburyo bwo kubaho ubuzima buganzwa na kameremere bushikana ku bukristo bufata ibintu ibisanzwe. Dufise ivyiyumviro vyiza ariko ntabumenyi dufise, tugerageza gukora ivyo tudafitiye ubushobozi bwo gukora hanyuma tugaca turondera ibidusamaza ngo twiyibagize. Ntiyoba ariyo mpamvu dutakaza benshi mu rwaruka rwacu? Ntitwoba – ku bw'ubutamenya canke izindi mvo- twaratanze akarorero k'ubukristo buganzwa na kameremere ku bana bacu no ku rwaruka rwacu? Mbega nabo boba baciye bahinduka abakristo baganzwa na kameremere bama mu ntambara bagwanya ukunanirwa kwabo? Mbega yoba ariyo mpamvu urwaruka rwinshi rutacyumvamwo ishengero ndetse rukanariheba?

Vuba cane hari mwene Data ariko arakura mu myaka yavugiye mw'ishengero ryiwe ati: *“ Hariho impamvu itera ingorane zose zishika uyu musu mu buzima bwacu hamwe no mu buzima bwa benshi mu rwaruka rwacu: twebwe, bakuru babo ntitwigeze dutahura igikorwa ca Mpwemu Yera kandi ntitwigeze tumuronka.”* Garrie Williams ;*Erfülltsein vom Heiligen Geist – Wie erfahren wir das ?*, p. 8

“ Abakristo bafise udutima tubiri ni babi gusumba abapagani; kuko amajambo yabo y'ibinyoma hamwe kuba ari ba ntaho mfatwa bikura benshi mu nzira nziza. Abatizera bo barerekana kamere yabo. Abakristo b'akazuyazi bo bahenda izo mpande zibiri. S'umupagani abushitse ntan'ubwo ari umukristo mwiza. Satani akoresha ben'abo bantu ibikorwa ata wundi muntu n'umwe yoshobora kubikora” E.G. White, Letter 44, 1903, cité dans *Adventist Bible Commentary, Vol.7, 963*

Namba mu buryo butandukanye n'ubwo tubayeho ubuzima bwa Mpwemu, dushobora kwereka abana bacu ibashikana ku gushigikirwa n'Imana.

E.G.White yanditse ibintu bitangaje cane: *“Mwigishe abana banyu ko ari iteka kuronka ku musu ku musu ukunengesera kwa Mpwemu Yera. Ni mureke Yesu abafashe muri icyo gikorwa. Kubw'isengesho murashobora gukora ku buryo igikorwa mukorera abana banyu kigenda neza cane.”* E.G. White, *Child Guidance*, p. 69

Jewe n’umugore wanje twarigishije abahungu bacu gusenga. Ariko se twarabigishije gusenga buri musi basaba Mpwemu Yera? Muri ico gihe nti twari twaratahuye akamaro kavyo. Ndashimira Imana kubw’ubuntu bwayo yatugiriye nubwo twari mu butamenya.

Ni mwiyumvire ingene abana bafise abavyeyi buzuye Mpwemu bashobora kuba abana banezerewe, urwaruka rwishikanira Yesu umusi ku musi kandi rugasenga rusaba Mpwemu Yera.

B. Gukunda urukundo rw’Imana Canke “gusa” kubana n’abandi mu mahoro?

Ni mwiyumvire ubudasa bw’ingene ibintu vyifashe bushobora kwibonekeza hagati y’abubakanye, mu muryango canke kw’ishengero, twisunze ko abariyo baganzwa na kameremere canke na Mpwemu Yera, twisunze ko inkomezi z’Imana arizo zibashoboza kubaho ubuzima bwisoneye canke atarizo, ko barangwa n’urukundo rw’Imana canke ataruhari, ko inkomezi z’icaha zazimanganijwe canke ko zitazimanganijwe mu buzima bwabo.

Abakristo baganzwa na kamere bumira ku vya kera bama bagomba gutyoza abandi. Si vyiza na gato. Nubwo ari ibihambaye kuvuga itegeko ry’Imana, ntitwibagire ko ubuzima buhinduka gusa vy’ukuri iyo ukwivugurura kuzananye imbere.

Abakristo borosha ibintu bagomba gufata ibintu nk’ibisanzwe kandi bakagomba kugira ingendo nk’iy’ab’isi. Ivyo Imana ntishobora na rimwe kubihzagira.

Joseph Kidder yerekana uko ibintu vyifashe mumashengero menshi y’uyu musi muri aya majambo: *”Kuba sindabibazwa, kudashimika mu bintu, banduye, ingumyi, abapasitori barushe; urwaruka ruheba ishengero, kutagira indero no kutirinda, imigambi itagira ishingiro ntitange n’umwimbu; ubukene bwamaho bw’abantu b’inkomezi kandi bitanze.”* Joseph Kidder ; *Anleitung zum geistlichen Leben (Universität Andrews) PPP Folie 3+4*

Abona umuzi w’ingorane yacu mu kuba tutifatanije na Yesu (Yohana 15:1-5) no kuba twizigira cane inguvu z’umwana w’umuntu (Zaburi 4:6). Nawe nyene abona ko umuti uri mu buzima burimwo Mpwemu Yera. (Ivyakozwe 1:8)

Yesu yaduhaye icagezwe gisha:

”Ndabaha icagezwe gisha: mukundane nk’uko nabakunze. Nimwagiriranira urukundo niho bose bazomenya ko muri abigishwa banje.” (Yohana 13:34-35)

Gukunda nka Yesu bishaka kuvuga gukunda urukundo rw’Imana (AGAPE). Ntidushobora kururuka kiretse gusa twuzuye Mpwemu Yera.

”Impano iruta izindi dushobora kuronka ivuye kuri Data wo mw’ijuru, n’urukundo rurengeye vyose tumukunda hamwe n’urukundo rutarondera inyungu dukunda bagenzi bacu. Urwo rukundo s’ikigumbagumba c’akanya gato ariko n’ingingo y’ijuru inkomezi zamaho. Rushobora kuvuka gusa mu mutima wahindutse. Turusanga mu mutima wakiriye Yesu akawubamwo.” E.G. White, *Conquérants pacifiques*, p. 491

Niyumvira ko hariho itandukaniro hagati yo kubana n’abandi neza “gusa” no gukunda urukundo rw’Imana. E.G. White araduhaivyo kwisunga bikomeye: *”Impwemu ituje kandi itekanye, ibisharizo vy’ukuri vy’abanyeshengero bizotuma ibice 99% vy’ingorane zacu zituma ubuzima bwacu bwama butururira cane, bihera.”* E.G. White, *Zeugnisse für die Gemeinde 4*, p.380

Muri 1Timoteyo 4:3-8, Ijambo ry’Imana rivuga ivy’ubuzima bw’ababiranye. Ico gisomwa kivuga ahanini imigenderanire yejeje kandi y’iteka, ibi bitandukanye n’ivyipfuzo vy’abanyamahanga. Mu kuvuga incuro zitanu zose “ukwitanga” na mpwemu Yera incuro imwe, ico gisomwa kidutahura ko ubuzima burimwo Mpwemu bushobora kandi butegerezwa guhindura imigenderanire yacu n’abo twubakanye. Imana yategekanirije umunezero mwinshi n’ukuroranyirwa abubakanye. Mbega ivyo ntibidufasha gutahura ko Imana ishaka ko uko dufata abo twubakanye biba biyobowe n’urukundo aho kubaronderako inyungu zacu gusa?

Yesu yasengeye ubumwe mu bigishwa biwe: “Kugira ngo bese babe umwe nk’uko wewe Data uri muri jewe nanje nkaba muri wewe, nabo nyene babe muri twe kugira ngw’isi yizere ko ari wewe wantumye.” (Yohana 17:21)

William G. Johnsson avugaga ati: “*Abadventiste benshi baracakeneye kumenya ico kuba UMWE muri Kristo bisigura. Kumbure ntitwabahaye agaciro cane muri kahise canke twabitahuye nabi.*” William G. Johnsson, *Adventgemeinde in der Zerreihsprobe*, p.118 (Lüneburg, 1996)

Kristo ari muri twe bwe igihe tuba twuzuye Mpwemu Yera. Ubuzima bwa Mpwemu burafasha cane kugira ngo isengesho ry’Umwami wacu ryishurwe.

E.G. White atubwirira ati: “*Igihe abantu b’Imana bazoba bagize ubumwe bwa Mpwemu, uburyarya bwose, kwiyambika ubugororotsi, arico cabaye icaha c’ihanga ry’abayuda, vyokurwa mu mitima yose. Ikimenyetso ca Kristo kizoba ku ngingo zose zimibiri yabo; abiwe bazoba imikuzi (Inzavya) nshasha ashobora gusukamwo ntizimeneke. Imana izobamenyeshya amabanga yanyegejwe igihe kirekire” ubutunzi bw’ubwiza bwiryo banga rivugwa mu banyamahanga, kumenya: Kristo muri mwebwe, ivyizigiro vy’ubwiza.*” (Abakolosayi 1:27) E.G. White, *Messages choisis*, vol. 1, p.452

C. IBIHANO VY’ISHENGERO

Mbega har’ico bitwaye ko ibihano vy’ishengero bitangwa hisunzwe canke hatisunzwe urukundo rw’Imana? Iyo igice kinini c’abanyeshengero ari abizera baganzwa na kameremere canke iyo rifise umupasitori canke umuyobozi aganzwa na kameremere, n’izihe ngingo zizofatwa? Iyo niyumviriye ku gikorwa canje, mbona ari nk’aho bene Data na bashiki banje barimwo Mpwemu bama bashize ku mutima kugarukana abaguye. Kandi iyo yicujije agaheza akatura icaha ciwe baba bashitse ku ntumbero. Abakristo baganzwa na kamere bashobora kenshi kuba bokoresha inkebuzo y’ishengero nk’igihano canke naho bagakoresha ububasha bahawe mu buryo butaribwo. (Matayo 18:15-17; 1Korinto 3: 1-4; 2Korinto 10:3; Yuda 19)

IJAMBO RYA GIHANUZI KU BIHE VY’IHEREZO

Umwami arafise akamenyero ko kuvuga ibintu bihambaye bizoba abicishije ku bahanuzi. (Amosi 3:7) Ni muri ubwo buryo yaduhaye ubutumwa bw’ubuhanuzi ibicishije kuri Ellen White. Nk’uko biri kw’iherezo ry’ibihe ibintu vyinshi bizohinduka, Imana yabonyeko bihambaye kandi ko bikenewe guha abantu bayo inkuru zo gutomora neza. Muri iki gihe cacu twovugaga ko ari “ugushira ku gihe”. Kubwa Ellen White, ubwo butumwa buzogumana agaciro gushika igihe Yesu azogarukira. Mbega ngo harabamwo kandi ivyo dusabwa gukora mu guhindura uburyo bwacu bwo kubaho, ukwihaniza, ukwiringira n’ibindi...umuntu ayoborwa na Mpwemu azovyemera bitagoranye gusumba uwuganzwa na kameremere. (Ariko rero:

kudafata minenerwe ubwo butumwa sivyo vyonyene vyerekana ko tuyoborwa na Mpwemu.). Twiyumvire ku mirongo yo mu Gusubira mu Vyagezwe 18: 19: “*Ariko utazokwumvira amajambo yanje uyo(Uwuvugishwa n’Imana Umur.18) azovuga mw’izina ryanje, nzobimuhora.*”

Ibi vyerekana ko ubutumwa bw’Abahanuzi b’ukuri buvuye ku Mana ubwayo. Ni gute dushobora kumenya namba umuntu ari umuhanuzi w’ukuri?

Ijambo ry’Imana rivugaga ibintu bitanu. Umuhanuzi w’ukuri ategerezwa kuba yujuje ibi bintu bitanu:

1. Ubuzima bwiwe: “ Muzobamenyera ku vyo bama” (Matayo 7:15-20)
2. Ugusohozwa kw’ubuhanuzi (Gusubira mu Vyagezwe 18:25) – kiretse ubuhanuzi bufise ivyo busaba, nk’akarorero ubuhanuzi bwo mu gihe ca Yona.
3. Guhamagarira abantu kuba abizigirwa ku Mana nk’uko Ijambo ry’Imana rivugaga (Gusubira mu vyagezwe 13:1-5)
4. Kumenya Yesu Kristo nk’Imana yigize umuntu.(1Yohana 4:1-3)
5. Guhuza n’inyigisho z’ivyanditswe vyera(Yohana 17:17)

Ivyagezwe vy’Imana vyose hamwe n’ibimenyetso vyatanzwe n’Abahanuzi, vyose vyatanzwe ku neza yacu. Mu buryo budasanzwe n’ivy’igiciro kinini. Nk’abakristo baganzwa na Mpwemu dushobora rero kubikurikiza tunezerewe- kubw’inkomezi z’Imana- tuzirikana ko bizodufasha kuroranirwa mu buzima.”*Mwizere uhoraho Imana yanyu mubone gushikama; mwizere n’abavugishwa nawe mubone gutsinda.*”(2Ngoma 20:20b)

Mu *Ndongozi yo kwiga Bibiliya* yo kuwa 11/10/1998, dusoma ivyo umwanditsi Philip G. Saaman yavuze kuvyerekeye isano hagati y’ubuzima muri Mpwemu Yera n’ijambo ry’abahanuzi b’ukuri:”*Uwanka amajambo y’umuhanuzi, aba yizibiye inyigisho za Mpwemu Yera. Ingaruka ntizotandukana n’izagiye zishika mu bihe vya kera- guhagarara kw’imigenderanire n’Imana maze ukugururira ibibakwegakwega bibi.*”*Guide d’étude de la Bible de l’Eglise Adventiste du Septième Jour, 11.10.1989*

IMIGAMBI /UBURYO BWO KUYISHIRA MU NGIRO

Kurondera inyishu nziza hamwe n’inzira zo kuyobora ishengeru n’ubutumwa twahawe n’igikorwa gihambaye cane. Intumbero nyamukuru, n’iyo gukomeza mu buryo bw’Impwemu abanyeshengeru bacu, kandi tugakiza n’iyindi mitima.

Haraheze imyaka 65 mbatijwe kandi maze imyaka 43 ndi umupasitori. Twatunganiye integuro nyinshi hamwe n’uburyo bwo kuzishira mu ngiro.Twarakoze cane. Ivyo bituma niyumvira kuvyo uwitwa Dwigth Nelson yavuze mu 2005 ati:

”*Ishengeru ryacu ryashizeho uburyo, imigambi, ndetse n’integuro nziza gushika aho ata kindi borenzako, ariko namba tudaheza ngo twemange ukunanirwa kwacu mu vya Mpwemu (ukutagira Mpwemu Yera), nk’uko vyagiye biboneka kenshi mu bavugabutumwa ndetse n’Abayobozi bacu, ntutuzokwigerana na rimwe dukora ibirenze ibikorwa vyacu vy’imigenzo*”*H. Haubeil (éditeur), Missionsbrief 34, p. 3*

Denis Smith nawe nyene avugaga nk’ivyo ati:

“Sindiko ndagwanya kugira imigambi myinshi, integuro ndetse n’uburyo bitegekanywa gushirwa mu ngiro, ariko ndatinye ko gushika ubu, twoba twashize ivyizigiro

cane kuri ubwo buryo mu twigoro twacu two kuvuga ubutumwa. Igikorwa c’Imana ntikizorangizwa n’imigambi, n’integuro hamwe n’uburyo. Abasiguzi bahezagiwe, ibikorane vy’indirimo vy’igitangaza canke amavugabutumwa yo kubigendajuru sivyo bazorangiza igikorwa c’Imana. Mpwemu Yera niwe azokora ico gikorwa, Mpwemu w’Imana azovugira kandi agakorera mubagabo n’abagore abo azomanukirako.” *Dennis Smith, 40 jours de méditation et de prières pour se préparer au retour de Jésus, J18*

UMUBATIZO/GUKIZA IMITIMA

Bibiliya iratwerekana ko dukeneye Mpwemu Yera kugira ngo dushobore gukiriza Yesu imitima(Turabisanga mu vyakozwe n’Intumwa). Muri Europe, uruhande rumwe turafise amashengero akura vuba cane, urundi ruhande turafise amashengero aguma uko yahoze, mbere ariko aragenda asubira inyuma. Ariko hari ikintu ntakekereanyako. Impamvu nyamukuru n’ukutagira Mpwemu Yera. Mu vy’ukuri twariyumviriye cane kuri iyo ngorane. Twaciye dushiraho twongera turahinyanyura imigambi n’integuro. Turabona ko kutagira Mpwemu Yera bishikana kukajagari ubwo nyene gakurikirwa n’ugutakaza umwanya mwinshi ndetse n’uburyo kuko bituma dufata inzira ataco zimaze kandi zitanashikana ku nyishu nziza umuntu yipfuzaga gushikako. Ivyiyumviro bibiri vyashikirijwe na Ellen White tubona aha epfo birerekana neza uko ibintu biba vyifashe:

«Muri icyo gihe, Umukiza ntayobora abantu benshi ku kuri kubera abanyeshengero batigeze bahinduka canke bamaze guhinduka bahavuye basubira kugwa. Mbega ubwaku abo bakristo batishikaniye Imana bafise n’ubuho? (Abo bakristo baganzwa na kameremere) bogira iyihe migenderanire n’Abantu bihanye vuba? » E.G. White, *Testimonies for the Church Vol.6, p.371*

“Mu gihe twokwicisha bugufi imbere y’Imana kandi tukaboneka dukeye mu maso, n’urupfasoni, twuzuye ubugwaneza n’ikigongwe, hobaye abantu ijana bahindukirira ukuri, aho uyu musu haboneka umwe gusa.” E.G. White, *Testimonies for the Church Vol.9, p.189*

Ariko kandi Abantu barabatizwa ariko ntibahinduka bihagije.

E.G.White yandika ngo:

“Muri icyo misi yacu, ukuvuka ubwakabiri n’ikintu kitibonekeza kenshi. Ni co gituma hari ingorane nyinshi mu Mashengero. Benshi, kandi benshi muri abo biyita abakristo ntibakijijwe. Barabatijwe, ariko bahambwe ari bazima.” Inarije ntiyapfuye ni co gituma batazukiye ubuzima bushasha.” E.G. White, *MS p.148*

Iri n’ijambo ryavuzwe mu 1897. Mbega uyu musu ho vyifashe gute? Ingorane n’uko uwutavyawe ubwa kabiri atujijwe Mpwemu Yera. Yesu avugako uwavyawe n’amazi na Mpwemu ariwe wenyene ashobora kwinjira mu bwami bw’Imana. Mbega ntimubona ko mu mice yose ata Mpwemu Yera iriyo?

MPWEMU YERA HAMWE NO KUVUGA UBUTUMWA

Kuvyerekeye igikorwa ca Mpwemu Yera mu kubwiriza ubutumwa, Imana itumenyesha ko:”Ugusigura ijambo ry’Imana ntaco vyoshikako mu gihe twoba tutarikumwe na Mpwemu Yera kandi ngo yame adushigikira. Ni we wenyene ashoboye kwigisha, mu buryo bushitse,

ukuri kw’Imana. Ukuri gukangura umutimanama kandi kugahindura ubuzima mu gihe gusa Mpwemu akwinjiye mu mutima. Urashobora gushikiriza ivyanditswe mw’ijambo ry’Imana, urashobora kuba umenyereye amategeko y’Imana n’amasezerano dusangamwo, ariko iyo Mpwemu Yera adashize ukuri mu mutima wawe, ntituzojanjagurikira tuzomera nk’Urutare. Nta rugero na rumwe rw’inyigisho, nta karusho na kamwe uko koba kangana kwose koshoboza umuntu gushikiriza abantu umuco aramutse adafashijwe na Mpwemu w’Imana”
E.G. White, *Jésus-Christ*, p.675

Ukuvuga Ubutumwa ntibikorwa gusa mu kubwiriza, ariko kandi n’amahuriro canke ivyigwa vya Bibiliya kandi no mu migwi yo mu mazu.

Randy Maxwell avuga ati: *“Turi abanyantegenke mu vya Mpwemu, kandi ni nk’aho ntaco dushoboye mu twigoro twacu two kuvuga ubutumwa kuko tutavugana n’Umwami wacu mu buryo bwimbitse we yamaho.”* Randy Maxwell, *How to Be Filled With the Holy Spirit and Know It* (R&H, 1991)

Kutagira Mpwemu Yera yoba kandi ariyo nsiguro y’ubwoba bwacu?

Mbega Emilio Knechtle yoba atabeshe mu kuvuga aya majambo ngo:” *Kuki tutaronka intsinzi...ngo tunyiganyize iyi si mbi kandi yononekaye? Hariho ibitagenda neza mu vyo twemera. Turafise ubwoba bw’imishamirano, turafise ubwoba bwo guhangana, turafise ubwoba bw’ingorane, turafise ubwoba bwo gutakaza ibibanza vyacu, turafise ubwoba bwo gutakaza ukumenyekana neza, turafise ubwoba bwo gutakaza ubuzima. Gutyo rero turahora tukinyegeza. Dufise ubwoba bwo gutangariza isi ubutumwa bwiza mu rukundo ahubwo dushaka kubikira mu nkomezi.*” Emilio Knechtle, CD « *Die letzte Vorbereitung* », Teil 6

Umurongo w’Ivyakozwe n’Intumwa 4:31 utwerekana umuti: *“Bahejeje gusenga aho bakoraniye haratigita, bose buzuzwa Mpwemu Yera, bavuga ijambo ry’Imana bashize amanga.”*

MPWEMU YERA HAMWE N’IBITABO VYACU

Kuvyerekeye ibitabo vyacu, Ellen White yandika ati: *“Abamarayika barashigikira inyandiko yanditwe ihumetswe n’Imana kandi muri ubwo buryo nyene bakora no kubazisoma. Ariko iyo umwanditsi atabayeho ahesha Imana icubahiro kandi akaba atamwiyeguriye burundu, abamarayika birabababaza cane. Abamarayika barigira ataco bamenyeshesheje umusomyi kuko Imana na Mpwemu wayo ntibahawe ikibanza muri iyo nyandiko. Amajambo arashobora kuba ay’ukuri, ariko ntagire ubwaku butunganye bwa Mpwemu w’Imana.”* E.G. White, PH 016, p.29 (www.egwwritings.org)

Ndabisubiyemwo nshimitse: N’ivyukuri ko vyose bitari amakosa mu vyo twakoze. Siko biri. Twakoze ibintu vyiza, ndetse vyiza cane. Imana yaranahezagiye vy’ukuri utwigoro twacu twa kimuntu uko bishoboka. Ariko ikibazo gihari n’ico kumenya namba uburyo dukoresha ari ubwa kameremere canke ubwa Mpwemu. Ikintu kimwe c’ukuri nuko: Namba turondera umuti ku mishinge ya kameremere, dutakaza umwanya mwinshi ku busa gusa; dukora utwigoro twinshi tutazohereza kuzana ikintu kinini.

HATABAYE IMVURA Y'AGATASI NTIHABA IMVURA Y'URUSHANA

“Turakeneye imvura y’agatasi”(isukwa rya Mpwemu Yera) kugira ngo dukure muri Mpwemu maze dukamishe inyungu z’amasengesho y’imvura y’urushana.” Dennis Smith, *40 Days Book 2: Prayers and Devotions to Revive your Experience with God*

“Imvura y’urushana ishikana ibiterwa ku kwera neza, igereranya ubuntu bw’Imana butegurira Ishengero ukugaruka kw’umwana w’umuntu. Ariko iyo imvura y’agatasi itaguye, ntabuzima bubaho ndetse nta n’ibabi na rimwe ryomera. Iyo imvura y’agatasi itakoze igikorwa cayo, imvura y’urushana ntizoronka ingano zo gukomeza no kweza.”

MPWEMU YERA HAMWE N’UKWEZWA KWO MURI BIBILIYA

“Nkwezwa nk’uko ivyanditswe vyera bikuvuga gushoboka gusa kubwo kwizera biciye muri Kristo Yesu hamwe n’ubushobozi bwa Mpwemu Yera buba mu mutima.” E.G. White, *The Faith I Live By*, S. 333 ;E.G. White, *La tragédie des siècles*, p.510

IBIKORWA BIHAMBAYE VY’IVUGABUTUMWA ATA MPWEMU YERA?

Mbega birashoboka ko ibigo binini binini, integuro z’ivugabutumwa zishimishije, uburyo buhambaye bwo kuvuga ubutumwa vyotunganywa bitarimwo Mpwemu w’Imana?

Andrew Murray, umu misiyonari akomeye wo muri Afrika y’Epfo, yari azi ko neza na neza ivyo bishoboka kandi ko ari vyo dusanga mu gice kinini c’amadini y’abakristo, kuko yanditse ibi bikurikira:

“Ndashohora gusigura, nkandika, nkiyumvira, nkarimbura kandi nkahayagiza ivyanditswe muri bibiliya n’ivy’ubwami bw’Imana, ariko ntagira ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ndatinye ko mu kwihweza neza insiguro twumva mw’Ishengero rya Kristo, twibaza igituma mu buryo bubabaje hari ubushobozi buke cane bwo guhindura abantu biciye mu kubwiriza ijambo ry’Imana. Kuki tubona nubwo haba hakoreshejwe uburyo bwinshi, hagakorwa ibikorwa vy’umurenge, haboneka umwimbu ugayitse cane? Kuki Ijambo ry’Imana rifise ubushobozi buke cane bwo gutera abizera umwete ngo bashikire ubweranda n’ukwitanga? Inyishu ntayindi n’uko ata bushobozi bwa Mpwemu Yera buhari. Kuki ibintu bimeze uko? Ntayindi nyishu tworonka uretse iyi: Kameremere n’inkomezi z’umuntu nizo zagiye mu kibanza ca Mpwemu Yera.” Andrew Murray, *Absolute Surrender* (Chicago, Moody Press), p. 87; citation dans: Randy Maxwell, *Si mon peuple prie*, p.149

MPWEMU YERA HAMWE N’AMAGARA

“Nuko bene Data ndabahanura kubw’imbabazi z’Imana ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera bihimbara Imana, nikwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi.”(Abaroma 12:1)

“Mbega ntimuzi ko muri urusengero rw’Imana kandi ko Mpwemu w’Imana aba muri mwebwe? Umuntu ni yonona urusengero rw’Imana, Imana izomurandura; kuk’urusengero rw’Imana ari urwera, kand’urwo rusengero ni mwebwe.”(1Korinto 3:16-17)

“Ntimubizi? Imibiri yanyu n’insengero za Mpwemu Yera ari muri mwebwe, uwo mufise avuye ku Mana; kandi simwebwe mwiganza, kuko mwaguzwe igiciro. Nuko rero mushimisha Imana mu mibiri yanyu.”(1Korinto 6:19-20) (Raba kandi Kuvayo15:26)

Abantu buzuye Mpwemu Yera n’urusengero rw’Imana. Mbega mwoba mu maze kwiyumvira ico ivyo bisigura ku buzima bwanyu? Urusengero, n’ahantu Imana iba. Imana yabwiye Mose iti: *“Kandi bangirire ahera ho kuba, kugira ngo nze ngerere hagati muri bo.”*(Kuvayo 25:8)

Mu gihe twofata nka nkama iyo mirongo, gufata neza amagara yacu hamwe n’isuku mu buzima coba igice kigize ivyerekana ukwizera kwacu. Umubiri wacu n’uw’Imana. Mbega ntimushaka kubungabunga umutungo w’Imana? Ego dushaka kubungabunga imibiri yacu nk’uko Imana yabidutegetse. Ibi birasaba kwiha indero. Iyo Mpwemu Yera yamanukiye ku muntu, uyo azogira ako kigoro kandi abinezerezerwe. Icamwa cavyo kizoba amagara meza mu vy’umuburi, mu vy’ubwenge no mu vy’Impwemu. Abantu batujujwe Mpwemu Yera, bizobagora kugira ako kigoro kandi ingaruka mbi zizobashikako. Ico Imana idushakako n’uko tugumana imibiri yacu n’ivyiyumviro vyacu bimeze neza mu buryo bushoboka, kugira ngo biyiheshe icubahiro ngo tuyikorere kandi natwe tunezerwe. No muri urwo ruhande nyene nta kintu na kimwe coza gisubirira Mpwemu Yera. Namba Yesu aba muri mwebwe biciye muri Mpwemu Yera, azohinduka kandi *“Umwami abakiza”* (Kuvayo15:26) Ugukira imisi yose ni ku neza y’uwo yari agwaye hamwe rero no kubw’icubahiro c’Imana.

Ariko rero, umuganga mukuru yoba akiza abantu bose?

“Umukenyezi umwe wo mu gihugu ca Kamboje (Cambodge) akuze yashitse mu bitaro vy’aba misiyonari vyavura impunzi mu gihugu ca Tailande. Yari yambaye impuzu y’abakenyezi bihebeye gusenga ikigirwamana Buda. Asaba ko yovurwa n’umuganga (Docteur) yitwa Yesu. Uko niko baronse akaryo ko kumubwira ivya Yesu. Aca aramwizera kandi yarakize mu mubiri no mu mutima. Igihe yashobora gutaha iwabo muri Kamboje, yari amaze gushikanira Yesu abantu bashika 37.” Auteur inconnu, *Our Daily Bread* – 26 nov. 1993 (RBC Ministries ; PPPA1995)

Imana yabwiye umwami Hezekiya iti: *“Ndagukijije”*(2Abami 20:1-11). Ariko kuki Imana itamukirishije iryo jambo rito gusa? Yamuhaye itegeko ryo kwivura akoresheje insukoni. Mbega birashoboka ko Imana yoshaka ko natwe tugira ico dukoze biciye mu miti kama yaduhaye canke guhindura uburyo bwo gufungura kwacu, imyimenyerezo, ikiruhuko, n’ibindi...? Kubera iki Imana yarekeye agahwa mu mubiri” wa Paulo aho kumukiza? Paulo ubwiye aravuga impamvu: *“Kugira ngo noye guterwa kwishira hejuru birenze urugero mbitewe n’uko nahishuriwe ibirushiriza kuba ibihambaye.”*(2Korinto 12:7-10).

Nubwo biri uko E.G.White avuga ati: *“Ubwaku bwa Mpwemu Yera nibwo buvuzi burushiriza kuba bwiza umuntu ashobora kuronka. Ijuru ritanga amagara meza gusa. Uko ubwaku*

bw'ijuru burushiriza gushika muri twebwe niko amahirwe yo gukira ku mugwayi yizera arushiriza kwiyongera." E.G. White, *Medical Ministries*, p. 12 (www.egwritings.org)

Ngibi ivyo umugabo umwe yikorera ivyiwe yanditse; Biribonekeza neza cane: Nta nyigisho n'imwe kuvyerekeye amagara meza yari yarashoboye gukurikirana yari bwigere imuhimbara vy'ukuri. Ariko kuva igihe atanguriye gusenga imisi yose asaba Mpwemu Yera, yatanguye guha agaciro amagara yiwe noneho asigara afungura ibimera. Mbega ivyo ntivyerekana ko ukunengesera kwa Mpwemu Yera kudutera umwete kukaduha n'inkomezi zo kwisunga uburyo bwo kubaho ubuzima butunganye tunezerewe?

Mushiki wanjye umwe yasomye ico gishingantahe. Yandika agira ati: “ *Kuva igihe niyegurira Yesu burundu, Imana yarahinduye rwose ubuzima bwanje mu kiringo c'ukwezi kumwe gusa. Naraye nsenze isengesho ryo kwishikanira Yesu, nagiyeye mu gikoni hanyuma igihe nari imbere y'imashini iteka ikawa, nazunguje umutwe ndibwira nti: Oya sinzosubira kunywa ikawa. Imbere y'aho ntivyashoboka kuko igihe cose nagerageza guhagarika kunywa ikawa, naribwa n'umutwe biteye ubwoba kumara imisi itanu yose- ibi vyari ibimenyetso vy'ubugwayi bikomeye cane. Ubu ho ntanubwo nigeze niyumvira ku ngaruka ivyo bishobora kunzanira. Ico nari nzi gusa n'uko: Singishaka kunywa ikawa. Uyu musi sinkigishaka ukundi.*” (E-mail à H. Haubeil, du 18.11.2014)

Ico ni kimwe mu bindi vyinshi vyahindutse mu buzima bwiwe.

Ubuzima bwo muri Mpwemu burafasha cane mu kugira amahinduka y'uburyo bwo kubaho bubereye, kuko niyo ntumbero yayo. Turakeneye kugira ubumenyi kubijanye n'amagara ariko kandi turakeneye n'inkomezi kugira ngo dushobore gushira mu ngiro ivyo tuba twize.

Don Machintonsh, umuyobozi wa Newstart Global, Weimar CA, avuga ati:” *Amadidane y'ukuri akomeye muri kino gihe cacu s'inyigisho kubijanye n'amagara- turafise amakuru akwiye kandi atomoye. Ico dukeneye n'ubumenyi ku magara bukorana n'inkomezi zidushoboza kubushira mu ngiro: N'ukuvuga ubushobozi bwo guhindura.*” (Dave Fiedler, *D'Sozo, Forward*)

None s'inkomezi z'ubutumwa bwiza, ubushobozi bwa Mpwemu Yera?

Kugira ngo turangize, haracari ikibazo kimwe: Ugukira kubwo kwizera vyo bigenda gute? Turashobora kwizera gukira tudafise Mpwemu Yera? (Mariko 16:17-18; Yakobo 5:14-16)

KWITEGURIRA UKUGARUKA KWA YESU

Kugira ngo tuzosangwe twiteguye igihe Yesu azoba agarutse (canke igihe tuzoba dupfiriye mu Mwami), birakenewe ko tugirana na Mpwemu Yera umushikirano wa hafi cane. Namba Kristo aba muri jwe biciye muri Mpwemu Yera, nditeguye- kubw'ubuntu bwiwe. Hariho ibintu bitatu bishobora kuvyerekana.

Imigenderanire idasanzwe y'Umuntu na Yesu Kristo

Yesu yavuze ati:”Ubu nibwo bugingo budashira,ko bamenya wewe Imana yonyene y’ukuri n’uwo watumye Yesu Kristo.” (Yohana 17:3).

Irivuga “kumenya” muri Bibiliya rifise insiguro yimbitse cane gusumba iyo rifise mu rurimi dukoresha uyu musu. Iryo jambo rishaka kuvuga “kwitanga wese umwe akiha uwundi mu migenderanire y’urukundo rwimbitse”. Ivyo bishoboka gusa iyo tubeshejweho na Mpwemu Yera.Ni naco aya majambo akurikira ashaka kuvuga: *Dutegerezwa kugiranira imigenderanire myiza n’Imana. Dutegerezwa kwuzuzwa na Mpwemu Yera ubushobozi bw’ijuru kugira ngo dushikire urugero rusumba izindi; nta bundi buryo buriho*” E.G. White, *Review and Herald*, 5 avril 1892

Mu mugani Yesu yabwiye inkumi z’ibijuru:”Sindabazi” Kubera iki? Kubera ko batari bafise ayo mavuta agereranya Mpwemu Yera.(Matayo 25 :1-13)

Abantu batumye Yesu abambwa ku musaraba bari bafise ubumenyi buhanitse mw’Isezerano rya Kera. Ariko kubwo kurisigura nabi, ntibigeze barondera kugirana imigenderanire idasanzwe na Yesu.

Mbega twoba dutahura ko Ishengero ryo mu misi y’iherezo rikeneye kwifatanya n’Imana vyimbitse- kubera ibihe iryo shengero ririmwo?

Gutsindanishirizwa kubwo kwizera.

Ubutumwa bwa nyuma Imana ishikiriza ikiremwa muntu, ubutumwa bw’abamarayika batatu, bwerekeye ugutangaza ‘ubutumwa bwiza butazoshira’ (Ivyahishuwe 14 :6-7).

N’iki kiri ku ntimatima y’ubwo butumwa isi yose itegerezwa kandi igiye kwumva? n’ugutsindanishirizwa kubw’Ubuntu hamwe no kwizera Yesu wenyene (Efeso 2 :8-9). Abazotangaza ubwo butumwa mu nkomezi kw’iherezo ry’ibihе bategerezwa kubwerekana no mu mibereho yabo.Bategerezwa gutahura kandi bakabaho mu gutsindanishirizwa kubwo kwizera Yesu uwo mucunguzi wenyene aharira ivyaha kandi akatubohora.

Ivyo bishoboka gusa mu buzima bwuzuye Mpwemu Yera aho Yesu ashobora gutuma haba kugamburuka.Icerekana ko Yesu ari muri twebwe n’uko twitondera amabwirizwa Yose y’Imana. Isi izomurikirwa n’ubwo butumwa. (Ivyahishuwe18:1)

Gukunda ukuri

N’ibiki bizokurikira ukubaho mu kunengesera kwa Mpwemu Yera kuvyerekeye gukunda ukuri, kwiga ijambo ry’Imana, no kurishira mu ngiro mu buzima bwacu? **2Tesalonike 2:10** hatubwira ko hariho ‘*abaja mu mahonero kuko batemeye gukunda ivy’ukuri ngo bakizwe.*’

Abadashobora gutsindwa n’ibigeragezo bakunda ukuri mu mitima yabo. Ni gute none tworonka urwo rukundo? Dushobora kururonda gusa mugihe Yesu abaye muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Abaroma 5:5 havuga ko urukundo rwashizwe mu mitima yacu na Mpwemu Yera. Abanyefeso 3:17 hatubwira ko dufise ‘imizi ishinze mu rukundo’ kubwa Mpwemu Yera. Muri Yohana 16:13, Mpwemu Yera yitwa “Mpwemu w’ukuri” Ivyo vyose vyerekana ko dutegerezwa kuba abakristo b’Impwemu kugira ngo dukunde ukuri. Mbega uyu musu twoba dufise ingorane zo gukunda ukuri, zo gukunda ijambo ry’Imana canke zo

gukunda ijambo ry'ubuhanuzi? Twiyumvire kandi ku bihe bizozwa: “ Abazorokoka ibihe vyo kugeragezwa bigira bize kandi bizoshika kw'isi yose, n'abo bonyene bigana ubwitonzi ijambo ry'Imana kandi bakaba bakunda ukuri...ubwoko bw'Imana bwoba bushinze imizi mu kuri kugira ngo buzoshobore guhagarara bushingintahe no muri ivyo bihe bikomeye?” E.G. White, *La tragédie des siècles*, p. 678

Imana ntitubaza namba twaratahuye ukuri kwose, ariko itubaza namba dukunda ukuri. “Inzira z'ukuri zashizwe neza na neza iruhande y'inzira z'ikinyoma. Kandi zose uko ari zibiri zishobora gusa nk'aho ari inzira imwe kuri abo batamurikiwe na Mpwemu Yera.” E.G. White, *lettre 211, 1903*

IVYAMWA VYA MPWEMU CANKE IBIKORWA VYA KAMEREMERE.

“Ubwaku bwa Mpwemu Yera, n'ubuzima bwa Kristo mu mutima w'umuntu. Ntidushobora kubona Kristo, ntidushobora no kumuvugisha, ariko Mpwemu wiwe Yera imisi yose ari hose iruhande yacu. Mpwemu Yera akorera mu muntu wese kandi biciye mu muntu wese yemeye Kristo. “Uwo wese afise Mpwemu muri we yama ivyamwa vya Mpwemu” Francis D. Nichol (*éditeur*), *Adventist Bible Commentary vol.6, p.112 (Hagerstown, 1980)*

Abagalatiya 5:22: “Urukundo, umunezero, amahoro, kwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwa neza, ukwirinda”.

Abanyefeso 5:9: “ukugororoka, ukuri”. Abagalatiya 5:16-21 hatwerekako ko kubwa Mpwemu, ubushobozi bw'icaha muri twe buratsindwa:

“Ndavuga nti mugendeshwe na Mpwemu niho mutazoshitsa ivyo akameremere kanyu kipfuzwa. Kukw'akameremere kipfuzwa ivyo Mpwemu yanka, Mpwemu yipfuzwa ivy'akameremere kanka: kukw'ivyo bihiganwa ngo ntimukore ivyo mugomba. Ariko namba murongorwa na Mpwemu, ntimuganzwa n'ivyagezwe. (Icagezwe c'icaha Abaroma 7:23 na 8:1). Kandi ibikorwa vya kameremere kacu biramenyekana, n'ibi: ubushakanyi, ibihumanya, ivy'isoni nke, gusenga ibigirwamana, uburozi, ubwansi, intonganya, uburake, ikeba, kwitandukanya ibice, igono, kuborerwa, kudandahirwa, n'ibindi ben'ivyo. Ivyo ndabibaburiye nk'uko nabibaburiye kera yukw'abakora ibisa bityo batazoragwa ubwami bw'Imana.”

INGABIRE ZA MPWEMU

“Iyo twumvise ingabire za Mpwemu, dutahura ko ari ingabire zitangwa na Mpwemu nk'uko zavuzwe mu 1 Korinto 12:28 n'Abanyefeso 4:11; Intumwa, abavugishwa n'Imana, abasiguzi, abungere, abigisha; hanyuma hariho ibitangaza, impano zo gukiza abagwaye, ubushobozi bwo gutabara abagowe, kuyobora, kuvuga izindi ndimi. Izo mpano zose zikorera hamwe ngo zitegurire abera igikorwa co kuvuga ubutumwa. Zishigikira igishingantahe c'Ishengero zikariyobora kandi zikariyigisha.” Gerhard Rempel, *Schlüsselbegriffe adventistischer Glaubenslehre (Hamburg)*, p.44

Mu bihe bidasanze, Mpwemu Yera yaratanze izindi mpano: “Namwujije Mpwemu wanje kugira ngo abe ukerebutse kandi aciye ubwenge. Azi uburyo bwose; Arazi gukora ibintu vyiza...” (Kuvayo 31:2-6) mu vy'ubuhinga bwo gutunganya inyubakwa (1 Ngoma 28 :12 ,19).

Iyo duhindutse abigishwa ba Yesu, duca tumwiyegurira uko turi kwose, hamwe n'ivyo dufise vyose. Gutyo rero tugaca tumushikiriza impano zacu zose n'ubushobozi bwacu, zaba

ivyo twavukanye canke ivyo twamenye tumaze kubaho. Ashobora kwongera ko rero ingabire za Mpwemu Yera canke agatunganya ubushobozi twavukanye.

Twoshobora kuronka ingabire za Mpwemu mugihe twoba tudafise Mpwemu Yera?

UGUHITAMWO KW'IMANA CANKE UGUHITAMWO KW'ABANTU

Kw'isi yose, ishengeru ryacu rikora ku buryo bw'intwari rusangi (Democratique), ariko intumbero s'uko abanyagihugu bahitamwo. Mu ntwaro rusangi (Democratie) abanyagihugu nibo bahitamwo. Intumbero y'ukuri y'amatora tugira n'iy'uko umwe wese agerageza kwumva ijwi ry'Imana maze ahitamwo yisunze iryo jwi. Inyuma y'uko umuntu azoba yateze Imana ugutwi, ubugombe bw'Imana bwategerezwa kwigaragariza mu ngingo ifashwe. Ni ivyukuri ko twese tubanza gusenga imbere y'uko tuja mu nama y'ishengeru. Kenshi baradusaba gusenga mu gacerere imbere yo gufata ingingo kugira ngo Imana ituyobore mu guhitamwo kwacu. Nehemiya yavuze ati: *“Imana impa iviyumviro...”* (Nehemiya 7:5) Kandi E.G.White atanga insiguro ikurikira kuri Nehemiya igice ca 1: *“Igihe yariko arasenga, intumbero yejeje yaje mu viyumviro vyawe.”* E.G. White, *Southern Watchman* (www.egwritings.org), 1er mars 1904

Mbega umukristo aganzwa na kamere azokwumva ijwi ry'Imana? Namba yaranse ibigirankana kwishikanira Imana n'ivy'ukuri ko ata nyishu azoronka.(Zaburi 66: 18; 25:12). Iyo umuntu aganzwa na kamere afashe ingingo y'ukuri kandi abikuye ku mutima wiwe, ivyo ni vyiza birabereye. Ariko igihe bishitse hakaba kwumvikana ku ngingo bofata, mur'ico gihe bica vyitwa ko baguzwe ivyo bica vyitwa icaha.

Abayobozi bafise ubwaku buhambaye ku gikorwa c'Imana.Hari itandukaniro rinini hisunzwe ko bene Data bashiki bacu bari mu bibanza vy'ubuyobozi baba batowe n'Imana canke ko bagenywe n'abantu gusa. Ingaruka zirashobora kuba izikomeye cane. Maze gusoma igitabo kivuga kw'Isengesho natahuye ko dushobora gusaba Imana ikatwereka inzira dushobora gufata (Zaburi 32: 8). Gutekereza kandi nkumviriza ijwi ry'Imana vyahinduye ubuzima bwanje bwose.

Ngibi ivyanshikiye kw'igenekerezo rya 23/10/2014: Ishirahamwe ry'abagira neza “Country Life Institute Austraria” muri Autriche bari mu bihe bibasaba gufata ingingo: Twoba dutegerezwa kwagura ikigo cacu? Hari hariho ivyumviro bitandukanyebamwe barabishigikira abandi ntibabishigikire. Twahereje kubona ko bikenewe ko tumenya ubugombe bw'Imana kuri ico kintu. Aho kubandanya duharira abavyemera n'abatavyemera, twahereje gufata imisi cumi yo gusenga kugira ngo Imana idutegurire kwumva ijwi ryayo mu gihe tuzoba dukoranye mw'isengesho ridasanze kw'igenekerezo rya 23/10: twokwubaka canke tureke?

Uwo musu twari dushika ku 20 abari baje mur'ayo masengesho. Inyuma y'umwanya dusengera hamwe, umwe wese yasavye Imana, mw'isengesho ryo mugacerere namba dutegerezwa kwubaka canke ko twobireka. Hanyuma umwe wese yanditse inyishu yiwe yaronse ku rupapuro: “+” “kubemera ko twubaka”, “-“ “ku batemera ko twubaka” hamwe na “0” kubumva ko “badafise inyishu.”; iyo wumva ko ukekeranya warandika inyishu yawe ugashirako n'akabaza. Inyishu twaronse yabaye ikimenyetso ciza yuko Imana yatuyoboye:

Hari amajwi 14”+” bane muri bo bashizeko ka kamenyetso ko kubaza “+?” abandi 6 bashizeko “0” bisigura ko nta nyishu bari bafise kandi harimwo impapuro 4 ata kintu canditseko. Gutyo rero tuyobowe n’Imana vyabonetse neza ko dutegerezwa kwubaka. Ndizera ntakekeranya ko tuzokwama twakoresheje ubwo buryo bwo gusaba tudaciye ku ruhande impanuro y’Imana.

Yoweli 2: 28s harabivuga kandi na E.G White yandika ati: “umwe wese ategerezwa kumwumva avugana n’umutima wiwe bwite. Mu kuzibira ayandi majwi yose ugasigarana n’Imana gusa, agacerere k’umutima wacu kazodufasha kwumva tutihenda ijwi ry’Iyiri Hejuru y’amajuru. “Ivuga iti ni muhagarare, mumenye ko ari jewe ndi Imana.”E.G. White, *Jésus-Christ*, p. 356

AMAFARANGA

Kuvyerekeye kwunguka no kubungabunga amafaranga, n’irihe tandukaniro rishobora kuba hagati y’abakristo bayobowe na mpwemu n’abaganzwa na kameremere? Mbega twitahura nka ba nyen’ibintu canke nk’abantu Imana yabikije itunga ryayo gusa ngo baribungabunge? “ugukunda amahera hamwe n’ukwiyerekana, vyahinduye iyi si isenga ry’ibisuma. Ivyanditswe bitubwira ugukunda amahera hamwe n’agacinyizo bizobanziriza ukugaruka kwa Kristo.”E.G. White, *Prophètes et rois*, p.495

UBURINZI BW’IMANA KU BUZIMA BWACU.

Abamarayika b’Imana bakingira abubaha Imana.”*Umumarayika w’Imana ashagaje impande zose z’abamwubaha akabarokora*”(Zaburi 34:7). “Umwigishwa wese wa Yesu Kristo afise umumarayika amurinda, uwo murinzi w’ijuru akingira umugororotsi ibitero vyose vy’umubi.”(E.G. White, *La tragédie des siècles*, p.559)

Namba hano hariko havugwa abubaha Uhoraho, abigishwa biwe, abagororotsi, bari musi y’uburinzi bw’Imana, none ivyo bisigura abo bose biyita abakristo? Mbega vyerekeye n’abo bose batigeze begurira Yesu Kristo ubuzima bwabo bwose? Abana bato bo biraberekeye kuko Yesu yarabivuze muri Matayo 18:10:

” *Mwirinde ntimukengere n’umwe muri aba bana bato: ndababwira yuko mw’ijuru abamarayika babo bama baraba mu nyonga ha Data wo mw’ijuru.*” Dawidi yari yeguriye ubuzima bwiwe bwose. Imana yari izi neza ko adakwiye gutinya. Muri Zaburi 27:1 yaravuze ati:”*Uhoraho niwe muco wanje n’agakiza kanje: nzotinya nde?*”(Muzindi nyandiko za Bibiliya bavuze ngo “*ninde nzotinya*” canke ngo “*ntaco ntinya ku muntu n’umwe*”.)

INDUNDURO

Duhejeje kwiyumvira ku mice itandukanye y’ubuzima rukristo. Hariho n’ibindi vyinshi twari kuba twavuzeko. Ariko kuri ivyo vyose ikintu kimwe gusa ni co gikenewe:

Iyo twihweje itandukaniro hagati y’ubuzima burimwo kandi buyoborwa na Mpwemu hamwe n’ubuzima butagira Mpwemu, nta na hamwe dusanga atari ngira kamaro kuba

uyobowe na Mpwemu. Mu buryo bunyuranye n'ubwo nta muce n'umwe w'ubuzima twoboneramwo akarusho tutoboneramwo ingaruka mbi ziteye ubwoba turamutse tubayeho tutagira Mpwemu Yera. Mbega ibi ntibidutera umwete umwe wese muri twe, wo kwiyegurira Imana ku musu ku musu maze tukayisaba ngo itwuzuze Mpwemu Yera?

Haraheze imyaka mike indege Boeing 707 yagutse ivuye ku kibuga c'indege I Tokyo yerekeza I Londre. Mu guhaguruka vyose vyagenze neza. Ijuru ryari rimeze neza. Bidatevye ingenzi zari mu ndege babonye "Fudjiyama" umusozi muremure wo mu Buyapani. Bukwi na bukwi uwutwaye indege yagize icyumviro co kuwuzenguruka kugira ngo ahe akaryo ingenzi zari mu ndege ko kwirabira ubwiza budashikirwa bw'uwo musozi.

Yaravuye mu nzira yategekanijwe, agendera aho bashobora kuraba bakitegereza uwo musozi, bisigura ko yari avuye mu mutekano w'abamuyobora bari kw'isi. Yabona imisozi musu yiwe gato. Igipimo gipima uburebure bw'ikirere cabereka ko bari ku metero ibihumbi bine (4000m). Ico atashobora kubona n'umuyaga umanukan'igihuhusi cabica bigacika ahazengurutse uwo musozi Fudjiyama. Boeing 707 ntiyari ishoboye guhangana n'ico gihuhusi. Yacitsemwo ibice ikiri mu kirereimbere y'uko isambuka hanyuma ngo iherengetereze ingenzi zose mu rupfu. *Reinhard Petrik, Calendrier, 17.2.1979*

Umukristo aganzwa na kameremere agenda nk'uri mu ndege abona imisozi musu yiwe gato. Akaba ariwe nyene ariko aratwara indege. Nubwo yoba afise iviyumviro vyiza gute, ntabura kunanirwa. Umukristo w'Impwemu aremera Mpwemu akaba ariwe amuyobora akaba mu migenderanire y'urukundo no kwizigira Imana yiwe ivyo bishikana ingenzi mu mutekano ntangere ku cambu.

Isengesho: Data wa twese wo mw'ijuru, ndagushimira kubwa Yesu Kristo aba mu mutima wanje, kubwa Mpwemu Yera yazanye ihinduka mu buzima bwanje no mu gikorwa canje. Nyugurura amaso kandi ndushirize kubona vyinshi ku gikorwa ca Mpwemu Yera. N'umpebiciye muri Mpwemu Yera ubwo buzima bunengesereye Yesu yadusezeraniye. Ndakwinginze umfashe kugira ngo mu gice gikurikira ndonkemwo urupfunguruzo rw'umuti w'iyo ngorane kandinshobore gushira mu ngiro ivyo nzoba natahuye. Ndagushimiye n'umutima wanje wose! Amen.

Igice ca 5

URUFUNGURUZO RW'ISHIRWA MU NGIRO

*Ni gute twoshira mu ngiro kandi umwe wese ku giti ciwe akagerageza iyo nzira?
Ni gute twosenga hanyuma ntidukekeranye ko twujujwe Mpwemu Yera?*

Gusenga hamwe no kwuzuzwa Mpwemu Yera.

Birahambaye gufata iyo nzira mu kwizera, ugasaba Mpwemu Yera kubwo kwizera. Bisaba kudakekeranya ko Imana yishuye isengesho mu kuduha Mpwemu Yera tutaraheza no gusenga.

Abagalatiya 3:14 havuga hati: *“Kubwo kwizera ubwizigirwa turonka Mpwemu twasezeraniwe.”*

Kugirango atwigishe kumwizigira, Data wo mw’ijuru yaduhaye ubufasha buhambaye, isengesho risenzwe wishimikije amasezerano.

Gusenga ufise amasezerano

Dufate akarorero kamwe: Dufate ko umwana wanje icongereza kimugora. Ngomba kumutera intege kugira ngo yige urwo rurimi ashimitse. Ndamusezeraniye ko niyaronka amanota meza kundanga manota yiwe (Bulletin) ku mpera y’umwaka, nzomuha ama Euro 10. Aca rero yigana umwete. Nanje ngaheza nkamufasha kandi agahereza kuronka amanota meza. None haca hakurikira iki? Igihe umwana atashe avuye kw’ishure, agishika ku mu ryango winjira mu rugo, arampamagara ati: “Papa, yama Euro 10!”

Kuki umwana yizeye adakekeranya ko ahava aronka ama Euro 10? Kubera ko bayamusezeraniye kandi akaba yakoze nk’uko yasabwe gukora. Ivyo birumvikana rwose. Ariko birashobora gushika ya ma Euro 10 nkaba ntayafise muri uwo mwanya. Imana yo bite? Mbega birashoboka ko isezerana ivyo idafise? **NTIBISHOBOKA!**

Vyoshoboka kandi ko nanka gushitsa isezerano ryanje mu kuvuga nti: “Nasomye mu gitabo c’indero rukristo ko tudakwiye gukoresha amahera nk’akaganuke ko gutera umwete abana ngo bige. Gutyo rero sinshobora kuguha ayo ma Euro 10” Mbega birashoboka ko Imana yihindukiza mw’ijambo? **NTIBISHOBOKA!**

Gutyo rero : Iyo Imana iduhaye isezerano kandi tugakora ivyo dusabwa gukora vyose, Imana irashitsa isezerano ryayo.

Biciye mu mesezerano yayo, mu buryo bumwe canke ubundi, Imana igerageza kudutera umwete, nk’akarorero ngo turonke Mpwemu Yera gutyo ngo tube mu bushobozi bwayo. Ishaka kandi kudushikana kugira ivyizigiro bishitse muri we. Ivyizigiro niyo ntimatima y’ukwizera.

Muri Bibiliya turasangayo umurongo nshimikiro werekeye isengesho ufise amasezerano, muri 1Yohana 5:14s: *“kandi ubu nibwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo nukw’iyo dusavye ikintu cose gihuye n’ivy’igomba, itwumva.”*

Ingingo yashikirijwe hano n’uko Imana yishura amasengesho ahuye n’ivyo igomba. Ivyo Imana igomba tubibona bibumbiye mu mabwirizwa cumi hamwe no mu masezerano. Mu masengesho yacu, dushobora kuvyisunga. Umurongo wa 15 ubwira abo basenga nk’uko

igomba uti:”Kandi tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye.”

None ivyo bishaka kuvuga iki? Amasengesho yacu “nkuko Imana igomba” yishurwa uwo mwanya nyene tuba turiko turayashikiriza Imana. Ariko ibihe vyinshi, ntitwumva ko twishuwe. Tuzokwishurwa kubwo kwizera si kubw’ibigumbagumba. Ibigumbagumba birashobora kuza canke ntibize.

Mu gusengera hamwe n’abantu banywa itabi hamwe n’imborerwa, nize iki kintu gikurikira: Nta na kimwe babonye mu gihe bariko barasenga cerekeye ugukira ivyo vyari bibaboshe, nubwo boba babohowe muri uyo mwanya nyene bagisenga. Barishuwe kubwo kwizera. Ariko mu masaha make gusa bumvise ko batakigira inyota y’itabi canke inzoga. Muri uwo mwanya niho bamenye mu buryo bugaragara ko bishuwe.

Muri Mariko 11:24, Yesu avuga ati: “Nico gituma ndababwira yuko **mubihawe** kandi muzobibona.”

E.G.White avuga ati: “Ntidukwiye kurindira ikimenyetso c’inyuma cerekana ko twaronse imihezagiro y’Imana. Impano iri mw’isezerano, turashobora rero kubandanya ibikorwa vyacu tudakekeranya ko ivyo Imana yasezeranye ishobora kubiduha, kandi ko iyo impano twamaze kuronka izokwigaragaza igihe tuzoba tuyikeneye cane.” E.G. White, *Education*, p.290

Ntidukwiye kurondera ibimenyamenya vyibonekeza, n’ukuvuga kuvyutsa ibigumbagumba.

Roger J. Morneau yanditse ati: “Abadayimoni basunikira abantu kwumviriza ibigumbagumba vyabo gusumba kwumvira ijambo rya Kristo n’iry’abahanuzi.Nta bundi buryo butunganijwe neza kuruta ubwo abadayimoni bari kuronka kugira ngo bigarurire ubuzima bw’abantu, abo bantu batigeze babica n’ikanda.” Roger Morneau, *Au coeur du surnaturel*, p.40

Gusenga ufise amasezerano bitwugururira ubutunzi bw’Imana. Biciye muri iyo nzira Data wacu wo mw’ijuru adukunda cane, atwugururira ububiko budahera.

“Bashobora (Abigishwa) kwitega ibintu bihambaye baramutse bizigiye amasezerano yiye »E.G. White, *Jésus-Christ*, p.670

IMIGWI IBIRI Y’AMASEZERANO

Birahambaye kugira ico tuvuga ku cyumviro cacu kuvyerekeye amasezerano yo muri Bibiliya:”Amasezerano ya Mpwemu- yo kubabarirwa ivyaha, kuronka Mpwemu Yera, kugira ngo turonke inkomezi zo gukora igikorwa ciwe- imisi yose yamaho. Ariko amasezerano y’imihazagiro y’ivy’ubutunzi, harimwo n’ay’ubuzima, hari igihe tubihabwa, hari igihe tutabihabwa, bivanye n’uko Imana mu bwenge bwayo ishimye kubikora.” Morris Venden, *Les 95 thèses sur la justification par la foi*, p. 55

Akarorero: Yesaya 43:2:”Ni waca mu muriro, ntuzosha, kandi n’urubeya ntiruzo kubabura.”Ibi mu buryo bw’igitangaza Imana yarabikoze kuri ba basore batatu mw’itanure ry’umuriro.Daniyeli 3. Abagorozi Hus na Jerome bo baratariwe babona I Consitanse. Ni co

gituma tubona ko umenga ntibishuwe. Ariko boba barishuwe mu buryo twebwe tudashobora gutahura? Mu buhe buryo?

Umwanditsi aserukira Papa yanditse avuga ku rupfu rw'abo ba Maratiri, avuga ati: *"Bompi uko ari babiri babonetse batekanye nubwo isaha yabo ya nyuma yari yegereje. Bitegurira kuja guturirwa nk'aho wamenga bariko bitegurira kuja mu birori vy'ubukwe. Ntibigeze bumvikanisha ijwi ry'akababaro, mu gihe urubeye rwaduga bo baca batangura kuririmba indirimbo zo gutazira Imana. Vyaragorana kugira ngo ubukana bw'umuriro bushobore guhagarika indirimbo zabo bakiri bazima."* E.G. White, *La tragédie des siècles*, p.108

Mu gihe umuntu ahiye araboroga. Inyifato y'abo bantu yerekana ko Imana yabanye nabo ariko mu buryo twebwe tudashobora gutahura. Ibi binyereka ko amasezerano yerekeye ubuzima hano kw'isi nayo nyene ahambaye cane kuri twe.

GUSHIMA KUKO TWISHUWE.

Hari cariho ikindi kintu gihambaye: Iyo amasengesho yacu yishuwe mur'uwo mwanya nyene tugisenga, ni vyiza guca dukurikizako isengesho ryo gushima. Ayo mashimwe yerekana ko twizigiye Imana, ko twizera ko yishuye amasengesho yacu kandi ko turindiriye kwakira mu buryo bugaragara ico twayisavye igihe kizoba gikenewe. Hariho abizera baca babona ubwo nyene ico basavye bagiheza gusenga. Ariko kuri benshi bemera nk'uko vyagenze kuri Eliya: Imana ntiyari mu muyaga, ntiyari mu gutigita kw'isi, ntabwo yari mu muriro ariko mu kayaga gutuje. 1Abami 19:11s. Uko niko nanje vyangendeye. Namaze igihe niyumvira ko ata kintu cakoretse. Ariko mu mwanya umwe nagiyeye kubona ko hari ibintu vyinshi vyari vyahindutse muri jewe ntabizi.

GUHINDURA IVYIYUMVIRO VYANJE

Birabereye ko duhindura ivyiyumviro vyacu muri uwo mwanya wo gusenga: "Muhinduke rwose mugize imitima misha" Abaroma 12:2. Ntituba twihenze rero tuvuze tuti: Urakoze kuko wanyishuye. Urakoze kuko wamaze kumpa ivyo nasavye. Urakoze kuko bizokwigaragaza mu gihe gikwiye.

Ivyo ntaho bisa bisana no kugerageza kwishiramwo ibintu mba nshaka ko biba. Iyo nasenze mfise isezerano, mba mfise umushinge muri Bibiliya utuma ngira ivyizigiro kuko namaze kwishurwa kubwo kwizera. Iyo muri ico gihe mbandanije gusenga nshira ivyiyumviro kuko nasavye, mba nerekanye ko ntizigiye Imana ariko nishimira ibigumbagumba vyanje gusa. Mu kugira inyifato nk'iyi mba nerekanye ko Imana ari umubeshi kandi ivyo bituma ataco nzohereza kuronka. Birahambaye kandi ko dukora nk'aho namaze kuronka naho ataco nobandabona. Turi kumwe n'Imana ukwizera kwama gukenewe. Yipfuzako tuyizigira. Twiyumvire ku gihe ab'isirayeli bajabuka Yorodani. Abaherezi bategerezwa kubanza gutera intambuko ya mbere mu mazi imbere yuko ikiyaga cigaburamwo kabiri. Namani yategerezwa kwibira incuro ndwi mu mazi imbere yuko akira.

Kumbure muribwira muti: « Sinshobora. Birangora gutahura ivyo. » Ni mwiyumvire kuri ivyo bintu vyose tudashobora gusigura. »

Gushika kuri uyu musu, ntituzi vy'ukuri ico arico umuyagankuba, nubwo tuwukoresha. Ntituzi namba ingene abana biga kuvuga. Ariko bose bahereza kuvyiga. "Ahatuzengurutsehatwereka na ntaryo ivyiza birengeye ugutahura kwacu. Mbega vyodutangaza dusanze mu vya Mpwemu hariyo amabanga atarondoreka?" E.G. White, *Education*, p.194

Twiyumvire kandi ku Migani 3:5-6: "Kandi ntiwishimikize ubwenge bw'iwawe, wizigire UHORAHO umutima wawe wose. Umumenye mu ngendo zawe zose naweazogorora inzira zawe." Aha haratwereka neza ibisabwa kugira ngo Imana ishira mu ngiro amasezerano yo kutuyobora. Igisabwa cose kirongera kikaba itegeko. Iyo twumva tutizera ko dukwije ibisabwa, dushobora gusaba Imana ikadushoboza, kandi tukizera ko Imana izobikora vuba cane. "Namba twipfuzaga cane kuba abantu bafise inyota yo kwisunga Imana mu nzira zacu zose, Imana izokora igikorwa cayo muri twe." (E.G. White, *Heureux ceux qui*, p. 225) Inkomoko y'ayo majambomu congereza bavuze bati "...**If you are willing to be willing, God will accomplish the work for you**" E.G. White, *Thoughts from the Mountain of Blessings*, p. 142

Twiyumvire: Mbega turatahura ivyo dukora igihe, inyuma y'uko tuba twamaze gusenga dufise amasezerano kandi tukaba twakwije n'ivyo dusabwa kugira ngo ashirwe mu ngiro tugaheza tugakekeranya ngo ntitwishuwe? Tuvugishije ukuri muri ico gihe, dutangaza ko Imana ari umubeshi. Kandi ivyo ntitwipfuzaga na rimwe ko bimera uko. Dusenge rero tuti: "Mwami, nshaka kwizera; mfasha kugira ngo nizere" Hanyuma tumwizigire! **Dusanga ivyiyumviro vy'agaciro kuvyerekeye isengesho rishingiye ku masezerano mu gitabo c'Indero rukristo canditwe na E.G. White, igice kivuga Ukwizera hamwe n'Isengesho.**

GUSENGA NGO URONKE MPWEMU YERA

Nibazako ubu dushobora gusaba Imana ikadusukako Mpwemu wayo. Ntitwibagire ko: Atari ugukoresha ubugombe bw'Imana kugira ngo ishira mu ngiro ubugombe bwacu, ariko ko twe twizera amasezerano yayo hamwe n'ubwizigira bw'Imana.

AMASEZERANO YO KURONKA MPWEMU YERA.

Umwami yaduhaye amasezerano meza cane yerekeranye no kurungika Mpwemu Yera.

Luka 11:13 "None mwebwe ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega so wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye!"

Muri uwo murongo Data wo mw'ijuru ntiyavyemeye ashimitse? Ikintu gisabwa cavuzwe hano, ni :**Musabe!** Yesu ntabwo ashaka kuvuga ngo: "Musabe rimwe gusa" ariko "mubandanye musaba".

Birahambaye kandi kuraba umwanya. Twategerezwa kandi gusoma n'ibindi bisomwa bivuga kur'ico kintu, nk'akarorero Ivyakozwe n'Intumwa 5:32: *“Twebwe turi ivyabona vy'ivyo vyose, na Mpwemu Yera nawe n'uko, uwo Imana yahaye abayumvira.”*

Aha igisabwa ni: **Mwumvire!** Turabona rero ko tudakwiye guca tuvuga indunduro twihuse cane mu kwishimikiza ku murongo umwe gusa. Dukwiye gufata umurwi w'ibisomwa bivuga amasezerano. Ntidutegerezwa kwumvira gusa aho tubona ko bituzanira inyungu zacu; ariko tumwumvire, we Mwami wacu akaba n'incuti yacu. Ukwumvira gutera umunezero. Dusenge buri gatondo ngo turonke umutima wumvira. Dusenge kugira ngo Umwami aduhindure abantu bashobora kwumvira bitagoranye ivyo adusaba gukora vyose kandi adushigikire mu gushaka kwacu no mu gukora. Ibi bidushira mu kibanza ciza.

Yohana 7:37: *“ Ni haba hari ufise inyota n'aze kuri jewe anywe!”*

Uyu murongo uvuga icipfuzo co kugira Mpwemu Yera muri twe. Iyo tudafise ico cipfuzo canke tugifise ku rugero ruto dushobora gusaba Imana ikaduha kugira iyo nyota. Iryo n'isengesho rihuye n'ivyo Imana igomba kandi izoca iryishura ubwo nyene. Iyo tuyibisavye, Imana idushiramwo *“ubushake n'ubushobozi bwo gukora”*. Turashobora kandi kuyisaba ngo iduhe icipfuzo co kurondera imigenderanire yimbitse nawe, no kumukunda n'umutima wacu wose, no kumukorera tunezerewe, icipfuzo cacu co kuba hamwe na Yesu kikongerezwa, kandi tukarindirana igishika ukugaruka kwiwe kugira ngo tubane nawe ibihe bidashira, tukagira icipfuzo co gusoma Bibiliya maze tukaronkamwo *“amabuye y'agaciro”*, tukagira n'icipfuzo cimitse hamwe n'ubushobozi bwo gukiza abazimiye.

Yohana 7:38-39: *“Uwunyizera -nk'uko ivyanditswe bibivuga- inzuzi z'amazi y'ubugingo zizotemba ziva mu nda yiwe. Ivyo yabivuze kubwa Mpwemu Yera abamwizera bari bagiye kuronka.”*

Igisabwa cavuzwe hano ni **Ukwizera!** Tubona ko ukwizera twizera Yesu, ni kuvuga ivyizigiro dufise mu Mana yacu n'ikintu gihambaye kugira ngo turonke Mpwemu Yera. Ariko biroroshe cane kwizera iyo dusenga dufise amasezerano.

Abagalatiya 5:16: *“Ndavuga nti mugendeshwe na Mpwemu niho mutazoshitsa ivyo akameremere kanyu kipfuzo.”*

Ehe ngir'isezerano ryashikirijwe nk'itegeko. Iyo Umwami ashatse ko ngendeshwa na Mpwemu birumvikana ko yipfuzo kunyuzuzwa Mpwemu Yera. Atwerekakandi biciye muri uwo murongo ko twuzuye mpwemu Yera, ntituba tukiganzwa n'ivyipfuzo vyacu. Mpwemu Yera ari muri twe azocagagura inkomezi z'icaha. (Abaroma 8:1-17; cane cane umurongo wa 2). Kubwa mpwemu Yera, turica *“ibikorwa vy'umubiri”* (umurongo wa 13)

Twiyumvire ku ntumwa Paulo yavuze ko apfa buri musu. Ico n'ikimenyetso c'uko ari igihambaye kuba imisi yose ufatanijwe rwose na Yesu biciye muri Mpwemu Yera. Birahimbaye cane kuba ivyipfuzo bibi ata bubasha bikigufiseko, *“ibikorwa vya kameremere”*, ariko ukareka ivyamwa vya Mpwemu bigakurira muri wewe. (Abagalatiya 5: 18-22)

Dushobora kugereranya ubushobozi bwo kutongera kureka icaha ngo cinjire muri twe, no kwubaka ivyuma barabiramwo iyo bagomba kuraba ku yandi masi (Téléscopes). Iyo ugombako kwirinda koumukungugu, uja ku kirahuri bakoresha mu kuraba ngo babone ibintu neza, ukorera mu cumba kirimwo impwemu nyinshi. Ibi bituma iyo wuguruye urugi haca hasohoka akayaga gake bikabuza umukungugu kwinjira mu cumba. Niko bimera iyo twuzuye Mpwemu Yera, ntitwongera “kubaho nk’uko umubiri ugomba”. (Tuzobona vyinshi mu mpera y’iki gice.)

Abanyefeso 3: 16-17, 19: “Ngw’ibahe nk’uko itunga ryayo ry’ubwiza riri kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe: kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera; kugira ngo mugize imizi ishinzwe mu rukundo n’amabuye y’itanguriro arwubatsemwo....ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana kwose.”

Kumbure turashobora kumara igihe tutarabona ikimenyetso c’izo nkomezi. Kumbure ni nk’ahatuzengurutse. Mu gihe c’izuba ryinshi, ibiti biratakaza amababi, mu gihe c’impeshi ibiti usanga bitotahaye. Ivyo bikoreka kubw’inkomezi zihambaye. Ntidushobora kuzibona canke ngo tuzumve ariko igihe kigeze turabona icavuye mu gikorwa cazo.

Akandi karorero: Haraheze imyaka itari mike abahinga berekanye ko mu mibiri yacu harimwo umuyagankuba. Uri mu mibiri yacu ariko ntavyo twigera twumva.

Abanyefeso 5:18: “Mwuzure Mpwemu Yera.” canke “ni mureke imisi yose mwuzuzwe Mpwemu Yera kundi gusha.” W.E.Lange (éditeur), *Unser größtes Bedürfnis* (Lüneburg, 2011), p. 42

Ivyakozwe n’intumwa 1:8: “Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera niyabazako kandi muzombera ivyabona...”

Abigishwa ba Yesu bari bararonse itegeko ryo kurindira gushika aho bazonkerwa “ubushobozi”. Ntibarindiriye ataco bariko barakora.

“Abigishwa barasenze n’inkomezi nyinshi kugira ngo bazoshobore guhangara abanyavyaha kandi bababwire amajambo y’ubushobozi atuma bihana. Bakuyeho ivyabatandukanya vyose, ivyipfuzo vyo kuba bakuru, bishira hamwe mu mushikirano w’ubukristo.” E.G. White, *Conquérants pacifiques*, p. 36

NTA MWIMBU MWIZA...?

“Umusore umwe yagiye kuraba Pasitori kuko yashaka kwuzura Mpwemu Yera. Ntiyabishoboye. Pasitori yamubajije ati:”Waramaze kwegurira burundu ubugombe bwawe Imana ng’ukore ivyo igomba?” Nawe yishura ati: “Siniyumvira ko nayiyeguriye burundu.” Pasitori ati:”Ntaco bimaze rero gusaba kwuzura Mpwemu Yera igihe cose uzoba utaregurira burundu Imana ubogombe bwawe ngo ukore ivyo igomba. Mbe ntiwobikora ubu nyene?” Wa musore arishura ati :”Sinobishobora”. Pasitori aramubaza ati: “Uriteguye ko Imana yobigukorera?” Wa musore ati:”Ego”. Pasitori ati :” Biyisabe rero”. Aca arasenga ati:”Mana, mbohora unkure mumigozi y’ubugombe bwanje. Mfasha ndakwiyegurire burundu, ubugombe bwanje ubushire ku birenge vyawe. Ndabisavye mw’izina rya Yesu.” Pasitori aramubaza ati: “Mbega Imana yabikoze?” Wa musore arishura ati:”Neza cane kuko nasavye

ibihuye n'ivyo igomba. Ndazi ko yumvise isengesho ryanje kandi ko naronse ico nasavye. 1Yohana 5:14-15. Ego vyakoretse Ubugombe bwanje nabweguriye Imana ngo nkore nk'uko igomba." Pasitori arabandanya ati:" Ubu naho saba umubatizo wa Mpwemu Yera(kwuzuzwa Mpwemu Yera)." Arasenga ati: Mana yanje mbatiza ubu nyene na Mpwemu wawe.Ndabisavye mw'izina rya Yesu." Kandi ivyo nivyo vyacye bishika ako kanya nyene inyuma y'uko yari amaze kwegurira Imana ubugombe bwiwe." *Reuben A. Rorrey, Der Heilige Geist – Sein Wesen und Wirken (Francfort, 1966), p. 150 / The Holy Spirit : Who He Is and What He Does, New Jersey, 1975*

UBUDASA BUNINI HAGATI Y'IMBERE N'INYUMA

Nari nsanzwe nzi isengesho rishingiye ku masezerano, nararisenze mu bihe bimwe bimwe kandi narabonye ingaruka nziza ariko niyumvira ko vyoba vyiza nsavye Mpwemu Yeranayo ariko aho ho ntarinze kwishimikiza amasezerano. Ndazi ko abantu benshi bafise iyo nyifato. Sinshatse kuvuga ko noba mbona ko bakora amakosa. Ariko niyumviriye ku vyo nacyemwo, ndicuza kuba nasenze ntashikije amasezerano. Haraheze imyaka mike rero ntanguye gusenga nsaba Mpwemu Yera nishimikiza amasezerano. Gutyo sinkekeranya ko iyo mpejeje gusenga nca nuzura Mpwemu Yera. Kw'igenekerezo rya 28/11/2011, nariko ndasengera ikintu kidasanzwe, niho mu buryo ntari niteze nabonye ko hari amahinduka yabaye mu buzima bwanje kuva ntanguye gusenga muri ubwo buryo.

Kuva ntanguye gusenga nshingiyeye ku masezerano, ubuzima bwanje bwa Mpwemu bwabaye ubwimbitse cane; nifataniye na Yesu cane rwose. Ibi ntibiri mu bigumbagumba gusa umuntu yiyumvamwo ariko ndabibona no mu mice yose y'ubuzima: Mu gihe niga Bibiliya , kenshi ndonka ugutahura gushasha kuntera umwete. Ndonka inkomezi nyinshi zimfasha guhangana n'ibigeragezo. Imyanya y'amasengesho yampindukiye iy'agaciro kanini kandi ndayironkeramwo umunezero w'ukuri.

- ✓ Imana impa inyishu z'amasengesho yanje
- ✓ Ndashingira Yesu intahe kandi ndabinezereye cane kandi ntakekeranya .Ivyakozwe4:31
- ✓ Kugira ngo umunezero wanjye wuzuzwe nahindutse kandi umuntu abana neza n'abandi.
- ✓ Kubw'ubuntu bw'Imana mbayeho ubuzima bw'umunezero kuko nzi ko ndi mu biganza vyawe.
- ✓ Ngeze mu bihe bikomeye Umwami yaranteruye arankomeza
- ✓ Naratahuye ingabire ya Mpwemu Imana yampaye iyo ari yo
- ✓ Narahevyeye gutyozanya! Iyo numvise umuntu avuga amajambo yo gutyoza, numva ndundumiwe.
- ✓ Ihinduka ryabaye buke buke. Nagiye kubibona gusa maze igihe nsenga nsaba Mpwemu Yera nishimikije ku masezerano ya Bibiliya. Kuva ico gihe mbaye mu buzima bwa Mpwemu bwerekana ubudasa. Imbere y'aho ubuzima bwanje bw'ubukristo kenshi bwari bugoye kandi buruhije; uyu musu, numva mfise umunezero mwinshi n'inkomezi nyinshi.

Ndababaye kubwo ibitagenze neza vyose mu buzima bwanje, no mu gikorwa canje kubwo kutagira Mpwemu Yera. Igihe nabonye ko hari ico mpajije, nasavye Imana imbabazi nshimitse.

Nk'uko biri no mu yindi mice y'ubuzima, birababaje cane kuyobora abandi kure cane y'aho twebwe ubwacu dushobora gushika. Ikindi kandi ubunyantegenke bw'umwe wese nk'abantu buriyongera mu miryango no mu mashengero. Kugira ngo abandi ntibazobangamirwe n'ubukene bwa Mpwemu nk'uko vyanshikiye kera, nagomba kwongerako ivyiyumviro bike.

2Petero 1:3-4, hatwerekako ko mu mushikirano tugirana na Yesu, *“Amasezerano y'akabura rugero kandi ahambaye cane twarayahawe kugira ngo biciye muri yo... musangire akameremere n'Imana”*

Ibi bisigura ko, kubw'amasezerano, nzohabwa Mpwemu Yera. Turashobora kugereranya amasezerano na sheke za banki (Cheques bancaires). Iyo dufise sheke yashizweko umukono na nyeneyo, turashobora gukura amafaranga ku gasandugu ko kuziganya katari rwacu. Nk'abana b'Imana (1Yohana 1:12), turashobora imisi yose « gutora amafaranga » twifashishije « sheke » (amasezerano) yashizweko umukono na Yesu. Ntaco bimaze tugiye kuri banki dufise sheke twebwe nyene twikoreye twebwe ubwacu, naho twoba twayikorewe n'umunyabukorikori. Dukeneye sheke iriko umukono wa nyene kuziganya.

Hariho iyindi mpamvu yo gusenga twishimikije amasezerano. Harimwo ubushobozi mw'Ijambo ry'Imana. Kuki Yesu, igihe yari mu bigeragezo mu bugaragwa, yarwanye akoresheje amajambo yo muri bibiliya kandi ivyo bikamufasha kwirukana Satana (Matayo 4:4-7, 10)? Yavuze ati: *“Umuntu... azobeshwaho... n'Ijambo ryose riva mu kanwa k'Imana.”*

Yesu umuremyi yari azi ko hariho ubushobozi mw'Ijambo ry'Imana. *“Buri tegeko, buri sezerano ryo muri Bibiliya ririmwo ubushobozi, ubuzima bw'Imana, buduha ubushobozi bwo kwumvira amategeko y'Imana kandi bugahindura amasezerano ukuri.”* (E.G. White, *Les paraboles de Jésus*, p. 25)

Aya n'amajambo n'ayagaciro kanini! Isezerano ryose ryo muri Bibiliya ririmwo ubushobozi bw'Imana n'ubuzima bwayo. Mw'isengesho ririmwo isezerano, dukoresha amajambo y'Imana. Muri Yesaya 55:11, Imana ivuga iti: *“uko niko Ijambo ryanje riva mu kanwa kanje rizomera: Ntirizogaruka ubusa rizozozerako ico naritumye.”*

Ku binyerekeye sinzosubira gusenga nsaba Mpwemu Yera ntishimikije amasezerano. Aho niho nshobora kumenya ntakekeranya ko naronse Mpwemu Yera nk'uko isezerano ryo mw'Ijambo ry'Imana riri.

1Yohana 5:15: *“... bitumenyeshako yukoduhawe ivyo tuyisavye”*. Iyo nsenze ntishimikije isezerano, **nizerako** Imana izonyishura. Vyoba vyiza gufata umwanya

kugira ngo usenge isengesho nk'iryo kandi ukamara umusi w'umunezero kuruta kwicuza ku mpera y'umurango.

Umusi umwe nakiriye ubutumwa buciye ku buhinga ngurukana bumenyi bwagira buti: “Sinari kwigera nizera ko bishoboka ko hariho ubudasa hagati y'isengesho ryo mugatondo rivuzwe gusa mu majambo yawe bwite n'isengesho nkoresha amasezerano yo muri Bibiliya. Amasezerano yamye ari ay'igiciro kinini kuri jewe.Namye ndayizera ariko nkirengagiza kuyakoresha mu masengesho yanje ya buri musi.Umubano wanje n'Umwami wanje wariyongereye vyimbitse, mu munezero, mu vyizigiro no mu mahoro. Imana ishimwe kubw'ivyo.”*E-mail à H. Haubeil : c.s.*

Aha epfo tuhasanga isengesho nasenze nishimikije amasezerano kugira ngo ndonke Mpwemu Yera.Mwumve ko ari akarorero gusa. Ni ivy'igiciro kwiga gusenga ukoresheje Ijambo y'Imana nyene. Ariko igihambaye nuko ivyo bikomeza ukwizera kwacu gushika aho biduha ikimenyemanya c'uko twaronse Mpwemu Yeramuri twe, duhejeje isengesho ryacu.Turonka Mpwemu Yera iyo twizeye ivyo dusavye mw'isengesho.

AKARORERO K'ISENGESHO

Data, ndaje kuri wewe mw'izina rya Yesu, Umukiza wacu.Uvuga uti: Mpa... umutima wawe (Imigani23:26). Ivyo ni vyo ngomba gukora ubu nyene, mu kukwiyegurira jewe wese. Urakoze kuko nk'uko kubwo ugushaka kwawe wamazekwishura iri sengesho kuko ijambo ryawe rivugako nitwasenga nk'uko ugomba tumenya ko ivyo dusavye tubihawe (1Yohana 5:15). Kandi uvuga ko utazokwigera uhinda abaza kuri wewe.(Yohana6:37).

Yesu avuga ati: “None mwebwe ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu Yera abamumusavye?”(Luka 11:13)

Hanyuma wongeye uvuga ko uha Mpwemu Yera abakwizera (Yohana 7: 38-39), abakwumvira (Ivyakozwe 5:32) bemera ku musi ku musi bakuzuzwa Mpwemu wawe mu buryo busha. (Abanyefeso 5:18)kandi bakagenda bayobowe na Mpwemu (Abagalatiya 5:16)Ico nyene ni co cipfuzo canje. Ndakwinginze ivyo vyose ubikorere muri je. Kubw'iyi mpamvu ndagusavye n'umutima wanje wose umpe Mpwemu wawe Yera kur'uyu musi. Iri sengesho n'isengesho rihuye n'ivyo ugomba, ndagushimiye rero kuko umpaye Mpwemu wawe Yera uhereye ubu (1Yohana 5:15). Urakoze kuko mur'uwo mwanya nyene naronse urukundo AGAPE kuko handitswe ngo:”...urukundo rw'Imana rwashikanywe mu mitima yacu na Mpwemu Yera...”(Abaroma 5:5 n'Abanyefeso 3:17). Nshaka kwifatanya n'umunyezaburi mu kuvuga ngo:“Ndagukunda, Mwami, uri inkomezi zanje”(Zaburi 18:2)Urakoze kuko ubu ndashobora gukunda mugenzi wanje kubw'urukundo rwawe wampaye.

Urakoze kandi kuko kubwa Mpwemu Yera, ubushobozii bw'icaha bwarasambuwe muri jewe.(Abaroma 8:13 n'Abagalatiya5:16s). Nkiza unkingire icaha n'isi uyu musi,

unkingire abamarayika baguye, undinde ibigeragezo, namba bibereye ubinkuremwo kandi unkize kamere ya kera ishaje kandi icafuye.

Mpa kandi kuba icabona cawe mu majambo no mu bikorwa (Ivyakozwe1:8). Himbazwa kandi ushimirwe kuko wumvise isengesho ryanje. Amen.

Yesu ubwiwe ashaka kuba mutima wacu biciye muri Mpwemu Yera: “...*kandi ikitumenyesha yukw’ iguma muri twebweni Mpwemu yaduhaye.*”(1Yohana 3:24b). “...*maze tuzoza kuri we tubane nawe*”(Yohana 14:23b). E. G. White avuga ati: “*Ubwaku bwa Mpwemu Yera n’ubuzima bwa Kristo mu mwizera*”. Francis D. Nichol, *Adventist Bible Commentary (Hagerstown, 1980), Vol.6, p.1112*

Inkomezi zahinduye Petero, Paulo hamwe n’abandi benshi, ziracariho ku bwacu. Aduha kandi “*kuba abanyenkomezi n’abahambaye mubihawe Mpwemu wayo kubwo umuntu w’imbere.*”(Efeso 3:16)

Mpwemu Yera muri twe n’urufunguruzo ku buzima bw’impwemu mu munezero, urukundo, inkomezi no gutsinda icaha: “*Ahari Mpwemu w’Imana, niho hari umwidgevvyo.*”(2Korinto 3:17b)

Umusi umwe nakiriye ubutumwa bukurikira: “*Benshi mu bizera bacu buri musi bagira isengesho ari babiri babiri. Nanje nyene haraheze amezi atanu ndabikora uko ndi kumwe n’umugenzi w’umwigeme. Twese twagiye dutera imbere, kandi si mubuzima bwihariye bw’umwe wese gusa: ibintu twabishize ku rutonde mu nzu, mu migenderanire, mubo twubakanye, mu buzima bwa Mpwemu, ku rusengero.... Tudakoresheje ibikorwa bidasanze kandi bica vyumvikanisha amajwi, ariko mu buryo butuje kandi busanze. Twese turatangara cane kandi tubona ikiganza c’Imana mu rurwo rukurikirane rw’ibintu ruhindura ubuzima bwiza kuko tugenda twiyumvamwo ko turi kumwe nayo. E.S.*” E-mail à H. Haubeil : E.S.

MBEGA DUSHORA KUGUMA TURI AB’IMPWEMU IBIHE VYOSE?

Ego! Iyo tudahaye akaryo inyifato yo kutagira ukwizera ngo ikurire muri twe kandi tugahumeka ivya Mpwemu: Gusohora impwemu n’ukwatura ivyaha vyawe; kwijiza impwemu n’ukwemera urukundo rw’Imana, ukemera ikigongwe cayo kandi ukemera kwama wuzuzwa Mpwemu Yera kundi gusha biciye mw’isengesho. *Helmut Haubeil & Gerhard Padderatz, Gott, Geld und Glaube (Eckental, 2009), p. 97*

Ivyo bikoreka nk’uko bigenda ku bana bacu. Umwana nubwo ashobora kuba ikigaba, aguma ari umwana wacu. Ariko turumva ko imigenderanire yacu yahungabanye. Kumbure umwana arashobora kutaturaba mu maso. Iyo ngorane izokizwa no kwatura. Ni koko uko umwanya uhara urashobora kwongera kuganzwa na kameremere. Bibiliya ntiyemera ko “wakiriye agakiza biba biheze” Kamere yacu y’icaha iracariho.” *Nta n’umwe wo mu ntumwa, ntawo mubahanuzi yigeze yiyemera ko atagira icaha.*” E.G. White, *Conquérants pacifiques, p.5006*

Ariko biciye mu buzima buyobowe na Mpwemu Yera, dufise Yesu mu mitima yacu, ubushobozi bw’iyo kamere yakera burasambuka kandi dushobora kubaho ubuzima

bw'ubukristo bw'umunezero kandi bukomeye. Ubutungane bwacu buri muri Yesu gusa *“yaduhindukiye ubwenge buva ku Mana, n'ukugororoka n'ukwezwa, n'ugucungurwa.”* 1Korinto 1:30

Nubwo kubwo kutitaho ubuzima bwacu bwa Mpwemu canke kubwo twararetse “guhumeke mu vya Mpwemu”, twongera guhinduka abaganzwa na kameremere, turashobora kumenya ko Umukiza wacu w'umunyakigongwe aturindiriye. Igikenewe n'ukumenya ingene, kubw'ubuntu bw'Imana, turashobora kundi gusha- kandi tuvuzire vy'ibihe vyose- kubaho ubuzima bwuzuye Mpwemu. Nta n'umwe yagenewe kuguma aganzwa na kameremere.

Ariko twiyumvire- umwe wese mu ruhande rwiwe hanyuma nk'umuryango- kuvyo Randy Maxwell yavuze: *“Mbega twiyumvira ko gusubiza impwemu mw'ishengero ririko rirapfa bishobora gukoreka atatwigoro tugize?”* Randy Maxwell, *Wenn Gottes Volk betet*, p.162 ; Si mon peuple prie

Ubuzima bunengesereye tukiri hano kw'isi, ubuzima buhoraho, hamwe kandi n'agakiza k'abantu benshi, uburyo dukenguruka ikimazi Yesu Kristo yadutangiyeye, ivyo vyose bidusaba kugira akigoro. Kandi akigoro kacu karuta utundi, n'umubano wacu n'Imana kuva mu gatondo. Aho niho atwongerera inkomezi.

Kuvyerekeye intumwa Yohana, dusoma ibi bikurikira: *“Umusi ku musi umutima wiwe wakwegerwa kuri we kandi inariye yiwe yazimanganijwe n'urukundo akunda umwigisha wiwe. Kamere yiwe yo gukaza ishavu no gukunda icubahiro, yasubirijwe ubushobozi bwa Yesu. Umutima wiwe wahinduwe n'ubwaku buvugurura bwa Mpwemu Yera. Urukundo rw'Umucunguziruhindura kamere yiwe. Iyo niyo ngaruka y'ukuri y'ukwifatanya na Yesu. Aravugurura ibigize umuntu wese yamuhaye ikibanza mu mutima wiwe.”* E.G. White, *Vers Jésus*, p. 113

“Hwezesha amaso yanje kugira ngo mbone ibitangaza vyo mu vyagezwe vyawe.” Zaburi 119:18

Urakoze kunshikana ahantu nshobora kuvuga nti: *“Nezererwa Ijambo ryawe nk'uronse inyangano nyinshi.”*

IGICE CA 6

IBISHINGANTAHE

Ibishingantahe bitandukanye (Umuntu ku gitii ciwe,

Ishengero, Misiyoni, Uniyo)

IGISHINGANTAHE CA MWENE DATA

“Maze imyaka ibiri, nsenga buri musi nsaba ngo nuzuzwe Mpwemu Yera. Isengesho ryanje n’uko Yesu yorushirizaho buri musi gufata ikibanza mu buzima bwanje. Kumara ico gihe cose, urugendo rwanje ndi kumwe n’Imana rwatera ruba urutangaje. Kuva ntanguye gusaba Yesu ngo abe muri je, ngoubugombe bwiwe bumbemwo kandi ngo buri musi anyuzuze Mpwemu Yera, ivyamwa vya Mpwemu nk’uko vyavuzwe mu b’I Galatiya 5 birushirizaho kwibonekeza mu buzima bwanje. Nezerezwa cane no gusoma Bibiliya hamwe no gushingira intahe Kristo. Icipfuzo canje co gusengera abandi cariyongereye kandi kuvyerekeranye n’uburyo bwanje bwo kubaho, harahindutse ibintu vyinshi cane. Ivyo vyose ndabibona nk’inyishu y’ukurondera Imana kwanje kwa buri musi hamwe n’isengesho nsaba Mpwemu Yera.” C.H. Arabandanya ati:

” Ndabahanura gusenga mu kiringo c’amayinga atandatu umusi ku musi kugira ngo muronke Mpwemu Yera kandi ngo mubone ibikuri.”

IMISI 40 YO GUSENGA MU GIHUGU CA SERBIYA

Mu kwezi kw’icenda 2010, twarahinduye twongera turakwiragiza igitabo *Imisi 40 yo kwiherera no gusenga twitegura ukugaruka kwa Yesu* canditswe na Dennis Smith. Twarakoze ku buryo umunyeshengero wese wo muri Misiyoni yacu yashobora kuronka ico gitabo. Mu kiringo c’imisi 40, twatunganije amakoraniro yo gusenga yamara imisi indwi; twarisonzesheje turasenga kugira ngo dusukwemo Mpwemu Yera. Icakurikiye, umwuka mushasha watanguye kwibonekeza mu mashengero y’intango. Abanyeshengero bahora basinziriye ataco bakora barikanguye bahinduka abakozi kandibumva bibashimisha gukorera abandi. Abandi nabo bari bamaze imyaka myinshi batumvikana na bagenzi babo kubwo impamvu nyinshi, (ndetse no kuvugana batari bakivugana) bariyuzuzwa. Bashitse n’aho bategurira imigambi y’ivugabutumwa hamwe.

Mu kwezi kw’icumi 2010, twumvise havugwa umugambi bise “IVUGURURA n’ivugurura”. Twabibonyemwo urukurikirane rw’ivyo Imana yari yamaze gutangura gukorera muri Misiyoni yacu kandi twaciye dufata ako karyo ngo tubandanye igikorwa twiyemeje. Kuva ico gihe tubaye mu mushikirano wimbitse wa kivukanyi, mu bumwe hamwe no gutahurana hagati y’abantu bakorana muri Misiyoni. (M. Trajkovska, Southern European Union, Belgrad; Vyakuwe kuri revivalandreformation.org)

IMISI 40 Y’AMASENGESHO I ZURICH MU BU SWISE

“Mu buryo butandukanye umwe n’uwundi, jewe na Pasitori wanje twaronse igitabo catunzezeje. Umutwe w’ico gitabo wari: *Imisi 40 yo kwiherera no gusenga mu kwitegurira ukugaruka kwa Yesu* ca Dennis Smith. Sinashoboye kugisoma gusa ngo nce ndaba aho ndagiterera. Ibirimwo vyarahinduye ubuzima bwanje.

Kubera ko, mw’ishengero ryacu Zurich/Wolfswinkel (ririmwo abizera bashika ijana), twumva inyota nyinshi y’IVUGURURA n’ivugurura, twatunganije “Imisi 40

yo gusenga” mugihe c’impeshi 2011. Igitabo kiratanga impanuro mu zitandukanye kuri iyo nteguro, hamwe n’ivyigwa 40 vyatunganirijwe integuro nk’iyo.

Ico gitabo kivuga ku vvyiyumviro nko kwibizwa muri Mpwemu Yera, isengesho, ubutumwa, ubuzima muri Yesu hamwe n’umushikiranano wa Mpwemu.

Twuzuye umunezero n’ivyizigiro, twaratanguye imisi yacu 40 kw’igenekerezo rya mbere Gitugutu 2011. Twaranzerejwe cane no kubona igice kinini c’abizera bacu carakurikiranye iyo nteguro. Buri musi twarasengera hamwe babiri babiri. Twarahurira hamwe canke tukarungikirana ubutumwa kuri telephone canke tugasengera kuri telephone. Mu buryo budasanzwe umugwi wahurira hamwe buri gatondo isaha cumi na zibiri (6h) kugira ngo basengere hamwe bongere basabikanye Ijambo ry’Imana.

Iyo misi 40 yabaye ikintu ntibagirana. Imana yarishuye benshi mu masengesho yacu, mu buryo bwihariye ayerekeye inyigisho ku buhanuzi bwa Bibiliya zabaye muri ico gihe. Izo nyigisho zabaye umugisha udasanzwe. Twaronse abashitsi benshi(hagati ya 50 na 60 ibitari bwigere bishika mu myaka 20 yari iheze.) kandi hiyandikishije abashika mirongo ibiri kugira bazokurikirane ikarisha bwenge rizokurikira.

Mpwemu w’Imana yarahinduye umuryango wacu mu buryo budasubirwako. Iryo biranzeza kubona ko imirwi yacu yo mu ngo itera ikura kandi ko abizera bafise ishaka ryo gutanga ivyigisho vya Bibiliya baronka abiteguriye kuvyakira. Abafise uruhara muri ico gikorwa bafise icipfuzo cimbitse ko Mpwemu w’Imana yobandanya kwikorera. Turamushima kuko icubahiro n’iciwe.” Beatrice Egger.

IMISI 40 Y’AMASENGESHO HAMWE N’IVUGABUTUMWA I COLOGNE

Pasitori Jaao Lotze afise ubwene gihugu bubiri Umudagi akongera akaba n’uwo muri Brezile. Yakoze imyaka 38 muri Brezile mu mashengero no mu bitaro, muri Misiyoni no muri Diviziyo ya Afrika y’Ubumanuko. Mu gihe ari mu karuhuko k’izabukuru kuva mu kwezi kwa gatatu 2012, yaremeye we n’umugore wiwe gukora nk’abamisiyonari w’I “His Hands” I Cologne mw’ishengero rivuga igiportigale n’icespagnole.

« Twatanguye igikorwa cacu i Cologne dushinga imirwi ikorera mu ngo kugira ngo dutere abizera baci intege kandi kugira ngo biborohere gutumira bagenzi babo basanzwe atari abizera b’ishengero ryacu. Nk’uko twari twabonye umwimbu mwiza muri Brezile biciye mu nteguro y’ « imisi 40 y’amasengesho », twahavuye dufata ingingo yo kuyitunganya n’i Cologne. Misiyoni imwe y’i Sawo Polo yaduhaye ibikoresho.

Ishengero ryacu n’abizera baryo bavugaigiportigale, abavuga ururimi rwo muri Espagnole n’abavuga ikidage bashaka gutangura badatevye imisi 40 yo gusenga. Buri musi twasengera abagenzi bacu bashika ijana n’abo tuzinanyi. Urutonde rw’amazina yabo rwari ku kibaho tumanikako ibimenyeshejwe kw’ishengero. Hagati y’umusi wa 30 na 35 twarabamenyesheje ko twama tubasengera kandi twongera turabatumira mw’isabato yahariwe abashitsi. Muri iyo nteguro yo gusenga idasanzwe, abashika 120 baraje. Christian Badorred, umuyobozi wa « His

Hands Mission » (Misiyon ya His Hands Mission)yo mu karere ka Nordrhein- Westfalen yarasiguye. Abashitsi benshi barakoroye amarira babonye amazina yabo yanditswe ku kibaho.

Hanyuma Antonio Gonçalves, umuvugabutumwa wo muri Brezile, yakoze ivugabutumwa ry'imisi 15. Buri mu goroba yigisha mu kiringo c'isaha n'igice ku cyumviro: « Ni mureke Bibiliya ibahishurire ». Igice cari cashizwe mu kidagi ukugaruka kwa Yesu hamwe n'ivyigwa bivuga ku gitabo ca Daniyeli n'Ivyahishuwe. Iyo migoroba yose barashikiriza indirimbo z'imirwi y'abaririmvyi, hamwe n'umuziki uryohera amatwi ivyo igaherahezwa n'umuhamagaro. Turashima ku kuntu abumviriza bavyakiriye neza.Muri ico gihe cose ishengero ryasengana inkomezi cane cane kubw'abo bantu bari ku rutonde rwo gusengera.

Icumba cacu co gusengeramwo, categoriwe abantu 80, ariko mu Mpera z'indwi haba hari abarenga ijana, hanyuma mu ndwi hagati hakaba abashika 60 muri bo 32 bari abashitsi. Mu kurangiza abashika 8 barabatijwe, abandi 14 bipfuye kubandanya bakurikirana ivyigwa vya Bibiliya: 13 muri bo bahavuye babatizwa imbere y'uko umwaka urangira.

Twabonye vyinshi vyatunzejwe cane biranadutangaza. Nk'akarorero vyari bigoye kuronka umuntu adusobanurira mu rurimi bose bumva. Umwigisha w'umukatolika umwe w'umugore yari yiteguriye kudufasha mu gusobanura ariko nta bumenyi yari afise muri Bibiliya. Maze twarasenze ngo turonke uwudufasha w'umuprotestanti. Umusi umwe turi mu nzu y'uburiro twamenyanye n'umukenyenzi yari uwo mw'ishengero rya Pantekoti kandi yatubwiye ko ashobora guhindura mu rurimi rw'Igiportigale ashira mu Kidage. Ntiyadufashije gusa mu gushira mu rundi rurimi muri iyo nteguro ahubwo yahereje no kubatizwa nawe nyene.

Maria, uwudufasha gusobanura yarabajije namba ashobora gutumira umugenzi wiwe Elizabeth yari ayoboye agashengero gato k'abantu bo muri Colombiya karimwo abizera 13. Uyo nawe yaje azananye n'abandi bantu bo muri iryo shengero ryiwe. Aho nyene babiri muribo nabo nyene barabatijwe. Elizabeth n'umuryango wiwe uyu musi bariko barakurikirana ivyigwa vya Bibiliya.

Ibindi bihe vyiza twabayemwo kubwa « Hope Channel »(televiziyo y'Abadventiste). Umukenyenzi w'umudagi yayiguyeko « giturumbuka » kandi yanezerejwe cane n'ivyo yariko arumva, na cane cane ivyo twariko tuvuga vyerekeye Isabato. Yatumiye umugabo wiwe ngo bayumviririze hamwe.Nawe nyene yararyohewe nokwumviriza ubwo butumwa. Umusi umwe, mu gihe yari agiye kuraba nyina wiwe, yiyumvisemwo ko yategerezwa gufata inzira itandukanye n'iyi yari amenyereye. Mu nzira, yabonye icahapa c'Ishengero ry'Abadventiste.Yibutse Abadventiste bo kuri « Hope Channel », kw'isabato yakurikiye yaciye aja gutemberera iryo shengero. Yahavuye atumira n'umugabo wiwe hanyuma atumira na nyina wiwe. Uyu musi abo uko ari batatu bose barabatijwe.

Ikindi kintu cashitse cerekeye mushiki wacu w'umurusiya avuga ururimi rw'ikidagi. Yakurikiranye integuro y' « Imisi 40 yo gusenga » kandi yaciye atangura gusengera ababanyi biwe b'abarusiya. Umwe muri bo yaratangaye cane igihe yamenya ko hari abama bamusengera, hanyuma aca yatura avuga ko yariko ararondera ishengero riruhuka isabato ya Bibiliya. Yaraje mu nteguro y'ivugabutumwa hamwe n'abandi babanyi biwe. Babiri muri bo barabatijwe.

Ikindi cashitse kuri Jeanne. Yari yahoze ari umunywanyi w'ishengero ry'Ababaptiste muri Brezile, yarondeye ishengero ryoba rivuga igiportigale i Cologne. Baraduhuje maze atangura gukurikirana ivya Bibiliya hanyuma arabatizwa. Inyuma yo guhinduka kwiwe, yahamagaye umuryango wiwe muri Brezile hanyuma yiganira inarume wiwe yari asanzwe ari umw'Adventiste, ko ubu nawe asigaye ari umw'Adventiste. Ivyo vyatangaje cane ndetse biranababaza nyina wiwe, basaza biwe na bene wabo hamwe n'ishengero ryiwe rya kera ry'Ababaptiste muri Brezile, bituma umuryango wiwe uja gutemberera Ishengero ry'abadventiste muri Brezile kugira ngobamenye amakuru yerekeye Isabato. Kuva icyo gihe batanu muribo bahavuye babatizwa mw'Ishengero ry'Abadventiste muri Brezile. Ubu naho ariko arasengera umwe muri bene wabo aba muri Argentine.

Tuyobowe n'Imana, hari ibindi twabayemwo. Ku mubatizo wa mbere, hari abantu bashika umunani biteguye kubatizwabava mu Butaliyano, Ubudagi, Peru, Brezile, Ukraine, Venezuela, Colombia no mu Burusiya.

Mu gatasi twarongeye dutunganya iyindi nteguro y'Imisi 40 yo gusenga" yakurikiwe n'igikorane c'ivugabutumwa, cayobowe na Jimmy Cardoso hamwe n'umugore wiwe, aba bari abanyabrezile baba muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika. Nubwo icyo gikorane camaze indwi imwe gusa, twakirangije n'umubatizo w'abantu bane: Abadagi batatu n'umutaliyana umwe bari barakurikiranye ivyigwa vya Bibiliya. Imbere yaho, iryo shengero, ryari rifise abizera bake gusa b'abadage riyongeye ko abashika cumi n'indwi. Uyu musu ni 41. Ivyo birori vy'umubatizo vyose vyabereye mw'ishengero rikuru ry'I Cologne rifise abizera 400 kandi rifise aho kubatiriza heza cane.

Turashimira Imana kuri ako kaganuke yaduhaye kadutangaza. Si nkekeranya ko hari ibindi bintu atubikiye. Turabinginze mudusengere." Joao Lotze.

GUSABIRWA KUZIMA.

"Ku mwanya wa mbere nasomye nihuta igitabo (*Imisi 40 n°1 ca Dennis Smith*). Vyaranereje kuva ku mpapuro za mbere. Ntitwategerezwa gusengenera umuntu gusa ariko kandi twamwerekana urukundo. Ivyo bituma ukwo gusabirwa kuba kuzima. Ndemanga yuko ntari narigeze nsenga nk'uko. Ukwizera kuzima! Ndatahura kandi kw'ari ngirakamaro kuwusenga no kuwusengerwa. Naranyuzwe kandi kuva mu ntango n'iciyumviro c'uko bizotuma ubumwe mw'ishengero nabwo bukomera. Oh ndizera ko hazobaho imiryango imeze nk'iyavuzwe mu bice vya nyuma. Sindababesha nararize kuko, mvugishije ukuri nari maze igihe kinini nipfuza ubumwe nk'ubwo. Nanzerejwe n'uko icyo gitabo cashimikisha icyumviro c'uko "***Kristo aba muri jewe***" kandi ko atubohora imigozi yo kwiyumvira yuko twikwije ubwacu. Narasomye ibindi bitabo bivuga ku icyumviro "***Kristo muri jewe***", ariko iki nico mbona ko cangiriye akamaro kuruta ibindi. Nizera ko biciye muri iki gitabo ubuzima bwacu bw'amasengesho buzohakomerezwa, ubumwe mw'ishengero bukiyongera, ugusabira abandi bikaba bizima. Icyo gitabo kintera intege jewe ubwanje, kubw'ishengero ryanje no kubw'isi. Ndagishimira Imana.

Uyu mwanya ngomba kwiga ingingo zijana n'ico gitabo (Ingene mwotunganya *Imisi 40 yo gusenga* mw'ishengero ryanyu canke mu mugwi wanyu), nsengere uwo mugambi, kandi ndabisabikanye n'abandi aho Imana izontuma.”

Haheze amayinga make, uwo mushiki wanje nyene yandungikiye ubutumwa bukurikira(E-mail): “Nk’uko mubizi nabanje gusoma gusa ico gitabo.Ubu ndasabikanya ijambo ry’Imana n’uwo twama twifatanije mu gusenga kandi ndemeza ayo majambo dusabikanya arushiriza kuba ay’agaciro kuruta uko jewe navyiyumvira. Narabonye inyishu aho jewe ntashobora kubandanya jenyene. Ndashimira Imana yampaye uwo dufashanya mw’isengesho kandi akaba abikorana ishaka kandi mu buryo bwamaho.”H.K

SINKIVYZIGIYE.....

“Agatabo kanyu karankozeko cane... Nk’umuntu nakuriye mu muryango w’Abadventiste nama niyumvira ko vyose bigenda neza mu rugendo rwanje rw’ivya mpwemu. Ariko igice kivuga ivy’abakobwa cumi hamwe n’abaroma 8:9b, vyarampungabanije cane:”Iyo umuntu adafise impwemu ya Kristo ntaba ari uwa Kristo.” Mu kanya gato sinari ncizigiye ko mfise Mpwemu Yera canke ko yoba akorera muri jewe kuko mu buryo bubabaje natahuye ko nta vyamwa vya Mpwemu biri mu buzima bwanje.

Uyu musu kw’isabato inyuma y’umutaga, narangije gusoma nca numva nishwe n’agahinda. Hanyuma nasomye isengesho ku rupapuro rwa 43 nca numva icipfuzo gikomeye c’uko Mpwemu Yera yoza kuri je, agahindura umutima wanje kandi Imana Data akangira nk’uko agomba.” A.P

KUMUMENYA

“Haraheze igihe gito, nasomye ikinyamakuru kivuga kw’ukangura muri “Missionsbrief”(umuhora ngurukana bumenyi w’ikidagi:(www.missionsbrief.de). Ico kintu cagumye mu vyiyumviro vyanje haraheze imyaka itatu. None ehe raba ndatanguye gusoma agatabo kanyu. Ntakindi novuga uretse kuviga ngo : AMENI!

Ndanezerewe kuko nasanzemwo vyinshi mu vyiyumviro vyanje “bwite”. Bisa naho mu mashengero yacu twoba dutakaza intumbero bitagoranye. Ntibinkundira kwikuramwo icyumviro c’uko twatandukanye rwose n’ivyagaciro! Ni kangahe ikibazo cari “Ukuri”, “uburyo bwo kubaho”, “akamaro k’ubuhanuzi”; kandi siniyumvira ko ivyo ari ikinyoma. Ariko turibagira **IGITUMA** Imana yaraduhaye ivyo bintu!**Ukuri**, mbega intumbero yakwo s’iyo gutuma tugirana imigenderanire n’Imana itarimwo amahinyu?

Ukwo guhishurirwa, mbega ntikwategerezwa vy’**ukuri** kudufasha kumenya Imana? Intumbero y’ubuhanuzi, mbega s’iyo kutumenyesha Imana mu cubahiro cayo, mu bubasha bwayo kandi tugatahura ko namba ifashe amasi mu biganza vyayo, ishobora kuyobora no gutunganya ubuzima bwacu? Mbega ubuzima buhoraho n’iki? Yohana 17:3: “*ubu nibwo bugingo budashira, ko bamenyi wewe, Imana yonyene y’ukuri n’uwo watumye Yesu Kristo.*” Mu mugani umukwe abwira abakobwa batanu b’ibijuru ngo: ”Sindabazi!” Intumbero y’ukwizera kwacu n’ukumenya gusa Imana, tukagirana ubumwe nayo kugira ngo ishobore

kutwuzura nk'uko yuzuye urusengero (2Ngoma 5:13-14).Kandi niyatwibiza, akatwuzura, si twebwe tuzoba tukiriho ariko ni Kristo azobaho muri twebwe.»

INYISHU ITANGAJE Y'ISENGESHO RYO GUSABIRA ABANDI

“Igitabo *Imisi 40 n°2* ca Dennis Smith n'umuhezagiro ukomeye kuri jewe. Ubuzima bw'abantu bamwe nasengeye bwarahindutse mu buryo budasubirwako.

Mu kiringo c'”imisi 40” nagiranye ibiyago bidasanzwe n'umugenzi. Yambariye ko hari haheze indwi nkeya gusa ubuzima bwiwe bufashe iyindi ntumbero. Yaguma yumva afise inyota yo gusenga, akiherera kenshi yiyumvira kw'ijambo ry'Imana kandi vyarashika n'aho aheba ibintu imbere y'aho yahora abona ko ari ivy'igiciro kininikuri we. Ndiko ndamwumviriza, nongereje utuguvu kugira ngo ndamubwire ivy'igitabo c' “*Imisi 40*” kandi ngo ndamubwire ko ari umwe mu bantu batanu nariko ndasengera. Atangaye cane aritangaza ati: ‘None rero ni wewe watumye ivyo vyose biba’!

Umwigeme akiri muto yafashe ingingo yo kwegurira Imana ubuzima bwiwe bwose. Nubwo yari yakuriye mu muryango w'abizera, yari abayeho atazi Imana. Ntiyitaho ivyo kwizera, yari yarihebeye ubuzima bw'isi. Ubu noneho yahindutse rwose. Abamuzi bose baramubona bagatangara. Muri iki gihe ariko turiko turigira Bibiliya hamwe, aritabira integuro y'”*imisi 40*”mw'ishengero ryacu kandi ashaka gutera abandi umwete kugira ngo ntibanjanjwe ku buzima bwabo bwa Mpwemu. Uwundi mwigeme akiri muto nasengeye yategerezwa gukurikirana ivyigwa bituma yategerezwa kuja kuba mu buraro. Vyaramuteye amakenga. Buca agenda namushishikarije gusenga kandi ndamubwirako nanje ubwanje nari maze imisi ndamusengera. Twaciye rero dusengera hamwe duhamagara Imana kugira ngo imuhe amahoro muri ubwo buzima yari agiyemwo kandi ngo ashobore kubona isengesho ryiwe ryishuwe. Mu gihe yariko ariga yarampamagaye anezerejwe cane n'uko Imana yari yamukoreye ibihambaye. Ntiyari yamushoboje gusa kuguma atekanye ariko kandi yari yamuhaye n'inkomezi zo kwihangana ntiyaja mu bihimbaro vya buri mugoroba.(gutamba umuziki, kunywa inzoga...)

Kuva” imisi 40” iheze, mbandanya gusengera abo Bantu, kuko ndabona kandi nkumva ibintu bihambaye, ibishingantahe vy'ingene Imana yumva isengesho rishimitse.” A.M

IGIKORWA C'IMANA KUBW'ISENGESHO RYO GUSABIRA ABANDI

“Hari haheze imyaka itanu naraburanye n'umugenzi wanje nkunda. Ni nk'aho yoba atitaho ubutumwa namurungikira. Nari narumvise ko yari amaze imyaka itatu yaraheye kuja gusenga- yari yakuriye mw'ishengero – kandi ko asigaye agendana n'umugore atizera. Nashize uwo musore ku rutonde rw'abo nsengera nubwo nabona ko umenga ntibishoboka ko twozokwongera kubonana kuko yaba kure cane, ku biro metero 600 vy'aho naba kandi ntiyigera anyishura. Nahereje gusenga nsaba “ikimenyetso c'ubuzima.”

Hanyuma namenye ko mwene wabo yari agiye kubatirizwa hafi y'aho mba mu gihe gito, neza na neza mu kiringo c' "imisi 40"(mu ntango, vyari bitegekanijwe ku yindi tariki). Nafashe ingingo yo kujayo – kandi naravuganye nawe! Twagiranye ikiyago kirekire maze arambwira ko yari amaze igihe yumva agobererwa kugaruka ku Mana; ariko ko nta nkomezi yari afise zo guhindura ubuzima bwiwe. Naciye ndamubwira ko nari maze imisi 20 ndamusengera kandi ko n'imbere y'aho nari naramushize ku rutonde rw'abo nsengera. Yakubiswe n'inkuba kuko yumvise neza na neza ko yatanguye kwumva umuhamagararo w'Imana muri ico gihe nyene.

Ibirori vy'umubatizo, vyabaye ibihe vyo kwuzura Mpwemu vyaramukozeko vyimbitse. Igihe Pasitori yagira umuhamagararo narumva k'uwo mugenzi wanje yariko aragwana intambara imbere muri we. Impera n'imperuka yahereje kugwa ku mavi yiwe arira. Yari yongeye kwiyegurira Imana kundi gusha! Ku mugoroba bwije, yarambariyeko yari yafashe ingingo yo kwongera kwama aja gusenga kandi akareka Imana ikaba ariyo ihindura ubuzima bwiwe. Ntiyari yigeze ziyumvira kw'indwi yorangira bimubereye uko.

Mu ndwi nke zakurikiye twahuriye mu gikorane catunganirijwe abasore ico naco caramuteye intege congera kiramwubaka kurushiriza. Ndashimira Imana kubw'iyoyi ncuti yanje nkunda yongeye kugaruka!" M.H.

ISHENGERO RYA LUDWIGSBURG/BADEN- WURTTENBERG/D

Ubwambere twize igitabo c'imisi 40 turi babiri babiri, ivyo twabonye vyatubereye umugisha cane. Hanyuma twatunganiye amakoraniro yo gusenga abiri ku ndwi kundwi kw'ishengero aho twasomeye igitabo hamwe n'abizera. Muri ico kiringo c'imisi 40 Imana yaraduhezagiye, iranatuyobora kandi twobonye ibitangaza vyinshi! Imana yaradusubijemwo ubuzima nk'ishengero: Abizera bari basanzwe batekereje badashobora gushingira intahe ukwizera kwabo batanguye ubwo nyene gutumbera barabigisha. Biciye mu masengesho twagiriye hamwe Imana yakomeje kuduha! Kubwo gusabira abandi, twasabira abantu batanu batanu, mu ntumbero y'imisi 40, twabaye mu bihe bidasanzwe. Ibihe vyinshi, birashika kw'abantu bohanze baza bukwi na bukwi mw'ishengero ryacu kw'isabato mu gatondo. Umwe muri iyo miryango ukurikirana ivyigwa vya Bibiliya. Abagize uwo muryango bamenye Isabato biciye ku buhinga ngurukana bumenyi "Internet" hamwe n'igitabo *Intamabara Ihambaye* kandi bari bamaze igihe barondera ahoba ishengero." *Katja na Christian Shindler, Ishengero ry'Abadventiste rya Ludwigsburg/Allemagne.*

IBISHINGANTAHE KU "MISI 40"

"Vyose vyatanguranye n'ikarishabwenge *Intambuko ku yindi dushikire IVUGURURA mu vya Mpwemu*. Yansizemwo icipfuzo co kubana n'Imana ku musu ku musu. Hanyuma numvise bavuga ivy'imisi 40 yo kwiharerana n'Imana no gusenga. Kuri jewe vyari vyumvikana. Naripfuzaga cane kuba muri ivyo bihe. Sinarinzi vy'ukuri ico vyerekezako. Ntivyangoye guhitamwo uwo tuzofashanya mu masengesho. (Cari kimwe mu bigize integuro) Ariko kuri jewe cambereye ikibazo kuronka imisi yose umwanya ubereye kuri twebwe twempi kandi ivyo kumara imisi 40. Nsanzwe ndi umuforoma, ivyo bituma uburyo bwo gukoresha umwanya wanje kenshi usanga buhindagurika. Sinari navyiyumviriyeko. Imana yarahazagiye ingingo yanje kuva mu ntango nubwo vyari bimeze uko. Buri musu, narindirana igishika

cinshi iyo minota mike idasanzwe y'ikiyago n'isengesho rishimitse dusaba kwuzuzwa Mpwemu Yera. Twarabonye kw'isengesho ryagize ubwaku mu buzima bwacu kandi ntidushobora kureka kubwira abandi ivyatubayeko. Uko akaryo kabonetse twumva duhatirwa gushingira abandi intahe.

Vyari ngira kamaro kuri jewe guhimiriza abandi ngo bakore nk'uko nakoze. Inkurikizi ntizatevye. Benshi mu banyeshengero "twarabandukije". Iyindi mirwi ya babiri babiri yaratunganiye. Buri ndwi twama tunezerejwe no gusabikanya ibishingantahe. Benshi murwaruka rwacu nabo nyene barafashwe n'uwo "mugera". *Imisi 40* yahinduka nk'ubusa; ntitwashaka kandi ntitwashobora guhagarika. Twarabandanyije ibihe vyacu vyo kwiga ijambo ry'Imana dukoresheje igitabo citwa "*Maranatha*": *Umwami araje* ca Ellen White.

Umwami ntiyaturetse ngo turindire igihe kirekire. Muri ico kiringo c'*imisi 40* nyene, yaduhaye inyishu nziza cane ku masengesho yacu: hari umuntu yari amaze igihe kirekire yahevyeye Imana kandi twari twaramusengeye yarongeye aradusanga. Twagize umunezero mwinshi cane. Numva nitwararitse cane abantubaturutse. Icipfuzo canje co gusabikanya nabo urukundo rw'Imana cariyongereye. Ubuzima bwanje bwarahindutse. Twarize kwegerana cane no gutahurana. Benshi muri twebwe baritaho ubuzima bw'abandi kandi bakabafasha. Kuri jewe "ugushikirana" vyagize iyindi nsiguro.

Igitabo ca Dennis Smith (*Imisi 40 yo kwiharerana n'Imana no gusenga*) caramfashije cane rwose. Biroroshe cane gusumba uko tuvuyiyumvira guhitamwo umugenzi dufatanye isengesho kandi tugashira Imana mu buzima bwacu. Abantu dufise ku mutima bazobidushimira."

(*Hildegard Welker, Ishengero ry'Abadventiste rya Crailsheim/Allemagne, n'umuforoma akorera cumba bakoreramwo abarwayi "Bloc operatoire"*)

YESU, AKARORERO KACU

Umwami wacu Yesu niwe karorero kacu karuta utundi twose mu bintu vyose. Muri Luka 3:21-23, dusoma aya majambo ngo: "*Nukw'abantu bose babatijwe, na Yesu ahejeje kubatizwa, arikw'arasenga ijuru rirakinguruka, maze Mpwemu Yera aramanuka amugwako afise ishusho y'umubiri isa n'inuma; ijwi riva mw'ijuru, riti ni wewe Mwana wanjye nkunda akampimbara.*"

Ellen White avuga kuri ivyo vyabaye amajambo akurikira: "*Mu kwishura isengesho Yesu yari yasenze Se wo mw'ijuru, ijuru ryarugurutse, hanyuma mpwemu Yera amumanukirako afise ishusho y'inuma aguma kuri we.*" E.G. White, *Vous recevrez une puissance*, p.14

Ivyagiye bishika mu gihe c'igikorwa ciwe biratwigisha: "*Buri gatondo, yavugana na Se wo mw'ijuru. Buri musu yabatizwa umubatizo mushasha (kwibizwa) muri Mpwemu Yera.*" E.G. White, *Signs of The Times* (www.egwritings.org), 21 nov. 1895

Namba Yesu yari akeneye kwuzuzwa Mpwemu Yera buri musi, mbega ntibirushiriza kuba nkenerwa kuri twebwe?

Mpwemu Yera n'umuyobozi wacu w'igitangaza mu bihe vyose vy'ubuzima kandi n'isoko y'inkomezi nk'uko itunga ry'ubuntu bwiwe riri.

Arahindura kamere yacu kugira ngo atugire ibikoresho bihinguwe mu gikorwa dukorera Imana. Ukumwishikanira ku musi ku musi hamwe no kwibizwa kwacu muri Mpwemu Yera bizogira ingaruka y'ukuri mu buzima bwacu.

Umwami ashaka kudutegurira igihe gihambaye cane gusumba ibindi ca kahise k'iyi si yacu. Ashaka ko tuba twiteguriye ukugaruka kwiwe kandi ko kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera, tugira uruhara mu kurangiza igikorwa c'ivugabutumwa. Ashaka kutuyobora mu ntsinzi mu bihe bigoye biturindiriye.

Ni mwemere mwiyezurire Yesu buri musi maze mureke mpwemu Yera abuzure buri gatondo, hanyuma mwemere akaganuke k'IVUGURURA n'ivugurura ry'umwe wese.

Ngomba guhereza ku gisomwa n'isengesho dusaba kw'IVUGURURA:

“Maze abantu banje bitirirwa izina ryanje ni bicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka inzira zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw'ijuru mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo.”(2Ngoma7:14)

Isengesho: Data, duhe guca bugufi (Mika 6:8). Nshiramwo icipfuzo gikomeye co gusenga n'ico kurondera mu nyonga hawe. Duhe umutima wo kuva mu nzira zacu mbi kandi udushoboze kubikora. Dushiremwo wewe nyene ibikwiriye kandi utwishure nk'uko amasezerano yawe ari. Tubabarire ivyaha vyacu kandi udukize kuba akazuyazi canke ukutizigirwa kwacu. Dufashe kugira ngo twiyezurire Yesu buri gatondo kandi turonke Mpwemu wawe Yera kubwo kwizera.

Ameni.

“IVUGURURA tworyiyumvira gusa nk'inyishu y'isengesho.”*E.G.White, Messages Choisis Voll, 141.1*


“Umubatizo wa Mpwemu Yera usa n'umwe wo kuri Pantekote uzozana IVUGURURA mw'idini ry'ukuri kandi bizokurikirwa n'ibikorwa vyinshi kandi vyiza.”*E.G.White, Messages Choisis Vol 2.p.65*

Impanuro yo kwiga

Niba bishoboka, soma iki gitabo incuro zitandatu. Ivyigwa vyakozwe mu vy'inyigisho vyerekanye ko dukwiye gusoma canke kwumva hagati y'incuro 6 na 10 ibintu bihambaye kugira ngo ubitahure neza.

Ibirimwo

0. INTANGAMARARA.....	4
1. AKAGANUKE KARUTA UTUNDI KA YESU.....	6
2. NI IYIHE NKOMOKO Y'INGORANE ZACU.....	13
3. HARIHO INYISHU KU NGORANE ZACU.....	29
4. UBUZIMA BWACU BUZOHINDUKA MU BIKI NI TWABUBANAMWO NA MPWEMU YERA?.....	40
5. URUFUNGURUZO RW'ISHIRWA MU NGIRO.....	54
6. IBISHINGANTAHE.....	65



**INTAMBUKO KU YINDI DUSHIKIRE
IVUGURURA
MU VYA MPWEMU**

**KUBA WUZUYE MPWEMU
YERA**

**HELMUT
HAIREH**